ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА
АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

ТУРДЫБАЕВ ҚОНАҚБАЙ КЕЎЛИМЖАЕВИЧ

# ДИДАКТИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАР – РУЎХЫЙ БАЙЛЫҒЫМЫЗ

**НӨКИС**

**Турдыбаев Қонақбай. Дидактикалық шығармалар - руўхый байлығымыз. Монография.**
**Нөкис,**

***Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Илимий кеңеси тастыйықлаған.***

Филология илимлериниң кандидаты Қонақбай Турдыбаевтың бул монографиясында XIX әсир қарақалпақ әдебиятындағы дидактикалық қосықлардың жанрлық өзгешеликлери менен раўажланыў тарийхы сөз етилген. Бул жанрдың тарийхый дәреклери халық қосықларына, нақыл-мақаллары менен терме-толғаўларына, сондай-ақ орта әсирдеги диний әдебиятлар менен шығыс халықлары әдебиятына барып ушласады. Автор усы тийкарда XIX әсир қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларын халық дидактикасы ҳәм шығыс поэзиясындағы дидактикалық шығармалар менен салыстырып үйренип, олардың өз ара уқсаслығы менен өзгешелигин ашып көрсетеди.

Изертлеўде Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш шайырлардың дөретиўшилигинде дидактикалық қосықлардың тутқан орнына, олардың дидактикалық көзқарасларының идеялык ҳәм тарийхый тамырларын ашып береди. Сондай-ақ автор қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларының лириканың бир жанры сыпатында қәлиплесиў ҳәм раўажланыў жолларына, идеялық ҳәм көркемлик өзгешеликлерине илимий-теориялық жуўмақ жасайды.

Китаптан илимий хызметкерлер, аспирантлар, студентлер ҳәм магистрантлар кеңнен пайдаланыўы мүмкин.

Сондай-ақ, бул китаптан орта мектеплер менен академиялық лицей оқытыўшылары ҳәм оқыўшылары қосымша оқыў қолланбасы сыпатында пайдаланыўына болады.

Жумыс Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң қарақалпақ әдебияты тарийхы ҳәм фольклоры кафедрасында орынланған.

**Илимий редактор - филология илимлериниң докторы Қ.Жәримбетов.**

**П и к и р   б и л д и р и ў ш и л е р:**

**Ҳамидов Ҳ.** - Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы академиги, филология илимлериниң докторы, профессор, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери;

**Оразымбетов Қ.**- филология илимлериниң докторы, профессор.

# КИРИСИЎ

Ҳәр тәреплеме раўажланған кәмил инсанларды жетилистириўде дидактикалық көркем шығармалардың әҳмийети оғада үлкен. Өйткени дидактикалық идеялар, дидактикалық ой-пикирлер руўхый дүньямызды байытып, бизди кәмилликке қарай жетелейди.

Өткендеги уллы данышпанларымыздың бири Имам Ал-Бухарий өз нәсиятларының биринде «Әдеп-икрамлылықтың жақсы болыўы, тағамның тазалығы, расгөйлик ҳәм аманатқа қыянет қылмаслық - мине усы төрт қәсийетти Алла таала саған берген болса, дүньялық ислерден шетте қалған болсаң да зыяны жоқдур»[1] -деп жақсы пазыйлетлерди барлық нәрседен үстин қояды.

Президентимиз И.Ә.Кәримов: «Үлкенлерди ҳүрмет етиў, шаңарақ ҳәм перзентлерге ғамхорлық етиў, ашық кеўиллик, миллетиниң ким болыўына қарамастан адамларға қайырқомлық пенен мүнәсибетте болыў ҳәм өз ара жәрдем туйғысы, адамлар арасындағы қарым-қатнас нормасы есапланады»[2] -деп адамлардың өз ара бир-бирине болған меҳир-муҳаббатын ҳәм әдеп-икрамлылық қатнасларын улығлап көрсетеди.

Қарақалпақ халқының аўызеки дөретпелеринде ҳәм белгили сөз шеберлериниң дидактикалық шығармаларында, сондай-ақ дүнья халықларының аўызеки ҳәм жазба мийрасларында социаллық турмыс, жәмийетлик қубылыслар ҳәм қатнаслар, сондай-ақ жеке адамның жәмийетте тутқан орны, дүньяға болған көзқараслары, әдеп-икрамлылық ҳәм адамгершилик пазыйлетлери менен азаматлық ўазыйпалары көркем сәўлелендириледи.

Қарақалпақ әдебиятында дидактикалық шығармалардың пайда болыўы ҳәм қәлиплесиў жоллары узақ дәўирлерди өз ишине алады. Халық аўызеки әдебиятындағы нақыл-мақалларда, терме, толғаўларда, XIV-XVIII әсирлер-

[1] Имом Исмоил Ал-Бухорий.Ал-адаб ал-муфрат. – Тошкент: 1990, 94-б.
[2] Каримов И. А. Ўзбекистоннинг ўз истиқлоли ва тараққиёти йўли. -Тошкент: Ўзбекистон, 1992, 11-б.

деги жыраў-шайырлар мийрасларында ҳәм халық дәстанларында толып атырған ақыл-нәсият үлгилери XIX әсирдеги қарақалпақ жазба әдебиятының көрнекли ўәкиллери Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш ҳ.т.б. шайырлардың әжайып дидактикалық қосықларының дөретилиўине тәсир жасамай қалмады. Сондай-ақ классик шайырларымыз сол дәўирде халық арасына кеңнен тараған шығыстың ойшыл шайырлары Ахмет Яссаўийдиң, Саадийдиң, Фердаўсийдиң, Наўайының, Физулиниң, Мақтымқулының ҳ.т.б. дидактикалық әдебият үлгилерин қунт пенен үйренип, олардан руўхый азық алды.

Нәтийжеде XIX әсирдеги жазба әдебиятымызда пайда болған дидактикалық (ақыл-нәсият) қосықлардың өз алдына лирикалық жанр сыпатында қәлиплесип раўажланғанлығын Күнхожаның «Неге керек», «Керек маған», «Жетимниң ҳақын жеп қойма», «Бара алмас», «Ел менен», Әжинияздың «Болурмы», «Нәсийҳат», «Ҳәр жерлерде дилгир мүтәж болсаңыз», «Ҳәр ким ҳатам болур паний дүньяда», «Керек», «Жигитлер», «Болмас», «Ҳәр кимсениң яры болса», «Бәрше бирдей болған емес», «Керекти», «Аржағында болмағанша», Бердақтың «Халық ушын», «Жақсырақ», «Ким айтар», «Қашан рәҳәтланадурсаң», «Билгейсиз», «Надан болма», «Балам», «Екен», «Ойланба», Өтештиң «Дәркар», «Қарыз алма», «Ур», «Болар» ҳ.т.б. қосықлары мысалында көриўимизге болады.

Бүгинги демократиялық ҳәм пухаралық жәмийетти қурып атырған бир дәўирде классик шайырлардың дөретиўшилигинде сәўлеленген демократиялық идеялар менен бирге адамзатты жоқары адамгершилик руўхында тәрбиялаўға бағдарланған дидактикалық (ақыл-нәсият) ой-пикирлерге толы шығармаларына идеялық-тематикалық, көркем-эстетикалық таллаўлар жасап, олардың жанрлық өзгешелиги менен раўажланыў тарийхын ҳәр тәреплеме терең үйрениў үлкен әҳмийетке ийе мәселелердиң биринен есапланады.

XIX әсирдеги қарақалпақ классикалық әдебиятының көрнекли ўәкиллери Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш шайырлардың

дөретиўшилигинде дидактикалық (ақыл-нәсият) қосықлардың белгили орын тутқанлығы ҳаққында Н.Дәўқараев, И.Сағыйтов, Н.Жапақов, А.Муртазаев, Қ.Байниязов, К.Мәмбетов, Ҳ.Ҳамидов, А.Пахратдинов, А.Пирназаров, К.Қурамбаев, Б.Қәлимбетов, А.Каримов, Қ.Жәримбетов ҳ.т.б. өз мийнетлеринде улыўма бағдарда сөз етеди. Бирақ қарақалпақ әдебияттаныў илиминде дидактикалық қосықлардың жанрлық қәсийети, пайда болыў ҳәм қәлиплесиў жоллары, әдебиятымызда тутқан орны өз алдына арнаўлы изертленбеди.

Усы жағдайлардан келип шығып биз бул изертлеў жумысымызда қарақалпақ әдебияттаныў илиминде оғада аз сөз етилген XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятында дидактикалық (ақыл-нәсият) қосықлардың жанрлық, тематикалық, көркемлик өзгешеликлерин ҳәр тәреплеме тереңирек үйрениўди мақсет еттик.

Әлбетте, классик шайырларымыздың дидактикалық қосықлары өз-өзинен пайда болған жоқ. Олардың сағалары халық нақыл-мақалларынан, термелери менен толғаўларынан, қала берсе шығыс халықлары әдебиятындағы дидактикалық шығармалардан басланады. Сондай-ақ усы жумысымызда биз классикалық әдебияттағы дидактика жанрының қәлиплесиўине, раўажланыўына идея-тематикалық, көркем-эстетикалық жақтан унамлы тәсир жасаған факторларды, шараятларды ашыўға ҳәрекет еттик.

Изертлеў барысында көрнекли әдебиятшылар ҳәм фольклор изертлеўшилери болған В.М.Жирмунский, Л.И.Тимофеев, Г.Л.Абрамович, Г.Н.Поспелов, А.А.Валитова, И.Султанов, Н.Маллаев, Н.Хотамов, Б.Саримсақов, Ҳ.Хамидий, Ш.Абдуллаева, А.Хабибуллаев, У.Тўйчиев, С.Тураев, С.Гаррыев, З.Ахметов, З.Қабдолов ҳ.т.б. ой-пикирлери теориялық тирек болып хызмет етти. Сондай-ақ қарақалпақ әдебиятшылары менен фольклоршыларынан Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, И.Сағыйтов, М.Нурмухамедов, С.Ахметов, Қ.Мақсетов, К.Мәмбетов, А.Каримов,

Ҳ.Ҳамидов, Ә.Тәжимуратов, С.Баҳадырова, К.Қурамбаев, А.Пирназаров, А.Пахратдинов, Ю.Пахратдинов, Қ.Байниязов, Т.Мәмбетниязов, Қ.Жәримбетов, К.Алламбергенов, Б.Генжемуратов, Қ.Оразымбетов ҳ.т.б. илимпазлардың илимий мийнетлерине тәжирийбе сыпатында сүйендик.

Илимий изертлеўдиң жуўмақлары XIX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхын жаңадан жазыўда илимий-теориялық дәреклер болыў менен бирге ҳәзирги жас әўладты әдеп-икрамлы, руўхый дүньясы бай инсанлар етип тәрбиялаўда муғаллимлерге, мәденият тараўы хызметкерлерине, кең жәмийетшиликке илимий - методикалық қурал сыпатында да хызмет етеди деген үмиттемиз.

# I БАП. ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНДА ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ҲӘМ ҚӘЛИПЛЕСИЎ ЖОЛЛАРЫ

## 1 - БӨЛИМ. ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНДА ДИДАКТИКАЛЫҚ ЖАНРДЫҢ ТАРИЙХЫЙ ДӘРЕКЛЕРИ

XIX әсирдеги қарақалпақ әдебияты сиясий, азаматлық (граждsuccessful) , философиялық, публицистикалық, юмор-сатиралық, муҳаббат, дидактикалық (ақыл-нәсият) ҳ.т.б. лирикалық қосықлар менен эпикалық шығармаларға (дәстанларға) бай болды. Қарақалпақ жазба поэзиясын усы мазмундағы лирикалық қосықлар менен байытқан классик шайырларымыз Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтештиң дөретиўшилигинде дидактикалық (ақыл-нәсият) қосықлар жетекши орынды ийеледи.

Қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларының тарийхый дәреклери жөнинде пикир жүргизгенде биринши гезекте лирикалық жанрлар, қала берсе, әдебий жанрлар бойынша улыўма әдебияттаныў илими тәрепинен ислеп шығылған теориялық пикирлерди есапқа алыў талап етиледи.

Ерте дәўирлерден баслап-ақ Аристотельдиң «Поэтика» мийнетинде көркем әдебият шығармаларын сүўретлеў өзгешелигине қарай отырып «Эпос», «Лирика», «Драма» сыяқлы үлкен үш түрге бөлип үйрениў баслы бағдар етип алынған болса,[1] бул бағдарды соңынан Ф.Гегель «Эстетика»,[2] В.Г.Белинский «Поэзияның теклерге ҳәм түрлерге бөлиниўи»[3] мийнетлеринде өзлериниң теориялық изертлеў принциплери бойынша даўам етеди.

Әдебияттың түр ҳәм жанрларға бөлиниў мәселеси соңғы дәўирлерде көрнекли теоретиклер Л.И.Тимофеев, Г.Л.Абрамович, Л.В.Чернец,

[1] Аристотель. Поэтика. – Тошкент: Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъати нашриёти. 1980.
[2] Гегель. Эстетика. В IV томах. – Москва: Исскуство. 1971. Т. 3.
[3] Белинский В.Г. Собранные сочинение. Т. 2. - Москва: 1948.

Г.Н.Поспелов, В.Е.Хализев ҳ.т.б теориялық мийнетлеринде ҳәр тәреплеме терең изертленди.

Улыўма Шығыс ҳәм өзбек әдебиятының түр ҳәм жанрлары мәселеси, соның ишинде өзбек лирикасын тутас ҳәм айырым жанрларын бөлип алып изертлеўлер И.Султан, Т.Бабаев, У.Туйчиев, Н.Шукуров, М.Ибраҳимов, О.Носиров, Р.Арзыбеков, Х.Умуров ҳ.т.б илимпазлар тәрепинен әдебият теориясы менен әдебияттаныў илимине арналған мийнетлеринде әдеўир дәрежеде ислеп шығылды.

Усы әдебият теоретиклериниң көпшилиги (Г.Н.Поспелов,[1] Л.В.Чернец,[2] В.Е.Хализев,[3] У.Туйчиев[4]) әдебий шығармаларды жанрларға жиклегенде (классификациялағанда) олардың форма ҳәм мазмун өзгешелигине үлкен итибар берип қарайды.

Мысалы, Г. Н. Поспелов өзиниң «Әдебияттың тарийхый раўажланыў проблемасы»на («Проблемы исторического развития литературы») арналған мийнетинде улыўма әдебий жанрларды жанрлық формалар (жанровые формы) ҳәм жанрлық мазмун (жанровое содержание) деп бөлип үйренеди, өз гезегинде лирикалық шығармалардың мазмуны жағынан жәмийетлик-тарийхый, ақыл-нәсият (дидактикалық), ышқы-муҳаббат (романические) сыяқлы жанрлық түрлериниң бар екенлигин Батыс Европа ҳәм рус поэзиясы тийкарында таллаў жасайды.[5]

Әдебий жанрларды мазмун ҳәм форма жағынан бөлип үйрениў Л.В.Чернецтиң, У.Туйчиевтиң ҳәм В.Е.Хализевтиң теориялық мийнетлер-инде де даўам етиледи.

Сонлықтан қарақалпақ илимпазы Қ.Жәримбетов XIX әсирдеги қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлерин, басқада поэтикалық мәселелерин изертлеўге арналған фундаменталь мийнетинде белгили

---

[1] Поспелов Г. Проблемы исторического развития литературы. – Москва: Просвещения. 1972.
[2] Чернец Л.В. Литературные жанры. Проблемы типологии и поэтики. – Москва: МГУ. 1982.
[3] Хализев В.Е. Теория литературы. – Москва: Просвещения, 2000.
[4] Адабий турлар ва жанрлар. уч жидлик. II жилд. – Тошкент: ФАН. 1992.
[5] Поспелов Г. Проблемы исторического развития литературы. – Москва: Просвещения. 1972.

теоретиклердиң пикирлерине сүйене отырып, XIX әсирдеги қарақалпақ лирикасына тән болған әҳмийетли мәселелердиң бетин ашады. «...Шығармаларды мазмун, тематика, проблематика қәсийетлери тийкарында топарларға ажыратқанда оларға жәмийетлик-тарийхый көзқараслардан жантасыў талап етиледи. Бул принципке сүйенгенде әдебий шығармаларды тарийхый мазмундағы, философиялық, ақыл-нәсият, сатиралық деп шәртли түрде жәмийетлик-тарийхый мазмун бойынша бөлиў мүмкин. Бул жанрлар әдебияттың үш түринде де - эпоста, лирикада, драмада да ушырасады. Мысалы, философиялық лирика, ақыл-нәсият лирикасы, публицистикалық лирика, элегиялық лирика ҳ.т.б. Усы атамадағы жанрлар эпос ҳәм драмада да бар (мысалы, ақыл-нәсият драмасы, ақыл-нәсият романы ҳ.т.б.)

Көркем шығармаларды жанрларға бөлиўдиң және де бир тәртиби - бул шығармаларды формалық белгилери, қәсийетлери бойынша ажыратыў. Бул жағдайда шығармалардың әмелий (техникалық) таманларына баслы дыққат бериледи. Мысалы, Шығыс лирикасында ғәззел, рубайы, мурабба, мухаммес, мусаддас ҳ.т.б. батыс лирикасында канциона, сонет, октавалар өз ишине күтә көп әмелий яки техникалық қәсийетлерди ҳәм белгилерди жәмлейди,[1] - деп жазады.

Егер де жоқарыдағы әдебият қәнигелериниң теориялық пикирлерин есапқа алатуғын болсақ, XIX әсирдеги қарақалпақ поэзиясында Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш шайырлардың лирикасында ушырасатуғын ғәззел, рубайы, тәрип, арнаў, мурабба, мухаммес қосықларын форма жанрларына, ал сиясий, азаматлық, философиялық, публицистикалық, юмор сатиралық, дидактикалық, муҳаббат қосықларын мазмун жанрларына жатқарыўға болады.

XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары дөреткен дидактикалық қосықлардың мазмун жанрына киретуғынлығын, және де усы мазмундағы

[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. - Нөкис: Билим. 2004. 25-б.

шығармалардың фольклорда, классикалық әдебиятта, қала берсе, Шығыс әдебиятында да белгили орын тутқанлығын қарақалпақ поэзиясы бойынша қунлы мийнетлер дөреткен алым С.Ахметов былайынша белгилеп өтеди: «Дидактикалық поэзия (грек сөзи, нәсиятлық поэзия) мазмунынан мораль, нәсият аңласылатуғын шығарма. Бундай шығармаға қарақалпақ фольклоры, сондай-ақ революцияға шекемги қарақалпақ поэзиясы мейлинше бай: ақыл айтыў, үлги боларлық пикир билдириў уллы талант ийелериниң бир характерли сыпаты.

Қайсы халықтың әдебияты болмасын өзиниң анаў ямаса мынаў раўажланыў басқышында дидактикаға соқпай өте алмайды. Әсиресе, бул Шығыс әдебиятында күшли болды. Уллы ойшыл шайырлар Фирдаўсий, Низамий, Наўайы, Саадий, Мақтымқулы, Абай ҳәм Бердақлардың шығармаларында дидактикаға кең орын берилген».[1]

Әлбетте, қарақалпақ шайырларының дидактикалық мазмундағы қосықларының тарийхый дәреклерин ҳәм жанрлық қәсийетлерин анықлаўымыз ушын әдебияттаныў илими ҳәм әдебияттаныў терминлери сөзликлериндеги «дидактикалық әдебият», «дидактикалық поэзия» түсиниклерине тоқтап өтиў зәрүрлиги келип шығады.

Бул мәселеге жергиликли ҳәм туўысқан халықлардың әдебиятшы алымлары да үлкен әҳмийет берип қарайды. Мысалы, орыс әдебияттаныў илиминиң тийкарын салыўшы уллы сыншы В.Г.Белинский: «Олардың (дидактикалық шығармалардың - Т.Қ.) көркем поэзия шығармалары менен улыўма жақын тәрепи соннан ибарат, олар өли ҳәм суўық пәмнен емес, ал тири ҳәм жанлы йоштан келип шығады, поэзиядан оның барлық бояўларын алады, адамның қәлбине (жүрегине) улыўма абстракт идеялар менен емес, ал образлар менен киреди»,[2] - деген пикирлери менен дидактикалық шығармалардың мәзи қурғақ ойдан емес, конкрет турмыс ҳәдийселеринен,

[1] Ахметов С. Әдебияттаныў терминлериниң қысқаша сөзлиги. - Нөкис: Қарақалпақстан. 1972. 47-48-б.
[2] Белинский В.Г. Собранные сочинение. Т.2 - Москва: 1948. стр 62.

адамлар өмиринен алып жазылатуғынлығына үлкен дыққат аўдарған. «Дидактикалық әдебият (грекше didacticoc - ақыл-нәсият әдебияты, үлги алғандай) - ақыл-нәсият әдебияты илимий, философиялық, мораллық (әдеп-икрамлылық), диний ҳ.т.б. билим ҳәм идеяларды көркем формада сәўлелендиреди.

Дидактикалық әдебият өзиниң қурамына ҳәр қыйлы жанрлардағы шығармаларды: дидактикалық эпос (қосық пенен жазылған тәлим-тәрбиялық поэмалар, аллегориялық (астарлы) эпос), баянлаў усылындағы үлкен көлемдеги (ақыл-нәсият повести) ҳәм киши көлемдеги (тымсал, гүрриң), дидактикалық лирика (қосық, терең мәнили сөзлер, ақыл-нәсиятлар, хатлар), дидактикалық драма ҳ.т.б. қамтыйды.

Дидактикалық әдебияттың дәреклери ерте дәўирдеги аўызеки әдебияттың раўажланыўы менен фольклорда (нақыл-мақалларда, тымсал, аңызларда, халықтың сатиралық қосықларында), сондай-ақ диний ўәсиятлар, ақыл-нәсиятлар ҳәм шешенлик өнеринде де болған».[1]

Белгили орыс теоретиги Г.Н.Поспелов өткендеги антик грек шайыры Гесиодтың «Жумыслар ҳәм күнлер» поэмасы менен орта әсирдеги француз әдебиятында аллегориялық формада жазылған «Роза ҳаққында роман» поэмасын «Әдеп-икрамлылықты сүўретлеўши поэмалар» (нравоописательные) деп атайды[2].

... Ҳиндлердиң ертедеги «Қалила ҳәм Димна», Х әсирде жасаған араб жазыўшысы Ибн Ҳазманың «Кептерлер дизбеги» атамасындағы муҳаббат ҳаққындағы трактаты, Х-ХV әсирлер аралығында парсы-тәжик әдебияты классиклериниң дидактикалық шығармалары: Насыр Хысраўдың «Ағартыўшылық китабы», Омар Ҳайямның «Төртликлери», Саадийдиң «Гүлистан» ҳәм «Бостан» атамасындағы әдеп-икрамлылыққа нәсиятлаўшы гүрриңлер ҳәм қосықлар топламы, Жалалатдин Румийдиң «Мәснавий»лери,

[1] Краткая литературная энциклопедия. Т-2. – Москва: Советская энциклопедия. 1964. стр. 674.
[2] Поспелов Г. Проблемы исторического развития литературы. – Москва: Просвещения, 1972. стр. 165-166.

Абдурахман Жамийдиң «Бахарстан»ы, XII әсирдеги әзербайжан шайыры Низамийдиң «Жетилик», «Беслик» («Ҳамса») топламлары, Наўайының «Беслик» («Ҳамса») топламлары дидактикалық, философиялық, әдеп-икрамлылық шығармалары болып табылады[1].

Өзбек әдебиятының тарийхы бойынша бир неше қунлы мийнетлер дөреткен белгили алым Н.М.Маллаев XI әсирдиң атақлы шайыры Юсуф Хас Хажибтың «Қутадғу билиг»ин дидактикалық шығарма деп атайды. Және де панднама, нәсиятнама түриндеги шығармалары XI әсирдиң басқа да авторлары тәрепинен жазылған «Сиясатнама» (1077, Низамул-мулк шығармасы), «Қабуснама» (1082, Қайқаўыстың) ҳ.т.б. Сондай-ақ, бундай шығармалар басқа халықлар әдебиятында да көп болған. Мысалы, орыс әдебиятында «Поучение Владимра Мономаха» шығармасы дидактикалық шығарма[2] - деп жазады. Ал өзбек алымлары Ҳ.Ҳамидий, Ш.Абдуллаева, С.Ибраҳимовлар: «Дидактикалық поэзия» (грекше-didacticoc «ибаратлы» сөзинен) китап оқыўшысының аңсат ғана еслеп қалыўын нәзерде тутып, илимий ҳәм әдеп-икрамлылық қағыйдаларды, педагогикалық пикир ҳәм нәсиятларды поэзиялық формада баян еткен шығармалар. Мәселен, Юсуф Хас Хажибтиң «Қутадғу билиг» дәстаны, Әлишер Наўайының өз дәўириндеги алдыңғы әдеп-икрамлық, тәлим-тәрбиялық пикирлерин поэзиялық формада баян еткен «Хайратул-абрар» дәстаны дидактикалық поэзияның үлгиси,[3] - деп атайды.

Жоқарыда келтирилген теориялық әдебиятлардағы «дидактикалық поэзия» «дидактикалық әдебият» түсиниклери бирин-бири толықтырып отырады. Лекин «дидактикалық әдебият» түсиниги оғада кең мәниге ийе. Ол өз ишине дидактикалық мазмундағы прозалық, поэзиялық, драмалық шығармаларды қамтыйды. Дидактикалық әдебият қайсы жанр үлгисинде

[1] Краткая литературная энциклопедия. Т.2. – Москва: Советская энциклопедия. 1964. стр. 675.
[2] Маллаев Н. Ўзбек адабиёти тарихи. Т.1. – Тошкент: Ўқитувчи. 1976. 114-б.
[3] Хамидий Х., Абдуллаева Ш., Ибрагимова С. Адабиётшунослик терминлари луғати. – Тошкент: Ўқитувчи 1969. 54-б.

жазылыўына қарамастан, олардың мазмунынан бирдей идеядағы түсиниклер келип шығады. Бул ҳаққында Әлишер Наўайының «Маҳбубул-қулуб» шығармасының жанрлық өзгешелигин изертлеген алым А.Ҳабибуллаевтың кандидатлық диссертациясынан мынадай бай мағлыўмат алыўға болады: «Ҳәзирги Орта Азия, Иран ҳәм Аўғаныстан территориясында» (аймағында) жасаўшы халықлар әдебияты тарийхында «дидактикалық әдебият» деген түсиникке дидактикалық поэмалар, өз балаларына ўәсиятлар, философиялық, дидактикалық характердеги шығармалар, ҳәр қыйлы нәсият ҳәм ўәсиятлардан ибарат ғәззеллер, астарлы (тымсаллық) ҳәм аңыз сөзлер, нақыл-мақаллар, трактатлар киреди.

Дидактикалық әдебиятқа, сондай-ақ өтмиш әдебияттаныўында нәсиятнама (нәсиятлар китабы), мавизатнама (диний нәсиятлар китабы), ўәсиятнама (ўәсиятлар китабы), пәнднама (ақыл-нәсият китабы), китапхан әдеби (әдеп-икрамлық ҳаққында китап) деп аталған шығармалар киреди. Сондай-ақ, автор Әлишер Наўайының «Маҳбубул-қулуб» шығармасын «пәнднама» жанры деп атайды[1].

Ҳақыйқатында да, ири феодал мәмлекетлердиң пайда болыўы, жаўгершилик ҳәм тахтқа таласыўлар, урыслар, талаўшылықлар, зулымлық ҳәрекетлери, тәбият стихиясы алдындағы әззилик, көпшилик адамлардың саўатсызлығы ҳәм руўхый жақтан төменлиги панднама жанрының келип шығыўына ҳәм раўажланыўына, гейде оның усылы басқа лирикалық жанрларға да кирип барыўына алып келди, айырым жанрлар дәўир ҳәм шайыр дөретиўшилигинде жетекши бола алды[2]. Сонлықтан да, өткендеги уллы сөз шеберлери өзлери жасаған дәўирдиң социаллық ҳәм тарийхый әҳмийетке ийе мәселелери менен адамлардың әдеп-икрамлылығы мәселелерин тутас алып қарайды. Усы мәселелерден келип шығып әдеп-икрамлылық қағыйдаларына қурылған дидактикалық (ақыл-нәсият)

---

[1] Хабибуллаев А. Жанровые особенности произведения Алишера Навои «Махбубул-кулуб» (в сравнительном аспекте). Автореф. Дисс. …на соиск.уч. степ. Канд. филол. Наук. – Тошкент: 1986. 3-4-б.

[2] Адабий турлар ва жанрлар. III жидлик. – Тошкент: ФАН. 1992. II жилд. 139-б.

мазмунындағы шығармаларын дөретеди. Мысалы, көрнекли шығыстаныўшы алым Е.Э.Бертельс «Низамий ҳәм Физулий» мийнетинде уллы азербайжан шайыры Низамий Генжаўийдиң «Маҳзанул-асрар» («Сырлар ғәзийнеси») поэмасын ваьз (диний үгит, қарақалпақша ўаз) жанрына жатқарады. Бул жанр өзиниң характери бойынша ҳәр қыйлы социаллық жағдайларға сәйкес адамның әдеп-икрамлылығы ҳәм жүрис-турыс қағыйдаларының тийкарғы мәселелерин түсиндиретуғын Х әсирдиң өзинде қәлиплескен бай әдебиятқа киреди,[1] - деген пикирлерди келтирип өтеди. Ал «Өзбек әдебияты тарийхы» (Ташкент, 1977) китабының I томында «Х – ХII әсирлердеги өзбек әдебияты тематикалық көп түрлилиги, жанрлар байлығы менен дыққатты тартады. Бизиң заманымызға дейин сақланып келген мағлыўматлар Х - ХII әсирлерде алдыңғы қатардағы жәмийетлик көркем пикирлердиң раўажланыўында көбирек дидактикалық әдебият үлкен роль ойнағанлығын көрсетеди. Шығыста, дидактикалық әдебият, оның жарқын кӧриниси сыпатында дидактикалық дәстаншылықтың кең раўажланған дәўиринде Х – ХII әсирлерге туўра келеди. Шығыста феодализмниң ерте дәўирлеринен баслап дидактикаға үлкен әҳмийет бериле баслағанлығы сезиледи. Юсуп Хас Хажиб сыяқлы шайырлардың дөретиўшилигиндеги дидактика өз сағалары менен әййемги түркий традицияларға байланысады ҳәм бул жанрдың айырым жағдайларда феодаллық шараятта биринши планда раўажланыўы тосыннан болмаса керек»[2] - деген пикирлер берилген.

Ҳақыйқатында да, ертедеги «Рушнаинама (Насыр Хысраўдың «Ағартыўшылық китабы») ҳәм «Қаўыснама»лардың (Қайқаўыстың «Қаўыс китабы») авторлары өз китапларын нәсиятнама деп атаған. Фаридиддин Аттар «Пәнднама»да, Ахмет Югнакий «Ҳибатул-ҳақойиқ»та, Саадий Ширазий «Бостан» ҳәм «Гүлистан» да өз шығармаларының мақсетин нәсият, ўәсият, тәрбияда деп көрсеткен. Әлишер Наўайының «Маҳбубул-қулуб»

[1] Бертельс Е. Э. Низами и суфизм. – Москва: 1962. 200-б.
[2] Ўзбек адабиёти тарихи.V томлик. I.том. – Тошкент: ФАН, 1977. 87-б.

китабының алғы сөзинде, бул шығарма пәнднама жанрына киретуғынлығын дәлиллеўши мынандай қатарлар берилген: «Булардың ҳәммеси ҳаққында өз досларымызды ескертиўди ҳәм мүмкин болғанынша соны да исендириўди зәрүр деп таптым, ҳәр қыйлы қатламлар қалайынша жасап атырғанын ҳәм ҳәр қыйлы адамлардың жағдайлары қалай екенлигин олар билиўи керек, себеби олар ылайықлы адамлар менен қатнасып, ал арзымайтуғын адамлар менен биротала хошласыўы тийис.[1]

Өткендеги Шығыс шайырлары Низамий Генжаўийдиң «Маҳзанул-асрар» («Сырлар ғәзийнеси») шығармасы, Фаридиддин Аттардың «Пәнднама» шығармасы, Саадий Ширазийдиң «Бостан» ҳәм «Гүлистан» сыяқлы ақыл-нәсият үлгилеринде жазылған дидактикалық шығармалары ертеден баслап-ақ поэзиясы күшли раўажланған түркмен ҳәм қарақалпақ әдебиятына унамлы тәсир жасады. Усының нәтийжесинде түркмен халқының уллы шайыры Мақтымқулы ҳәм қарақалпақ шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш поэзиясының салмақлы бөлегин дидактикалық мазмундағы қосықлар қурады. Шайырлар дидактикалық қосықларының орайында турып (лирик қаҳарманы сыпатында) жеке адамға ҳәм кең жәмийетшиликке руўхый раўажланыўдың талапларына муўапық қағыйдаларды, әдеп-икрамлылық ҳәм тәлим-тәрбиялық әҳмийетке ийе ой-пикирлерди үгит-нәсият етеди. Мысалы, Мақтымқулы «Кетиўши болма» қосығында:

Кел-ҳә кеўлим, бир нәсият әйлейин,
Ўатанды тәрк етип кетиўши болма.
Нәсият алғанның ақылы зыят,
Ақыл менен кәмал табар азамат,[2] - деп жырласа,
Бердақ шайыр «Екен» қосығында:
Билгир сөзин тыңламаған,
Гәп мәнисин аңламаған,

[1] Алишер Навоий. XV томлик. Маҳбубул-қулуб. XIII том. - Тошкент 1983. 15-б.
[2] Мақтымқулы. Қосықлар. - Нөкис: Қарақалпақстан. 1984. 45-б.

Үлкеннен нәсият алмаған,
Ақылсызлық болған екен,[1]

деген лирикалық қатарларында ақыл-нәсият пикирлерине үлкен мәни берип қарайды.

«Адабиёт назарияси» китабының II томында әдебий жанрлардың өзине тән болған қәсийетлери ҳаққында мынандай пикирлер берилген: Жанрлар «ҳәрекетинде»ги әҳмийетли бир нызамды көрсетип өтиў лазым. Өмир ҳәм социаллық гүрес мүтәжликлери ҳәр сапар көркем ой-пикир алдына жаңа ўазыйпаларды қояды. Соның ақыбетинде әдебиятта жүз берген процесслер әдебий жанрлардың өз-ара орны ҳәм мүнәсибетлерине мәлим бир өзгерислерди келтирип шығарады: қайсы бир жанр өзиниң алдыңғы дәрежесин жоғалтады, қайсы бир жанрдың сапасы ҳәм салмағы және де артады, қайсы бир жанр кейинги қатарлардан биринши орынларға өтип алады.[2] Олай болса, ерте дәуирлерден баслап-ақ Шығыс халықлары әдебиятында дидактика жанры жәмийетлик қубылысларды, адамлардың жасаў жағдайларын ҳәм олардың өз-ара қарым-қатнасын, сондай-ақ жеке адамның мораллық келбетин, оның жәмийетте тутқан орнын, әдеп-икрамлылық ҳәм адамгершилик пазыйлетлерин көркем сәўлелендириўи менен жетекши орында турды. Себеби, дидактика жанры көркем әдебияттың басқа жанрларынан өзиниң идеясы-тематикасы ҳәм өзине тән көркемлик өзгешеликлери менен айрылып турады. Қарақалпақ алымлары С.Ахметов, Ж.Есенов ҳәм Қ.Жәримбетовлар «дидактикалық әдебият» тың өзине тән болған идеялық тематикалық өзгешелигине былайынша баҳа береди: «Дидактикалық әдебият» ақыл-нәсият әдебияты (грекше - didacticoc -үлгили, сабақ аларлық деген мәниске келеди). Дидактикалық әдебияттың шығармалары үгит-нәсият, ақыл-кеңес формасына ийе, олар мийнет етиўге, адамгершиликли, инсаплы болыўға, наданлықтан қутылып, билим алыўға,

[1] Бердақ Таңламалы шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан. 1987. 131-б.
[2] Адабиёт назарияси. II томлик. II том. – Тошкент: 1979. 261-б.

жаманнан қашып, жақсыға жолдас болыўға, ҳадал-ҳарамды айырыўға шақырады, үгитлейди».[1]

Жоқарыдағы әдебияттаныў терминлериниң сөзлиги китаплары ҳәм илимий изертлеўлерде «дидактикалық әдебият» пенен «дидактикалық поэзия» Шығыс халықлары әдебиятында күтә ерте дәўирлерден баслап-ақ көплеп дөретилип киятырғанлығы айтылады.

Ерте дәўирдеги түркий тиллес халықлар әдебиятында Юсуф Хас-Хажибтиң «Қутадғу-билиг», Ахмет Югнакийдиң «Ҳибатул-ҳақойиқ», Хожа Ахмет Яссаўийдиң «Ҳикметлер», Қайқаўыстың «Қабуснама», Имам Ал-Бухарийдиң «Ҳәдис» лери шын мәнисиндеги дидактикалық әдебияттың үлгилери сыпатында елеге шекем баҳаланып келмекте. Бул шығармаларында авторлар дидактикалық ой-пикирлерин көпти көрип, жасы улғайып, турмыс тәжрийбеси артып, ақыл-нәсият айтыў дәрежесине жетискен дәўирлеринде жазғанлығы сезилип турады. Мысалы, Хожа Ахмет Яссаўий өзиниң «Ҳикмет»леріндеги ақыл-нәсият пикирлерин поэзияның төрт қатарлы қосық үлгисинде былайынша баян етеди:

Дана болсаң ғәриплердиң кеўлин аўла,
Елди гезип, жетимлерге меҳир әйле,
Нәпси жаман бузықлардан мойын таўла,
Мойын таўлап, дәрья болып тастым мине.[2]

Қайқаўыс «Қабуснама» сында ақыл-нәсият сөзлерин проза түринде кеңнен баян етеди. «Дүнья-малдан жарлы болсаң да, ақылға бай болыўға ҳәрекет қыл, себеби, дүнья-мал менен бай болғаннан гөре, ақылға бай болған жақсырақ: ақыл менен дүнья табыўға болады, бирақ дүнья-мал менен ақыл табыўға болмайды».[3]

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша - қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис: Билим. 1994. 64-65-б.
[2] Ахмад Яссавий. Ҳикматлар. – Т.: Адабиёт ва санъат, 1991. 42-б.
[3] Қабуснама. Қалила ҳәм Димна. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1991. 8-б.

Ал, Имам Ал-Бухарий өз «Ҳәдис»лериндеги бир нешше ақыл-нәсият пикирлерин трактат түринде сәўлелендиреди: «Қәлбиң мулайым, талабың раўаж болыўын қәлейсең бе?. Қәлесең, жетимлерге мийриман бол, олардың маңлайынан сыйпа, өз аўқатыңнан оларға жегиз. Сонда жүрегиң жылып, талабың алға оралар»[1] ҳ.т.б. сыяқлы адамларды иймanлы, инсаплы, қайырқом болыўға тәрбиялаўшы ой-пикирлерди сәўлелендирген данышпанлардың даналық пикирлери елеге шекем өз баҳасын, өз қунын жоғалтпай киятыр.

Солай етип, жоқарыда биз көрип өткен Батыс ҳәм Шығыс халықлары әдебиятларында аты аталған дидактикалық әдебият үлгилери ерте дәўирлерден баслап-ақ өз ишине поэзия, проза, драма түриндеги бир неше жанрларды қамтыў менен бирге мазмуны бир-бирине жақын, ақыл-нәсият пикирлери үнлесип туратуғынлығы менен белгиленеди. Олай болса, басланған XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятында да дидактикалық қосықлардың әдебий жанр сыпатында туўылыўы ҳәм қәлиплесиўи тәбийий қубылыс.

Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш шайырлар өз дәўириниң алдыңғы ойшыл адамлары сыпатында жәмийетлик-тарийхый шәраятлардан келип шыға отырып, жеке адамның жәмийетте тутқан орнын, мораллық келбетин, дүньяға болған көзқараслары менен азаматлық ўазыйпаларын белгилеп бериўди ҳәм көркем сәўлелендириўди өз алдына баслы мақсет етти.

Сонлықтан да, олардың дидактикалық қосықларының мазмуны ҳәм тематикасы басқа лирикалық қосықларынан (азаматлық, муҳаббат, юмор-сатиралық, тәрип, арнаў ҳ.т.б.) усындай өзгешеликлери менен ажыралып турады.

---

[1] Муҳаммад пайғамбар қиссаси. Ҳадислар. – Т.: Камалак, 1991. 52-б.

## 2-БӨЛИМ. XIX ӘСИРДЕГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫНДА ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДЫҢ МИЛЛИЙ КӨРКЕМЛИК ДӘРЕКЛЕРИ

XIX әсирдеги қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларының тарийхый дәреклери ҳәм раўажланыўы жоллары ҳаққында пикир жүргизгенде биринши гезекте, улыўма қарақалпақ поэзиясының сағалары болған нақыл-мақаллар менен терме, толғаўларға дәслепки дәрек сыпатында тоқтап өткен мақул.

Себеби қарақалпақ фольклортаныў ҳәм әдебияттаныў илиминде нақыл-мақаллар менен терме, толғаўлар ерте дәўирлерден баслап-ақ қарақалпақ халық поэзиясының, XIX әсирдеги жазба поэзиясының, қала берсе көпшилик түркий халықлар поэзиясында лирика жанрының қәлиплесиўинде дәслепки дәрек сыпатында қаралып келсе, екиншиден, олардың мазмунында адамларды жақсылыққа, адамгершиликке, әдилликке, мийнетти сүйиўге, досты қәдирлеўге, билим алыўға, ийманлы, инсаплы, қайыр-сақаўатлы болыўға тәрбиялаўшы улыўма инсаныйлық мәселелерди кеңнен қозғаўы менен де дидактика (ақыл-нәсият) жанрының сағалары деп қараўымызға тийкар бола алады.

Қәлеген халықтың, соның ишинде қарақалпақ халқының нақыл-мақалларының да мазмуны бай ҳәм тематикасы рәңбәрең. Нақыл-мақалларды адамлар күнделикли турмыста қәлеген орында айта бериўи мүмкин, яғный нақыл-мақалды қолланбай сөйлейтуғын адамды ушыратыў қыйын. Халықта: «Нақылды бир айтпаса ақылсыз айтпайды, ақыллы адам сөзин нақылсыз айтпайды»-деген даналық пикир бар. Олай болатуғын болса, атадан балаға, әўладтан әўладқа өтиў жолы менен бизиң заманымызға келип жеткен «аталар сөзи, ақылдың көзи» не айланған нақыл-мақаллардың сыры, әҳмийети неде?-деген сораўдың туўылыўы тәбийий.

«Нақыл-мақаллар көбинесе поэтик формаға ийе болады. Сонлықтан да олар мәзи айтыла беретуғын жай сөзлердей шубалаңқы болмайды. Көпшилик сөз шеберлериниң ой елегинен өтип, шыңланып барып шыққанлықтан тили өткир ҳәм оғада көркем болады.[1]

Нақыл-мақаллар мазмуны бойынша түрли тематикаға бөлип үйренилип киятыр. Адамларды диянатлы, ақыл-парасатлы, расгөй ҳ.т.б. жақсы пазыйлетлерге тәрбиялаўда нақыл-мақаллардың тутқан орны айрықша.

Мысалы: Мәнили сөз баҳалы,
Өзи қысқа, өзи жуп,
Туўры тил тас жарады,
Бура тил бас жарады.
Айта билген шешен емес,
Айтқанды түсине билген шешен[2] ҳ.т.б. нақыл-мақаллар адамларды сөз мәнисин, оның қәдир-қымбатын аңлаўға, сөзлерди орынлы, мәнили қоллана билиўге тәрбиялаўы менен баҳалы. Мийнет темасын сөз етиўши «Мийнет етсең еринбей, тояды қарның тиленбей»,[3] жәмийетлик мораль қағыйдаларын сөз етиўши «Ҳадал кәсип аз емес, ықтыят бол ҳарамнан»[4] сыяқлы нақыл-мақалларда қысқа, жупласып атырған ой-пикирлер, адамларды мийнет етиўге ҳәм ҳадал мийнетти сүйиўге, обал-саўапты, жақсы-жаманды, ҳадал-ҳарамды айыра билиўге нәсиятлайды.

Сондай-ақ нақыл-мақаллардың мазмунында адамлардың бир-бирине, жәмийетке, тәбиятқа болған қарым-қатнасы, халқымыздың әсирлер бойы қәдирленип киятырған үрп-әдет дәстүрлери менен тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери тығыз жәмленген. Қулласы, халық нақыл-мақалларының мазмунында адамзатты уллы ҳәм ийгиликли ислерге тәрбиялап, ҳәр қандай жаман иллетлерден қашыўға тәрбиялаўшы ой-пикирлер бериледи.

---

[1] Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. IV том. Қарақалпақ халық нақыл-мақаллары. -Нөкис:Қарақалпақстан, 1978. 7-б.
[2] Сонда…152-158-б.
[3] Сонда…26-б.
[4] Сонда…115-б.

Қайсы халықтың сөз шебери болса да халық даналығының айнасы болған нақыл-мақалларды атлап өтпеген. XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятының көрнекли ўәкиллери Күнхожа, Әжинияз, Бердақ хәм Өтеш шайырлар да халқымыздың «тоқсан аўыз сөзиниң тобықтай түйини» нен керегин алып, дидактикалық мазмундағы қосықларында дөретиўшилик усыл менен қолланады. Мысалы, Бердақ Ғарғабай улының қәлеген дидактикалық қосығының желисинде халық нақыл-мақалларындағы жүйели сөзлерге барабар ақыл-нәсият пикирлери берилгенлигин көремиз. Шайырдың «Қашан рәҳәтланадурсаң» қосығындағы мына қатарлар:

Илми ғайыптан сөзлеме,

Мийнетсиз дүнья излеме[1] халықтың «Билмесең сөйлеме, мийнетсиз ҳәзлик излеме»[2] сыяқлы халық нақылына оғада үнлес ҳәм мазмунлас дөретилген. Ал шайырдың «Бир жигитке» қосығында:

Байлығым бар деп буўсан ба,

Дүнья жеткизбес қуўсаң да,

Атадан алтаў туўсаң да,

Ўатаныңа дарасаң сен,[3] - деген қосық шуўмағында берилген нақыл-мақал айырым мал-дәўлетли адамлардың сықмарлығын, шығымсызлығын әшкаралаў менен оларды ийманлы, инсаплы қанәәтшил болыўға шақырады. Шайыр «Билгейсиз» деп аталған дидактикалық қосығында ҳәр бир адамның сырлас дос, узақ сапарда жолдас таңлаўда жаңылыспаўына былайынша мәсләҳәт береди:

Биреў менен жолдас болсаң,
Шығыс жағыны билгейсиз,
Сырын билип ҳәмдам болсаң,
Сапардың жөнин билгейсиз.[4]

---

[1] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 120-б.
[2] Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. IV том. Қарақалпақ халық нақыл-мақаллары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1978. 102-б.
[3] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 102-б.
[4] Сонда… 115-б.

Қосықтағы бул қатарлар халқымыздың «Жолға шықсаң жолдасыңды таўып шық», «Сырын билмеген адам менен дос болма» сыяқлы даналық сөзлерин ериксиз ядқа түсиреди. Өтеш шайырдың «Қарыз алма» қосығында да халық нақыл-мақаллары тийкарында афоризмлик қатарлар дөретиў усылы айқын көзге тасланады:

Киси аты тершил болар,
Киси кийими киршил болар,
Жаман адам миншил болар,
Оған жолама, жолама.
Келбети келмес наданның,
Тилин алмайды адамның,
Қәдирин билмес адамның,
Реҳимсизден ақыл алма.
Бир анадан туўсаң егиз,
Бир-бириңе болма тебиз,
Жаманның аяғы сегиз,
Ҳеш бир оннан ақыл алма.[1]

Шайыр бул қосығында жәмийеттеги айырым пәс минез қулықтағы адамлардың жүрис-турыс әдеби менен ис-ҳәрекетлериниң унамсыз тәреплерин әшкара етиўде «Киси кийими киршил болады», «Жаман адам миншил болады», «Келбети келиспегеннен кеңес сорама», «Жаманның аяғы сегиз, бири тиймесе, бири тийеди» сыяқлы нақыл-мақаллардан дөретиўшилик усылда шебер пайдаланған.

Жоқарыда көрип өткен мысаллар, қарақалпақ шайырларының халық нақыл-мақалларын тек түп нусқасында алыўды мақсет етпегенлигин, ал өзлери жасаған дәўирдиң социаллық мәселелерин, жәмийетлик қатламлардың айырмашылығын, адамлардың бир-бирине болған қарым-

[1] Өтеш шайыр. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1978. 65-66-бет.

қатнасын жеке адамның образы менен минез-қулық нормаларын ашыў ушын көркемлеў қуралының бири сыпатында қолланылғанлығынан дәрек береди.

Ертедеги халық термелери, толғаўлары менен XIV-XVIII әсирлердеги жыраў-шайырлар мийрасларын ақыл-нәсият сөзлериниң жыйнағы десек қәтелеспеймиз. «Қарақалпақ халық термелери шын мәнисинде нақыл-мақаллар менен жүйели сөзлериниң жыйынтығы сыяқлы болып көринеди. Онда турмыстың хәр түрли машқалалары сөз бола береди. Сонлықтан термелерде нақыл-мақаллардай халықтың күнделикли турмысына жақын келип, ақыл-нәсият, тәлим-тәрбия берерликтей күш-қуўатқа ийе болып келеди.

Халық термелеринде адамды сапалы билим, саналы тәрбияға әдетлендиретуғын халық тәлими орынлы сөз болады. Онда жәмийетлик минез-қулық нормалары, әдеп-икрамлылық мәселелери барлық нәрселерден жоқары турады. «Алтыннан зыят әдеп бар, Әдепсиздиң жолы тар, Әдепли ерден үлги ал, Сонда бахтың ашылар»,[1] - деп тәрипленеди.

Адамлар минез-қулық, жүрис-турыс әдеби менен жақсы ҳәм жаман топарға бөлинетуғын болса, «Жақсы менен жолдас бол» халық термесинде жақсы адам менен дос, жолдас ҳәм сәўбетлес болыўға шақыратуғын дидактикалық ой-пикирлер былайынша бериледи:

Мақсетиңе жеткерер,
Жолдас болсаң жақсыға,
Үлпет болма, бас қоспа,
Тақмақшыл сөзи ашшыға,
Жигиттиң жаман сөзлисин,
Жолдас қылма қасыңа,
Сыр-сыпатың аңласа,
Қурық салады басыңа,[2] ҳ.т.б. турақлы бәнт өлшемине ийе болмаған шубыртпа қатарлардың ҳәр биринде жақсы менен жаманның,

[1] Қарақалпақ халық термелери. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1996. 3-бет.
[2] Сонда… 16-17-б.

дос пенен душпанның, мәрт пенен нәмәрттиң парқын айыра билиўге шақырыўшы ақыл-нәсият сөзлериниң жыйынтығы сәўлеленеди.

Термелердиң нақыл-мақаллардан айырмашылығы сонда, олар қәлеген адам тәрепинен айтыла берместен, белгили жыраўлар ямаса бақсылар тәрепинен дәстанларды атқарғанда кириспе ретинде ямаса өз алдына арнаўлы атқарылады, яғный «Термелер көбинесе түркий халықлардың фольклорында жийи ушырасып, ол жыраўлар тәрепинен дәстанлардың алдында ҳәм өз алдына атқарылған. Бул түсиниктиң атамасының өзи «терип алынған», «тер», «сайла» деген мәнилерден шыққан ҳәм олар толғаўлар сыяқлы халық даналығына толы болып келген».[1]

Мысалы, қарақалпақ жазба әдебиятының сағалары болған XIV-XVIII әсирдеги жыраў-шайырлар мийрасларында терме-толғаўлар тийкарғы орынды тутты. Арғы басы Қорқыт атадан (IX) басланған жыраўшылық өнери Соппаслы Сыпыра жыраў (XIV), Асан қайғы (XV), Доспамбет жыраў (XVI), Мүйтен жыраў (XVII), Жийен жыраў (XVIII) сыяқлы белгили жыраў-шайырлардың мийрасларына келип тутасады. Олар дөреткен жырлардың ҳәр биринде өткендеги дәўирдиң аўыр көриниси, заман теңсизлиги, халықтың социаллық турмыс мәселелери тарийхый толғаўлар менен ақыл-нәсият үлгисиндеги термелерде кеңнен сәўлеленгенлиги белгили. Мысалы, көпшиликтиң кеўлинде жүрген ой-пикирлерди термелеп, терип, сайлап айтыў заманның тарлығын, айырым адамлардың пейли-ықбалының оннан да бетер тарлығын, әсиресе елди басқарған басшы топарлардың әдалатсызлығы менен топаслығын, оларға болған халықтың наразылығын толғанып жыр етиў өткендеги жыраў-шайырлар дөретиўшилигиниң баслы тематикасына айланды. Асан қайғының термелериниң биринде:

Арғымаққа миндим деп,
Артқы топтан адаспа,

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша – қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис: Билим, 1994. 211-212-б.

Болсам өзим болдым деп,
Кеӊ пейилге таласпа,
Артық малды айтысып,
Достыӊ менен санаспа,
Илимим журттан асты деп,
Кеӊессиз сөз баслама,
Жеӊемен деп биреўди,
Өтирик сөзди хошлама[1]- сыяқлы шубыртпа қатарлардыӊ

ҳәр биринде инсан бойындағы менменликтен кишипейиллик, иши тарлық пенен қызғаншақлықтан кеӊ пейиллик, мақтаншақлықтан әлпайымлық, өтириктен ҳақ сөзлилик қусаған ағла қәсийетлер үстин қойылып улығланады.

Усылайынша ерте дәўирлерден баслап-ақ дидактикалық ой-пикирлердиӊ жыраў-шайырлар мийрасларында тийкарғы орынды тутыў менен адамзатты тәрбиялаўшы тәрбия қуралы болып келгенлигине гуман келтирмеймиз. Сондай-ақ, халық термелерин, авторы белгили жыраў-шайырлардыӊ термелерин ҳәм XIX әсирдеги классик шайырлардыӊ дидактикалық мазмундағы қосықларын бир-бири менен салыстырып қараганымызда да өз-ара уқсаслықлар менен бираз өзгешеликлердиӊ бар екенлиги байқалады. Мысалы, «Аӊламас» деп аталған халық термелеринде:

Адамзаттыӊ ахмағы,
Жолдасына қарамас,
Ол адамлар дүньяда,
Ҳеш бир дәртке жарамас,
Дәстүрханлап нан қойып,
Қазаны толып қайнамас,
Қатарына бас болып,
Өмир гүли жайнамас,[2] - деп берилген болса,

---

[1] Қарақалпақ толғаўлары. - Нөкис: Билим , 1995. 77-78-б.
[2] Қарақалпақ халық термелери. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1996. 15-б.

Күнхожаның «Бара алмас» қосығында:

Түссе жумыс наданларға,
Дәрман кеткенше бара алмас,
Неге барсын ер оларға,
Сораған мүтәжин ала алмас[1].

Ал, Бердақ шайырдың «Қарамас» қосығында:

Жаман болса туўысқаның,
Күйип, писип шығар жаның,
Гүл жүзиңнен қашар қаның,
Өлсең дағы ол қарамас,[2] - деп жырланады.

Жоқарыдағы «Аңламас», «Бара алмас», «Қарамас» сыяқлы дидактикалық терме ҳәм қосықлардың тематикасы бирин-бири толықтырып турғандай сезиледи. Себеби оларды жақынластырып турған идея жәмийеттеги ақылсыз, надан ҳәм жаман адамлардың сықмарлығы менен мәпгөйлигин бир қыйлы сәўлелендириўинде ҳәм олардан аўлақ болыўға нәсиятлаў болса, өзгешелиги халық термелери белгили бир бәнт өлшемине бағынбайды, ал шайырлардың дидактикалық қосықлары төрт қатарлы бәнтлерден ибарат болып, буўын санлары да белгили бир өлшемге түсип, а, а, а, б тәризинде уйқасатуғын қосық формасына ийе болып келеди.

«Толғаў-өз характери жағынан термеге жақын поэзияның үлгиси. Ол көбинесе ойланыў, кеўил күйин билдириў сыпатына ийе болады. Егер терме күнделикли турмыс мәселелери, ҳәзил, ақыл-нәсият сыпатында ушырасса, толғаў терең сиясий-жәмийетлик, тарийхый темаларды жырлайды. Жийен жыраўдың «Посқан ел» шығармасы, Орманбет бийдиң атына байланыслы шыққан толғаўлар усындай. Толғаўда жыраўдың ўақыяға қатнасы, кеўил күйи анық сезилип турады»,[3] -деген илимий-теориялық пикирлерди С.Ахметов атап өткен болса, қарақалпақ халық қосықларын изертлеўши

[1] Күнхожа. Ел менен. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. 47-48-б.
[2] Бердақ Таңламалы шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. 64-65-б.
[3] Ахметов С. Әдебияттаныў терминлериниң қысқаша сөзлиги. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1972. 125-б.

Ә.Тәжимуратовтың пикиринше: «Толғаў-толғанып қосық айтыў, толғай-толғай жыр-жырлаў дегенди аңлатады. Характери бойынша термелерге жақын болады. Бирақ онда дидактикадан гөре, пушайманлық, ойланыў, кеўил зары басым болады. Тағы да ол термелердей қысқа болмай белгили сюжетке қурылады. Бул жағынан тарийхый жырға, поэмаларға усайды.

Мазмуны жағынан салыстырып қарайтуғын болсақ, егер термелер күнделикли турмыс мәселелери ақыл-нәсият, нақыл сыпатында ушырасса, толғаў тереӊ сиясий-жәмийетлик, тарийхый темаларды жырлайды. Көбинесе ел басына түскен қайғылы жағдайларға, урыс ўақыяларына арнап қурылады»,[1] - деп термелер менен толғаўлардың өзине тән өзгешеликлерин дурыс ашқан. Лекин, автордың усы мийнетинде жыраўлардың термелер менен толғаўларды атқарыў өзгешелигине айырым орынларда шәлкем-шалыс пикирлерин билдиргенин көремиз. «...сонлықтан да термелерди атқарыўшы гүңиренип гүй шығарып жырлайтуғын болған»[2] - деп толғаўларға тийисли пикирди термелер менен шатастырып жибереди. Ал К.Мәмбетов: «Қарақалпақ толғаўлары»н баспаға таярлаған китабының алғы сөзинде термелер менен толғаўларға мынандай дурыс анықлама береди: «Терме толғаўға қарағанда сөздиң желисине берилиңкиреп кетеди. Толғаўда сөз желисинен гөре пикир үстин келеди. Соның ушын да гейде топарласқан уйқасларды бөлип, айтылажақ пикирлердиң анықламасы да берилип барады. Тема менен идеяны бир-бирине бириктирип сюжетлер дүзеди. Сол тийкарда ол нақыл-мақалды да, термедеги айырым қатарларды да белсенди раўажландырады. Халық даналығында қалған ҳәр қандай сөз тиркеслерин дәўир ўақыялары менен де байланыстырады ҳәм толғаўларды: 1) улыўма толғаўлар, 2) тарийхый толғаўлар, 3) авторы сақланған толғаўлар» - деп үлкен үш топарға бөлип қараў менен бирге, автор усы китаптың екинши бир жеринде термелер менен толғаўларды өз алдына жанр сыпатында қарамастан

---

[1] Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. V том. Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт-жырлары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1980. 22-б.
[2] Сонда… 22-б.

араластырып жибереди. Мысалы, «Соның менен бирликте толғаўдың терме түрлери де сақланған. Терме (терип айтыў) яки болмаса сөз уйқаслығын сеске бойсындырыў», - деген пикирлери арқалы термелерди толғаў жанрынан келтирип шығарады ҳәм «улыўма толғаўлар», - деп аталған биринши бөлиминде де толғаўларға тиккелей ақыл-нәсият сөзлерге қурылған халық термелериниң үлгилерин ҳәм айырым еситтириў ҳәм жоқлаўларды да киргизип жибереди.[1] Лекин, белгили қарақалпақ фольклор таныўшы илимпаз Қ.Мақсетов толғаўлар түркий халықлардың көркем аўызеки дөретпелеринде, соның ишинде қарақалпақ аўызеки әдебиятында да өз алдына жанр болып қәлиплескенлигин айта келип: «Бирақ усы ўақытқа шекем көпшилик жағдай да толғаўлар термелер менен араластырылып жиберилетуғын жерлери бар. Дурысында буларды бир-биринен ажыратып үйрениўимиз жөн. Термелер - бул қосық жанрына кирип ақыл-нәсият қосықлары деп аталыўы керек. Ал, толғаўлар болса қосықлардан бөлип қаралып, өз алдына жанр сыпатында үйренилиўи керек»- деген пикирлери дыққатқа ылайық.

Және де усы илимпаздың «…қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпесиндеги толғаў - бул халқымыздың өткендеги үлкен бир тарийхый ўақыясына арналған, белгили бир сюжетке қурылған, қобызда өз алдына толғаў намасына айтылытуғын, әдеўир көлемли поэзиялық дөретпе»,[2] деген пикирлерине толық қосылыўға болады. Олай болатуғын болса, К.Мәмбетовтың «Қарақалпақ толғаўлар» китабында:

Жақсының барсаң қасына,
«Бери кел» деп шақырар,
Жаманның барсаң қасына,
Аш жолбарыстай ақырар,
Батыр болар адамды,
Мүшесинен танырсаң,

[1] Қарақалпақ толғаўлары. - Нөкис: Билим, 1995. 3-53-б.
[2] Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1996. 218-219-б.

Адам болар адамды,

Шешесинен танырсаң,[1] сыяқлы терме қосық қатарларын қысқа, мазмунлы, тереӊ ойға қурылған нақыл-термелер деп атасақ болады.

Билегимде күшим бар,
Батырман деп мақтанба,
Соның ушын арқайын,
Жатырман деп мақтанба,
Бахыт қонып басыма,
Үлкейдим деп мақтанба,
Дүнья жыйып үйиме,
Көркейдим деп мақтанба,[2] - сыяқлы шубыртпа

қосық қатарларын айырым адамлардың минез-қулқында ҳәм ис-ҳәрекетлеринде жийи ушырасатуғын унамсыз әдетлерден аўлақ болыўға үгит-нәсият етиўши ақыл-нәсият термелери деп атасақ болады.

Демек, жоқарыдағы терме қосықларды жанрлық жақтан толғаўларға емес, ал ақыл-нәсият үлгисиндеги термелерге киргизген мақул.

Термелердиң және бир сыпатлы белгиси соннан ибарат, нақыл термелердиң ямаса ақыл-нәсият термелериниң төрт ямаса оннан да көбирек қатарларын бөлип алып қарасақ та, белгили бир мәниге ийе ақыл-нәсият сөз екенлиги айқын сезилип турады. Мысалы, «Қандайды» термесиндеги:

Жақсының сөзи жандайды,
Жаманның сөзи қандайды,
Нәмәрт туўған жигитлер,
Ҳақыйқат сөзге нанбайды,
Ақыллы адам сөз айтса,
Кимниң мийри қанбайды,[3] - сыяқлы бөлип алып

қаралған алты қатардың өзинен-ақ жақсы менен жаманның, мәрт адам менен

---

[1] Қарақалпақ толғаўлары. - Нөкис: Билим, 1995. 59-б.
[2] Сонда…23-24-б.
[3] Қарақалпақ халық термелери. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1996. 29-б.

нәмәрт адамның, ақыллы менен ақылсыздың парқы ашылады. Ал, толғаўлардың мазмунында термелердегидей бөлип алыўға қолай ақыл-нәсият үлгисиндеги ой-пикирлерден гөре ерте дәўирлердеги тарийхый ўақыяларды, дәўирдиң қыян-кески көринисин тутас сюжетлер менен сүўретлеў басым болып келеди. Мысалы:

Атаң күйеў болған жер,
Белге сүйеў болған жер,
Енең келин болған жер,
Ийилип сәлем берген жер,
Сен анадан туўған жер,
Киндик қаның тамған жер,
Кир-қоңыңды жуўған жер,
Өзиң жигит болған жер,
Арыў таңлап алған жер,
Ели халқың қуўанып,
Көп шадлыққа толған жер
Бүгинги күн қалмақтың,
Найзасына илинип,
Тас-талқан болып бүлген жер.[1]

Усылайынша толғаўлардың ўақыясы бөлип алып қаралмастан тутас мазмунында аңласылады. Онда халқымыздың ерте дәўирлерде (XVI әсирде) қоныс басқан Түркстан жери, киндик қаны тамған ана топырағының қәдир-қымбаты менен аса гөззаллығы мақтаныш сезимлери менен жырланады ҳәм сыртқы душпанлар тәрепинен бүлгиншиликке ушырап ўайран болыўы тарийхый толғаўлардың сюжетине негиз етип алынады, яғный тарийхый толғаўларда дидактикалық (ақыл-нәсият) пикирлерден гөре халқымыз жайлаған мәкан, жер, суў атамалары, халық батырлары менен ел бийлериниң мәртлик ислери, заманның қыян-кески ўақыялары көбирек сөз етиледи.

[1] Қарақалпақ толғаўлары. - Нөкис: Билим, 1995. 59-б.

Бул қубылыс көбирек халқымыздың ноғайлы дәуирине ҳәм ноғайлының атақлы бийи «Орманбет бий» ҳәм «Орманбет бий өлген күн» толғаўларында жийи ушырасатуғынлығын көремиз.

Авторлары халыққа мәлим болған толғаўларда ямаса Соппаслы Сыпыра жыраўдың (XIV), Асан қайғының (XV), Доспанбет жыраўдың (XVI), Мүйтен жыраўдың (XVII), Жийен жыраўдың (XVIII) толғаўларында авторлардың тарийхый, сиясий-жәмийетлик ўақыяларға болған көзқараслары менен жәмийетлик қубылысларға, адамларға қарата айтылған ақыл-нәсият үлгисиндеги дидактикалық ой-пикирлериниң араласып келгенлигин көремиз. Мысалы, Соппаслы Сыпыра жыраўдың толғаўларының биринде:

Ҳә хан ийем, хан ийем,
Қулағыңа сал ийем,
Талан болды бизлерден,
Сансыз дүнья мал ийем,
Қанды көрсе қалтырар,
Қырғый қустың баласы,
Таңды көрсе шарқ урар,
Бүлбүл қустың баласы,
Оқ жарасы питсе де,
Питпес сөздиң жарасы,
Көп ойланып сөйлеген,
Сөзиңниң болар ырасы,
Жемтик болды жаўларға.[1]

Толғаўда жыраў жасаған дәуирдиң теңсизлиги, жаўгершиликлердиң көп болыўы ақыбетинен халықтың аш-әптада турмыс кешириўи ашықтан-ашық сәўлеленеди. Усындай азап-ақыбетлердиң алдын алыў илажлары биринши гезекте ел басқарыўшы топарлардың (ханлардың, бийлердиң т.б.) тийкарғы

---

[1] Қарақалпақ толғаўлары. - Нөкис: Билим, 1995. 71-б.

миннети деп қаралады. Оларға халықты әдил ҳәм туўры басқарыўды үгит-нәсият етиўши пикирлерине кең орын бериледи.

Асан қайғы, Доспанбет жыраў, Мүйтен жыраў, Жийен жыраў мийрасларында да олар жасаған заманның алағатлықлары, үстем топарлардың зулымлық ҳәм залымлық ис-ҳәрекетлери оған қарсы болған жәмийеттеги әззи топарлардың наразылықлары толғаўлардың ҳәм ақыл-нәсият мазмунындағы термелердиң идеялық ҳәм көркемлик бағдарын белгиледи. Сондай-ақ, халық нақыл-мақаллары менен терме-толғаўларынан саға алған XIV-XVIII әсирлердеги қарақалпақ жыраў-шайырларының мийраслары да көбинесе ақыл-нәсият үлгисинде дөретилди.

Солай етип, жумыстың бул бап ҳәм бөлимлери бойынша төмендеги жуўмаққа келдик:

Әдебияттаныў сабақлықларында ҳәм әдебияттаныў терминлери сөзликлеринде берилген теориялық пикирлер соны көрсетеди: дидактикалық шығармалар ерте дәўирлерден баслап-ақ батыс ҳәм шығыс халықлары әдебиятларында жетекши орын ийелеп, поэзия, проза, драма түриндеги жанрларда кеңнен дөретиле баслаған. Бул шығармалар биринши гезекте формалық белгилери, жанрлық өзгешелиги менен ажыралып турса да мазмунлық қәсийетлери менен бири-екиншисин толықтырып, байытып барған.

XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятында қәлиплесе баслаған дидактикалық қосықлар да тосыннан пайда болмастан, оның тарийхый дәреклери халық аўызеки дөретпелериндеги нақыл-мақаллар менен терме, толғаўларына, қала берсе XIV-XVIII әсирлердеги жыраў-шайырлардың мийрасларына тутасады.

Нақыл-мақаллар - халықтың сөйлеў тилинде ең көп қолланылатуғын, тужырымлы ҳәм кең ойды билдиретуғын, жәмәәт тәрепинен ҳәм айырым шешен, дилўар адамлар тәрепинен дөретилген халықлық мийраслар. Олардың тематикасында көтерилген кең жәмәәтти улыўма инсаныйлық пазыйлетлерге тәрбиялаўшы терең ой-пикирлер қарақалпақ шайырларының

дидактикалық қосықларында жаңаша түс алып, жеке адамның образын жасаўда ҳәм минез-қулық нормаларын ашыўда руўхый тирек, көркемлик дәрек хызметин атқарып келеди.

Ертедеги халық терме-толғаўлары менен XIV-XVIII әсирдеги жыраў-шайырлардың терме-толғаўлары поэтикалық формасы, қосық қурылысы бойынша да бири-екиншисине уқсас болса да, мазмуны, социаллық турмыс-ты, жәмийетлик қубылысларды, адамлардың минез-қулық қағыйдаларын сүўретлеўи бойынша өзгешеленип турады. Жумыста терме-толғаўлардың көркем текстлерин салыстырыў барысында олардың жанрлық қәсийетин бирдей деп қараған айырым илимий мийнетлердеги шатаслы пикирлерге жуўмақлаўшы, конкрет пикирлеримизди бериўге ҳәрекет еттик.

1. Халық толғаўлары менен жыраў-шайырлар толғаўлары характери жағынан термеге жақын поэзияның үлгиси болыўына қарамастан, мазмунында көбинесе ойланыў, кеўил күйин билдириўи, терең сиясий-жәмийетлик, тарийхый темаларды сөз етиўи менен сюжетли қосықларға киреди, - деген жуўмаққа келдик.

2. Сондай-ақ толғаўларға қарағанда термелер өзиниң мазмуны бойынша турмыстың түрли тараўлары бойынша ақыл-нәсият пикирлерди жәмлеп сүўретлегенликтен XIX әсирдеги қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларының миллий көркемлик дәреги деп қаралды.

# II БАП. XIX ӘСИРДЕГИ ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДЫҢ ЖАНРЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

## 1 - БӨЛИМ. XIX ӘСИРДЕГИ ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДЫҢ ШЫҒЫС ӘДЕБИЯТЫНДАҒЫ ДИДАКТИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАР МЕНЕН ИДЕЯЛЫҚ ҲӘМ КӨРКЕМЛИК БАЙЛАНЫСЛАРЫ.

Шығыс классикалық әдебияты дидактикалық ой-пикирлер менен суўғарылған әдебий мийрасларға оғада бай. Олардан «Авесто», «Қуран», «Ҳәдислер», «Махабхарата», «Қалила ҳәм Димна», «Қабуснама» сыяқлы мийраслар тек ғана шығыста емес, ал батыс еллеринде де кеңнен мәлим. Бул мийраслардағы адамды әдеп-икрамлылыққа, жақсылыққа ҳ.т.б. улыўма инсаныйлық пазыйлетлерге тәрбиялаўшы өлмес идеялар түркий тиллес халықлар әдебиятындағы Ахмет Яссаўийдиң, Сулайман Бақырғанийдиң, Фирдаўсийдиң, Әлишер Наўайының, Мәшрептиң, Мақтымқулының, Абайдың дөретиўшилигине де белгили дәрежеде өз тәсирин тийгизди.

Өз гезегинде шығыс халықлары әдебиятынан азықланып раўажланған XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятының классиклери Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш шығармаларына да жоқарыда аты аталған дидактикалық шығармалар менен данышпан шайырлардың мийрасларының тәсири көп болды. Себеби бул мийраслар түркий халықлар арасына, сондай-ақ қарақалпақлар арасына ерте дәўирлерден баслап-ақ кеңнен тарала баслаған. Бул ҳаққында К.Мәмбетовтың «Шығыс әдебияты тарийхы» китабында мынадай пикирлер берилген: «Сондай-ақ түркий халықлар әдебиятының көрнекли ўәкиллери Хожа Ахмет Яссаўий, Сулайман Бақырғаний, Әлишер Наўайы, Муҳаммед Физули, Суўпы Аллияр, Мақтымқулы ҳәм Абай сыяқлы шайырлар X-XIX әсирлер аралығында жасаўына қарамастан, қарақалпақ

шайырларының олардың дөретпелеринен үйрениў ислери XIX әсирде де ҳәўиж алған».[1]

Ҳақыйқатында да, Шығыстың уллы шайырларының бир биринен үйрениў себеплериниң бири олардың адам ҳәм жәмийет туўралы ой-пикирлериниң, социаллық турмыс ҳаққында түсиниклериниң өз ара үнлесиўи болып табылады.

Муҳаммед пайғамбар ҳәдислериниң биринде (607-ҳәдисте) «кисиниң жоқары мәртебелилиги-дини. Меҳир-мириўбети - ақылы. Оның ҳаслы теги - қулқы»,[2] - деген даналық пикирлер берилген. Ҳақыйқатында да халықларды, соның ишинде түркий халықларды бир-бирине өз ара жақынластырып ҳәм байланыстырып турған түйин оларға ортақ әдеп-икрамлылық қағыйдалары (нормалары), үрип-әдет дәстүрлери болса, оған қосымша ислам дини де жақынластырыўшы факторлардың бири болып табылады. Ислам дини ерте дәўирлерден баслап-ақ Орайлық Азия халықлары арасына кеңнен тарап, жақсылықты, ҳадаллықты, ҳақлықты ҳ.т.б. ҳасыл қәсийетлерди тереңнен уғындырып келген.

Усыған байланыслы ислам дининиң баслы гуманистлик талаплары болған жақсылық, ийман, инсап, ҳадаллық усаған идеялар фольклорда ҳәм көркем әдебиятта да үзликсиз сәўлеленип киятыр. Олай болатуғын болса, Хожа Ахмет Яссаўийдиң, Сулайман Бақырғанийдиң, Суўпы Аллиярдың, Әлишер Наўайының, Мәшрептиң, Мақтымқулының, Абайдың ҳәм XIX әсир қарақалпақ әдебиятындағы белгили тулғалар Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш шайырлардың жасаған дәўирлери ҳәм географиялық орынлары ҳәр қыйлы болыўына қарамастан, олардың дидактикалық ой-пикирлериниң өз ара үнлесип халық уғымына жақын келиўи де ислам дининиң қағыйдаларына сүйенип, ақыл-нәсият пикирлерин сәўлелендириўи болып есапланады. Лекин, бүгинги күнге шекемги илимий мийнетлердиң көпшилигинде дерлик,

---

[1] Мәмбетов К. Шығыс әдебияты тарийхы. - Нөкис: Билим, 1993. 5-б.
[2] Муҳаммад пайғамбар қиссаси. Ҳадислар. – Т.: Камалак, 1991. 98-б.

Кеңес ҳүкиметиниң динге болған нигилистлик мүнәсибети себепли өткендеги әдебий мийрасларымыздағы диний мотивлерди, элементлерди бурмалап түсиндириў ҳәрекети басым болады.

Солай да айырым илимий мийнетлерде, мысалы, белгили тил ҳәм әдебият изертлеўшиси, академик Ҳ. Ҳамидов өз мийнетлериниң биринде XIX әсирдеги қарақалпақлар арасына кеңнен тараған араб, парсы ҳәм түрки тилиндеги жазба дәреклер менен бир қатарда диний әдебиятларға да үлкен әҳмийет берип қарайды. «Түркий тиллеринде диний мазмунда жазылған қарақалпақлар арасына кең таралған китаплардың бир топары ҳәдийс китаплардан ибарат болды. Ҳәдийс бул Ислам денинде Қуран аятларынан кейин екинши орында туратуғын муқаддес, яғный кәраматлы сөзлер есапланады. Олар да Қуран аятлары сыяқлы шәриятта яғный мусылман нызамларындай нызамлық күшке ийе»,[1] - деп жазады.

Ҳақыйқатында да XIX әсирдеги классик шайырларымыз Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтештиң дидактикалық мазмундағы қосықларының дөретилиўине ерте дәўирлердеги диний әдебиятлардың ҳәм данышпан шайырлардың мийрасларының тәсири аз болмады. Усы мийрасларды руўхый азық ҳәм тирек еткен қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларында оғада зәрүрли ҳәм әҳмийетли мәселелер қозғалады.

Мухаммед пайғамбар ҳәдислериниң биринде (609-ҳәдисте) «кисиге нәсият айтыўға заманның өзи себеп болады,[2] - деп берилгениндей, Хожа Ахмет Яссаўийдиң, Сулайман Бақырғанийдиң, Суўпы Аллиярдың, Әлишер Наўайының, МәшиРептиң, Мақтымқулының, Абайдың, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтештиң бир қатар дидактикалық қосықларының дөретилиўине де олар жасаған заманның өзи себеп болды, яғный Орта Азияда жасаўшы түркий халықлардың көпшилиги дерлик узақ жыллар даўамында, ҳәттеки, узақ әсирлер бойы орта әсирлик феодаллық қатнасларға тийкарланған

[1] Ҳамидий Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары. - Нөкис: Билим, 1991.54-б.
[2] Муҳаммад пайғамбар қиссаси. Ҳадислар. – Т.: Камалак, 1991. 98-б.

дәўирлерде жасады. Ҳәммемизге белгили, орта әсирлик феодаллық дәўирлерден баслап-ақ халықты басқарыў ислери диний тәртиплер менен шәрият нызамларына бойсындырылып алып барылды. Яғный, мәмлекетти шәрият тәртиплери менен басқарыў усыллары XIX әсирде, ҳәттеки оннан бурынғы әсирлерде де көпшилик халықларға тән болды.

Әлбетте қарақалпақ шайырларының ҳәр бири өзлериниң дидактикалық қосықларында ислам қағыйдалары менен шәрият тәртиплерин басшылыққа алады. Олардағы тәртип ҳәм қағыйдаларға сүйенип пикир айтады.

Ислам ҳаққындағы мағлыўмат китаплардың биринде көрсетилиўинше «шәрият»-(арабша - туўры жол, илаҳий жол, нызамлылық) ислам диний ҳуқық системасы. Онда таза ҳуқықый мәселелерден басқа да әдеп-икрамлық нормалары ҳәм әмелий диний талапларға да нызам күши берилген. Ертедеги исламда жәмийетти ҳуқықый түрде басқарыў Қуран тийкарында алып барылған. Ислам тәрепдарлары бир неше әсир даўамында Шәрият нызамларын ислеп шыққан. Шәрият мәмлекет (халипалық) ҳуқықы нормалары, ўазыйпалары, мийрас, жынаят, жаза ҳәм шаңарақ-неке ҳуқықлары, сондай-ақ суд мәселелери, мийрасхорлық көрсетпелери берилген».[1] Бул нызамлылықлар көплеген Шығыс мәмлекетлеринде, әсиресе Орайлық Азиядағы түркий халықларды бирлестириў жолында пидайы хызметлер ислеген уллы бабамыз Әмир Темурдың мәмлекетти басқарыў ислеринде дурыс әмелге асырылды. Бул ҳаққында уллы сәркарда былайынша мәсләҳәт етеди: «Көңлимниң төринен көтерилген биринши дүзик соннан ибарат болды, ислам дини ен жайып, Муҳаммедке (оған) тәңирдиң мәрҳаматы ҳәм сәлемлери болсын, мен де шәриятты қуўатладым. Жәҳәнниң түрли мәмлекетлери, үлкен ҳәм киши шәҳәрлеринде ислам динин ҳәм адамлардың ең қайыр-сақаўатлысы ҳәзирети Муҳаммедтиң туўры жолларын үлги еттим. Өз салтанатымды шәрият пенен безедим».[2]

[1] Ислом. Справочник.–Тошкент: Ўзбек совет энциклопедияси, 1989. 279-б.
[2] Әмир Темурдың бийликлери. Аўдарған: Пиржанов У. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1996. 95-б.

Усылайынша мәмлекетти, шәрият тәртиплери менен басқарыў ислери XIX әсирдеги қарақалпақлар арасына да кеңнен тарады. Лекин, бул әсирде, усы шәрият тәртиплерин бузыўшылар ең биринши гезекте елди, халықты басқарып турған басшы топарлардың арасынан көплеп табылды. Сонлықтан да, классик шайырларымыз шәрият тәртиплерине сүйенген ҳалда усы топар адамларына ҳақтың жолын, туўры жолды көрсетиўден, ақыл-нәсият бериўден ҳасла жалықпады. Мысалы, Бердақ шайыр өзиниң «Болмады» қосығында унамсыз иллетлерди келтирип шығарыўшы топардағы адамларға қарата ашықтан-ашық пикир айтады:

Қазан урып, гүлим солып,
Түрли-түрли заман болып,
Ғәрип-қәсер кеўлин алып,
Бийде шәпәәт болмады.

Бул заманның ийшан, байы,
Жолдан жүрмейди бинайы,
Қарадан көпдур гүнайы,
Шәрият жолы болмады.[1]

Усылайынша бул қосықтың лирик қаҳарманы патшаға да, бийге де, байға да бойсынбайтуғын, олардың мал-дүньясын, байлығын тән алмайтуғын, лекин өз дәўириниң тәртип ҳәм қағыйдаларын, әсиресе шәрият нызамын мойынлайтуғын еркин ой-пикир ийеси сыпатында көзге түседи.

Қарақалпақ шайырлары устаз санаған уллы шайыр Мақтымқулы да өз дәўириндеги усындай иллетлерден наразы екенлигин «Қалмады» қосығында былайынша баян етеди:

Кимди көрсең бәри дүньяхор болды,
Алымлар илимнен қалды, гөр болды,
Ҳәмелдардың бәри дүньяхор болды,
Патшада әдиллик пәрман қалмады.

[1] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 93-б.

Муфти өз сөзине қылмады әмел,
Шәрият исине әйледи мәлел,
Ел ишине түсти бир қырсық кесел,
Қудайдан айбынар адам қалмады.[1]

Шайырлар ел бийлеген айырым әмелдарлардың сүтхорлық, парахорлық, дүньяхорлық ҳ.т.б. жеркенишли ислерин үлкен гүна деп биледи. Олардың ҳәдден тысқары зулымлық ҳәм әдилсиз ҳәрекетлерине қарсы турады. Керек жеринде өз мәпин халық мәпинен үстин қойған басшы топарлардың ис-ҳәрекетлерин әшкаралаўдан, оларға ҳақ сөзди айтыўдан, туўры жолды көрсетиўден тартынбады.

Мысалы, Күнхожа шайырдың лирикасында орайлық орынлардың бирин ийелеген, сондай-ақ шайырдың ел ҳәм халықты бириктириў идеясынан туўылған «Ел менен» қосығындағы:

Адамға қаст етип мийрими келмес,
Ким жаман, ким яқшы-парқыны билмес,
Жыласаң да көздиң яшыны көрмес,
Патша жаман болса, күниң зар билен,[2] - деген

қатарларында халық тилеги менен есапласпайтуғын, жақсы ҳәм жаманды айырып билмейтуғын, зулым басшының моральлық келбети ашылады. Шайыр «Неге керек» қосығында да халықтың арын арламайтуғын, бары-жоғына, аш ҳәм тоғына қарамайтуғын аўан басшы неге керек деген кескин пикирлерин қояды.

Муҳаммед пайғамбар ҳәдислеринде (119-ҳәдисте) «қыямет күни ең аўыр азапларға дус болатуғын-залым басшыдур»[3] және де, (185-ҳәдисте) «жиҳадтың» дин ушын, ҳақыйқатлық, туўрылық ушын гүрестиң ең абзалы залым басшы алдында ҳақ сөзди айтыў болып табылады[4] - деген нәсиятлар

---

[1] Мақтымқулы. Қосықлар. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1984. 24-25-б.
[2] Күнхожа. Ел менен. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. 59-б.
[3] Муҳаммад пайғамбар қиссаси. Ҳадислар. – Т.: Камалак, 1991. 59-б.
[4] Сонда… 66-б.

берилген болса, классик шайырларымыз да өзлериниң дидактикалық қосықларында усы тәриздеги жәмийетлик қатламлардың мусылманшылық парызлары менен ўазыйпаларына үлкен итибар қаратады. Шайырлар өзлери жасаған турмыстың конкрет мәселелеринен шыға отырып, айырым ири мүлк ийелериниң ҳәдден зыят ашкөзлиги менен сықмарлығын, зулымлығы менен жаўызлығын қатаң сынға алады. Олардан халықты әдил басқарыўды, ийманлы, инсаплы, қайыр-сақаўатлы, мийирман болыўды талап етеди. Мысалы, Әжинияз шайыр «Болмаса» қосығында:

Қудайым сақласын залым патшадан,
Тиләкиңни тилә қәдир-қудадан,
Аўан яқшы мундағы молла-хожадын,
Қалам йонып язар хаты болмаса[1] - деп жырлаған болса,

Бердақ шайыр «Көринди» қосығында:

Әдалат жоқ беги, патша ханларда,
Хош кеўил жоқ ғәрип пақыр инсанда,
Бизлер шыққан бул ўапасыз дүньяда,
Ҳәр бири көзиме ялған көринди[2] - деп жазады.

Усылайынша бир дәўирде жасаған қарақалпақ шайырлары өзи жасаған заманды ўапасыз деп атайды. Адамлар арасындағы теңсизликлерди, олардың келип шығыў себеплерин конкрет турмыстан табады.

Әсиресе, олар өзлериниң дидактикалық қосықларында мусылманлардың парызларын, ўазыйпаларын, ҳуқықларын, жүрис-турыс, минез-қулық әдеплерин (нормаларын) белгилеп беретуғын шәрият жолына, яғный ҳақтың жолына, туўрылық ҳәм ҳадаллық жолына тийкарланып пикир айтады. Күнхожа шайыр бул жағдайды «Мениң жолым ҳақ бәзирген жолыдур. Мәдет бергей бир қудайым, яранлар» деп береди («Яранлар» қосығында)[3].

---

[1] Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 86-б.
[2] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 63-б.
[3] Жәримбетов Қ. Бердақтың нәсиятлары - бизиң руўхый ғәзийнемиз. - Нөкис: Руўхый мәдeният ҳәм ағартыў орайы, 1998. 9-б.

Әжинияз бенен Бердақ шайырдың бир қатар дидактикалық қосықларында жоқарыдағы қосық қатарларына оғада үнлес пикирлерди көремиз. Мысалы, Әжинияз шайыр «Болмас» қосығында:

Доса дуғры кәрәк, душпана-ҳийлә,
Адамдын яшырма, туғрысын сөйлә,
Дуғры йүргил, игрий үрмәгил йола,
Яланшы рәсўаның паяны болмас,[1] - деп жырласа,

Бердақ шайыр «Маған бер» қосығында:

Бәршени яратқан қәдир-қудайым,
Берсең бул бендеңе ҳақлық жолын бер,
Игри жүрсем артар мениң гүнайым,
Бул қәлбиме туўрылықтың нурын бер[2], - деп жырлаған еди.

Көрип өткен қосықларда лирик қаҳарманның ой-пикирлери шәрият нызамлары менен беккем сабақласады. Олар қудайдың (ҳақтың) бендеси сыпатында адам баласына ҳақтың жолын, туўры жолды нәсият етиўди баслы ўазыйпа деп биледи. Олар өзгелерге нәсият айтпастан алдын, өз қәлбин, ҳүжданын, руўхый дүньясын таза тутыўды мусылманшылықтың тийкарғы белгиси деп есаплайды.

Сондай-ақ XIX әсирдеги классик шайырларымыздың руўхый азық ҳәм ҳуқықый тирек еткен шәрият заңлары менен Ислам тәлийматлары орта әсирлик суфистлик (тасаўўыф) тәлийматтың көрнекли ўәкили Хожа Ахмед Яссаўийдиң дөретиўшилигинде белгили орын тутады.

Суфистлик тәлийматының тийкарғы объекти-инсанның қудайға болған мүнәсибети, Аллатаалаға сыйынып ис тутыўынан ибарат болса, Суфистлик тарийқатларында пир ҳәм шәкирт (муршид ҳәм мурид) мүнәсибетлери тийкарғы орынды тутады. Суфистликте руўхый кәмалатқа ерисиўдиң тийкарғы жоллары төрт басқыштан ибарат болған. Биринши басқыш шәрият-

[1] Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 106-б.
[2] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 48-б.

деп аталған. Усыған қарап, тасаўуыф ийеси дәслеп шәрияттың ҳәмме талапларына бойсыныўы керек, тек соннан кейин ғана екинши басқыш - тарийхатқа көтерилиўи мүмкин. Бунда мүрийдлер өз пирлерине итибар бериўи, өзиниң жеке тилеклеринен ўаз кешиўи шәрт есапланған. Бул басқышлардан өткенлер жоқарырақ үшинши басқышқа - мәрифатқа көтериледи, бунда суфистлер дүньяның бирлигине Қудайдың барлығына (әлем-Қудайдың эманациясы екенлигин) жақсылық ҳәм жаманлықтың келип шығыўын ақыл менен емес, кеўил менен аңлаў керек, - деп талқыйын етеди. Төртинши басқыш - ҳақыйқат делинеди. «Ҳақыйқатқа ерисиў» суфистиң жеке адам сыпатында (шахс сифатида тугаб) Аллаға ерисиўи, оған сиңип кетиўи ҳәм нәтийжеде мәңгиликке ерисиўи, - деп атап өтилген.[1]

Хожа Ахмет Яссаўийди жәҳәндеги көп ғана мәмлекетлерге суфистлик тәлийматтың атақлы ўәкили сыпатында таныткан идеялар шайырдың руўхый жақтан пәк, кәмил инсан дәрежесине жетиўге умтылыўы, бул жолда оның жоқарыдағы суфистлик тәлийматтың төрт басқышына әмел етип жасаўы болды. Сондай-ақ Хожа Ахмет Яссаўий ҳикметлеринде баян етилгениндей шайыр күтә жас ўақытларынан баслап-ақ өзи жасаған дүньяның ҳәр қандай жаман ислеринен түңилип, жақсы нәрселерге ерисиўге тынбай умтылады. Бул жолда ол өз нәпсин тыйыўға ҳәм өз ерки, қәлеўи менен ҳаққа, жалғыз аллаға сыйыныўға, шәрият жолынан жүриўге ҳәм Қуран тәлийматлары тийкарында ис тутыўға қарар етеди. Буны мусылманшылықтың баслы парызы деп биледи. Сонлықтан да ол:

Қул Хожа Ахмед, қырыққа кирдинг нафсингни қирқ,
Мунда йиғлаб,охиратда бўлғил арик(покиза,соф,тиник)
Пушти имон шориотдур, мағзи тариқ,
Тариқ кирган ҳақдин улуш олди дўстлар,[2] - деген идеяларды алға сүреди. Бул идеялар соңынан Әлишер Наўайы, Мақтымқулы, Күнхожа,

[1] Ислом. Справочник.–Тошкент: Ўзбек совет энциклопедияси, 1989. 247-248-б.
[2] Ахмад Яссавий. Ҳикматлар. – Тошкент: Адабиёт ва санъат, 1991. 56-б.

Әжинияз, Бердақ, Өтеш шайырлардың дидактикалық мазмундағы қосықларының руўхый дәрегине айланғаны мәлим.

Хожа Ахмет Яссаўийдиң ҳикметлери бастан-аяғына ислам дининиң қағыйдалары ҳәм суфистлик тәлийматтың идеялары менен тереңнен суўғарылған. Шайыр өзи жасаған дәўирдиң реаль көринисин, тәртип ҳәм қағыйдаларын, түрли кәсип ийелериниң жасаў жағдайларын ашықтан-ашық сәўлелендирди.

Сонлықтан да Хожа Ахмед Яссаўийдиң «Ҳикметлери»н баспаға таярлаўшы автор Иброҳим Хаққулов усы күнге шекемги айырым тарийхшы ҳәм әдебиятшылардың илимий мийнетлериндеги шайырды диний мистик әдебияттың ўәкили сыпатында тәрки дүньяшылықты (аскетизмди) ҳәм диний реакцион идеяларды жырлаған шайыр, - деген тийкарсыз пикирлерин қатаң сынға алады ҳәм шайыр дөретиўшилиги бойынша мынадай баҳалы пикирлерин билдиреди: «Яссаўийдиң дүньяға болған көз-қараслары бизиң дәўиримиздиң адамларына қарағанда басқаша бериледи. Шайырдың муҳаббат, әдиллик, қанәәт, парасат сияқлы мәселелерге қатнасы өзгеше берилгенлигинде шубҳа жоқ. Ол өз дәўириниң перзенти сыпатында ислам дининиң көрсетпелерине ҳәм ислам ақыйдаларына сүйенип ис тутады. Буны оның өзи де дәлиллеп береди. Шайыр ҳикметлериниң биринде мынандай қатарларды оқыймыз:

Хушлам ойдур олимлар буни ойғон туркини,
Орифлордин эшитсанг, агар кўнгул мулкини,
Оят, ҳадис, Маъноси турки бўлса мувафиқ,
Маъносига етганлар, ерга қўяр бўркини.

Әлбетте Яссаўий «оят», «ҳәдис» мазмунларын арабшадан солайынша өзлестирип алмаған. Оларға шайыр идеялық, әдеп-икрамлылық, философиялық мақсетлер жүзесинен мүражат етип, орны-орны менен

пайдаланған. Дин, ҳәкимият, жәмийет ҳәм дәўир ушын бул тәбийғый ҳәдийсе деп қаралыўы керек.[1]

XIX әсирдеги қарақалпақ шайырларының дөретиўшилигин изертлеўге арналған көпшилик илимий мийнетлерде классик шайырлардың динге болған көз-қарасларына жетерли кеўил бөлинбегенлигине қарамастан айырым илимий мийнетлерде, мысалы, Н.Дәўқараевтың Бердақ шайырдың дөретиўшилигине арналған изертлеўлеринде мынадай дыққатқа ылайық пикирлер орын алған: «Бердақтың динге көз-қарасы оның жалпы дүньяға көз-қарасы менен белгиленеди. Бердақтың қосықларына қарағанда, ол диннен биротала безген атеист болған емес, бирақ тап қартайған ўақтына дейин динге онша кеўил қоймаған. ...Әлбетте, буннан Бердақты динсиз еди, динге қарсы еди демекши емеспиз. Ол қудайға, динге инанғаны шығармаларындағы қосық қатарларынан көринеди».[2]

Бердақ шайырдың бир қатар лирикалық қосықларындағы:

Бәршени яратқан қәдир қудайым,
Берсең бул бендеңе, ҳақлық жолын бер.
(«Маған бер»)

Әй, қудайым, бизге, ақыл дана бер,
Айтқан сөзге, палдан татлы маза бер.
(«Халық ушын»)

Бердимурат ҳақтың қулы,
Саҳрада өскен бүлбили.
(«Өмирим»)

Мен аллаға дад етермен,
Кәмбил пирди яд етермен.
(«Мениң»)

Әжинияз шайырдың бир қатар лирикалық қосықларындағы:

---

[1] Ахмад Яссавий. Ҳикматлар. – Тошкент: Адабиёт ва санъат, 1991. 6-б.
[2] Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. III томлық. III том. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1979. 114-б.

Адамды жаратқан қәдир қудайым,
Бендеңе тәўекел рәҳим керекти,
Қудайым қалдырма қайғы-ғәплетте.
Бир басқа бир саўда болса керекти.
(«Керекти»)

Қудайға қас илмиғайып,
Сөз айттың бизге әжайып,
Бенде йоқдур ҳеш айыпсыз,
Бир қудайда жоқдур айып.
(«Бәрше бирдей болған емес»)

Аллам берсин бәндасиниң мурадын,
Краман қатиби язарлар хатын,
Бәршени ятратқан қәдир қудадин,
Инаят болмаса, султан болурмы -
(«Болурмы»)

қатарларында «қудайың», «ҳақ жол», «алла» түсиниклери шайырлар жасаған заманда бәрше адамлардың руўхый ҳәм ҳуқықый таянышы болған ислам тәлийматы менен шәрият талапларынан келип шықты. Лекин бүгинги күнге шекемги айырым илимий изертлеўлерде классик шайырлардың динге болған көзқараслары бурмаланып, олар гейде атеист сыпатында талқыланды. Усылардың ақыбетинен Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш шайырлардың ислам тәлийматларына тийкарланған дидактикалық ой-пикирлери дыққаттан шетте қалып қойды, усы ҳаққында сөз етиў бүгинги күнниң баслы ўазыйпасы болып отыр.

Шығыс шайырларының дидактикалық мийрасларындағы гуманистлик идеялар рәңбәрәң мәселелерди өз ишине қамтыйды. Олардың ең баслысы жәмийеттеги социаллық жақтан әззи қатламларға, яғный жетим-жесирлерге ҳәм ғәрип-қәсерлерге жәрдем қолын созыўға нәсиятлаўшы ой-пикирлеринде көринеди.

Пайғамбар ҳәдислерининң көпшилигинде дерлик (278-ҳәдисте): «Мен (пайғамбар) мөминлерди ҳәммеден де жақсы көремен», (17-ҳәдисте) «Жетимге қайырқом бол, басынан сыйпа, тамағын тойдыр»[1] ҳ.т.б. нәсият сөзлери берилген болса, Хожа Ахмет Яссаўийдиң бир қатар ҳикметлеринде де усы мәселелерге терең дыққат аўдарылған.

Ғариб, фақир, етимларни кунли овлаб,
Кўнгли қаттиқ халойиқдин қочдим мано.
Уммат бўлсанг гарибларга тобе бўлгил,
Оят, ҳадис ҳар ким айтса соме бўлгил,
Оқил эрсанг ғарибларни кўнгли овла,
Мустафодек элни кезиб етим ковла.
Ғариб, фақир, етимларни қилғил шодман,
Хақлар қилиб аззи жонинг айла қурбан.[2]

Өзин Хожа Ахмет Яссаўийдиң садық шәкирти есаплаған, суфистлик тәлийматтың белгили ўәкили Сулайман Бақырғанийдиң (Ҳәким атаның) (1122-1180) бир қатар диний мазмундағы ҳикметлери де елдеги социаллық жақтан әззи топарларға арнап жазылған. Бул ҳаққында шайыр:

Қул Сулайман гавҳар янлиғ ҳикмат түзди,
Азизларнинг мадҳи бирлар сузни ёзди,[3] - деп жырлайды.

Яссаўий ҳәм Бақырғанийдиң дәстүрлерин даўам етиўши, халқымыз арасына «Дийўанайы Мәшреп» аты менен танылған суфист шайыр Бабарәҳим Машрабтың (1657-1711) бир қатар ғәззеллеринде де гуманистлик идеялар үзликсиз алға сүриледи.

Не гунаҳ қилдим, ҳудо, дүньяда мен бўлдим ғариб,
Ҳар қаерда бекасу бечараға ҳамханаман.[4]

---

[1] Муҳаммад пайғамбар қиссаси. Ҳадислар. – Тошкент: Камалак, 1991. 52-73-б.
[2] Ахмад Яссавий. Ҳикматлар. – Тошкент: Адабиёт ва санъат, 1991. 41-44-б.
[3] Сулаймон Бақирғоний. Бақирғон китоби. – Тошкент: 1991. 35-б.
[4] Боборахим Машраб. Меҳрибоним қайдасан. – Тошкент: Адабиёт ва санъат, 1990. 127-б.

Усылайынша шайырдың тәғдири елдеги әззи қатламлардың тәғдири менен беккем сабақласады. Ол қай жерде болмасын елдеги ғәрип-мискинлердиң тәрепинде екенлигин өз ғәззеллеринде баян етеди. Оларға тәселле айтып, ҳәмдәрт болады.

XVIII әсирдеги жәмийетлик қубылыслардың, адамлардың социаллық турмысының алғаў-далғаў болып турған дәўиринде жасаған түркмен халқының уллы шайыры Мақтымқулы бир қатар дидактикалық қосықларында усы мәселеге баслы дыққат аўдарады:

Ҳасла адамзатқа ашшы сөз айтпа,
Пақыр мискинлерге шарапат жақсы,
Бақылға бас урып, жүзди сарғайтпа,
Зәриў исиң түссе азамат жақсы.

Жетимди көргенде күлер жүз бенен,
Қолдан келсе, оған тағам-дуз бериң,
Қапалық көргенге, тәселле бериң,
Ғәрипти қоллаўға ҳимаят жақсы,
Ғәриплик деген дәрт адам өлтирмес,
Өлтирген менен сени күлдирмес.[1]

Шайыр ҳәр бир адамның ҳәр күни саўаплы ис етиўин, әсиресе, елдеги ғәрип-мискинлерге, жетимлерге жәрдем қолын созыўын мусылманлықтың баслы парызы деп биледи. Оларға жақсы, мүлайым қатнаста болыўды ҳәм ғам-қайғысына шерик болып, тәселле айтыўды инсан баласындағы ең жоқары уллы пазыйлет сыпатында нәсият етеди.

Усы тәриздеги социаллық мәселелерди қарақалпақ шайырлары Күнхожа, Әжинияз ҳәм Бердақтың дидактикалық мазмундағы қосықларында көплеп гезлестиремиз. Мысалы, Күнхожа Ибрайым улының «Жетимниң ҳақын жеп қойма» қосығында тиккелей жәмийеттеги әззи қатламлардың мәплерин қорғаў мәселеси қозғалады:

[1] Мақтымқулы. Қосықлар. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1984. 64-65-б.

Мөҳмин бенде жетим ҳақтың қулыдур,
Жетим ҳақын, наинсаплар, жеп қойма,
Туўрышылық ҳақ безирген жолыдур,
Жетимлердиң ҳақыларын жеп қойма.

Жеме ҳақын адамлардың ҳеш қашан,
Өтерсең дүньядан жесең бий нышан,
Ғәрип-қәсер мөҳмин пуҳара инсан,
Жетимлердиң ҳақыларын жеп қойма.[1]

Қосықта бәрше адамларды нәпси бәлесинен аўлақ болып, ийманлы-инсаплы, қайыр-сақаўатлы болыўға үндейтуғын ақыл-нәсият пикирлери орын алған. Бердақтың «Балам», «Қашан рәҳәтланадурсаң», «Халық ушын» қосықларының идеясында да үлкен-киши үлги, ибрат алғандай пайдалы мәсләҳәтлер бериледи.

Жетим көрсең, қолыңды бер,
Аға болса, кейнине ер,
Ғәрип көрсең, ақылыңды айт,
Оңлы болса, қасыңа тарт.[2]

(«Балам»)

Болай десең елге мырза,
Еллериңди қылғыл ырза,
Ғәриплерге берме ыза,
Өзиң зыян қыладурсаң,
Дуўры тутсаң нийетиңди,
Халыққа бурсаң бетиңди,
Сыйласаң ғәрип-жетимди,
Шын азамат боладурсаң.[3]

(«Қашан рәҳәтланадурсаң»)

---

[1] Күнхожа. Ел менен. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. 46-б.
[2] Бердақ Таңламалы шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. 110-111-б.
[3] Сонда …87-б.

Бердимурат тыңлап, сөзиңди көргил,
Жүрген соқпағыңнан, изиңди көргил,
Ғәмгүн болма, ғәриплерге қол бергил,
Сонда, еткениң мөҳминлер ушын.[1]
(«Халық ушын»)

Шығыс шайырлары бойсынған ҳәм қәдирлеген шәрият нызамларында жәмийеттиң бир бөлеги болған неке ҳәм шаңарақ мәселелерине үлкен итибар қаратылған. Онда ерлер менен ҳаял-қызлардың шаңарақта тутқан орны, жеке адам сыпатындағы қәдир-қымбаты, ҳуқық ҳәм ўазыйпалары, перзентлер тәрбиясына теңдей жуўапкер екенлиги атап өтилген. Әсиресе, ерли-зайыплардың некеде бирге болыўы, олардың өз некалысына садықлығы менен опадарлығы қатаң талап етилген. Сондай-ақ ислам тәлийматларының даўамы есапланған Мухаммед пайғамбар ҳәдислеринде де усы мәселелер кеңнен нәсият етиледи. Мысалы: (344-ҳәдисте) «Үйлениңлер, көбейиңлер, себеби мен қыямет күнинде үмметлерим арасында сизлердиң көплигиңиз бенен мақтанаман», (212-ҳәдисте) «Егерде кимде-ким өзиниң жупты ҳалалына (некели ҳаялына ) сүйиўшилик пенен қараса, ҳаялы да оған сүйиўшилик пенен қараса, Аллатаала да оларға мийрим-шәпәәт пенен қарайды», (830-ҳәдисте) «Кимде-ким биреўдиң ҳаялын азғырса, ол бизден емес (яғный пайғамбар үмметлеринен емес»)[2], - деген бир неше үгит-ўәсиятларында адамлардың бирликли шаңарақ қурыўын ҳәм өсип-өниўин үлкен бахыт деп есаплайды. Және де, ерли-зайыплар арасындағы опадарлықты ҳәм меҳир-муҳаббатты улығлаў менен бирге, оларды ҳәр қандай гүналы ҳәм ҳарам ислерден аўлақ болыўға шақырады.

Жоқарыдағы диний әдебияттағы социаллық, философиялық ҳәм этикалық жуўмақлар Шығыстың уллы шайырларына унамлы тәсирин тийгизеди. Мысалы, Әлишер Наўайы өз ҳикметлериниң биринде:

---

[1] Бердақ Таңламалы шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. 78-б.
[2] Муҳаммад пайғамбар қиссаси. Ҳадислар. – Тошкент: Камалак, 1991. 68-73-78-б.

Юз туман нәпәк ердан яхширок,

Пок хотунлар аёғининг изи[1] - деген қатарларында шәрият нызамларына тийкарланып пикир айтады.

Шайыр ҳаял-қызлардағы пәклик, опадарлық, ҳәм азадалық қәсийетлерди ҳадаллықтың нышаны сыпатында жоқары баҳалайды. Ал Мақтымқулы өзиниң «Яр болмағыл» қосығында адамларға өмирлик дос, ҳадал жупты таңлаўына унамсыз тәсир ететуғын нақолай иллетлерден аўлақ болыўын былайынша нәсият етеди:

Нәсият берейин кеўлим,
Нәмәҳремге яр болмағыл,
Ҳәр ким көрсең ярым дейип,
Изинде гириптар болмағыл.[2]

Жоқарыдағы диний ҳәм әдебий мийрасларда қозғалған ҳадал неке, бирликли семья қурыў мәселеси қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларында баслы темаға айланды. Мысалы, Әжинияз шайырдың «Йигитлер» қосығында енди қурылатуғын шаңарақтың дәрегине үлкен итибар қаратады, яғный шаңарақтың уйтқысы болған ҳаял-қызлардың тәрбиялы, көргенли семьядан болыўы әдеп-икрамлылық тырнағына қурылған семьяны пайда етеди деген түсиниклерди ортаға қояды.

Үйленсең, үйленгил сорап ҳәм затын,
Исмин, нәслин, жети пушты-әждадын,
Беглер әлге түссе бир жақсы қатын,
Үни шықпас, аның фейли кең болур.[3]

Шайыр «Жақсы» қосығында да ерли-зайыплардың бир-бирине болған ҳадал қатнасын, опадарлығын жақсы пазыйлет сыпатында нәсият етеди.

Кисиниң ярына күлип баққаннан,
Шыбын жаның ышқы отына жаққаннан,

---

[1] Алишер Навоий. Хазойинул-маоний. II том. Наводируш-шабоб. - Тошкент: 1959. 696-б.
[2] Мақтымқулы. Қосықлар. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1984. 157-б.
[3] Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 96-б.

Өз бойыңа түрли насақ таққаннан,
Өз ярыңның тәрбиясын бер жақсы.[1]

Бердақ шайыр «Халық ушын» қосығында халықтың ғамын ойлайтуғын ақыллы, мәрт ҳәм опадар адамлар ғана ели, халқы ушын аянбай хызмет етеди. Олар өз ярына, шаңарағына қаншелли садық ҳәм опадар болса, ели-халқына да сондай қатнаста болады деген түсиниклерди алға сүреди.

Ақыл адам сөзлер ертпес изине,
Шөп салмас ярының ҳәргиз көзине,
Бақпас нәмәҳремниң ҳасла жүзине,
Солар хызмет етер бәрҳә халық ушын.[2]

Шайыр «Жақсырақ» қосығында ерли-зайыпларға игри жолдан ҳәм нәкас ислерден гөре дурыс жолдан жүриўдиң ҳәм ҳадал ислердиң абзаллықларын былайынша үгит-нәсият етеди:

Ғайры биреўлерди етип қурдасың,
Жүрме ағызып дилбарыңның көз жасын,
Жаман болса да ол өмирлик жолдасың,
Ўақытша қол берген ҳүрден жақсырақ.[3]

Бизди қоршаған орталықтың, жәмийеттиң избе-из раўажланып барыўы менен бирге адамлар арасындағы парық, ямаса олардың жүрис-турыс, минез-қулық әдеплери «жақсы», «жаман» сыяқлы салыстырмалы түсиниклер менен белгилеп берилген. Мысалы, «Қуран» тәлийматларында: жақсылық ҳәм жаманлық арасындағы гүреслер мөминлер менен кәпирлердиң арасындағы қарама-қарсылықлардың, келиспеўшиликлердиң тийкарында келип шығады. Егер де мөминлер-мусылманшылықтың барлық тәртип ҳәм қағыйдаларына әмел етиўши ҳәм әтирапындағы адамларға тек ғана жақсылықты инам етиўши жақсы минез-қулықтағы адамлар болса, кәпирлер «Қуран» тәлийматларына бойсынбайтуғын, әтирапындағы адамларға жәбир

[1] Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 97-б.
[2] Бердақ Таңламалы шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. 76-б.
[3] Сонда… 83-б.

келтиретуғын, жаман қәсийеттеги адамлар,-деп қаралған. «Қуран» тәлийматларының даўамы болған Мухаммед пайғамбар ҳәдислеринде де адамлар жүрис-турыс ҳәм минез-қулық әдеплери менен еки тайпаға бөлип қаралады. Мысалы, (413-ҳәдисте) «Жақсыларыңыз хош қылықлы болып, адамларға жәрдем бериўши, яғный этирапындағылардың жақсы өмир сүриўине имкан бериўши адамлардур», «Жаманларыңыз адамлар рәҳәтин бузыўшы, көп сөзли, тили ашшы кисилердур», (427-ҳәдисте) «Адамлардың жақсысы адамларға пайдасы тийетуғынлар», (505-ҳәдисте) «Адамлардың жаманы - (шаңарағына) басқаларға тарлық қылған кисидур»[1] сыяқлы нәсиятлар берилген.

Усы идеялар тийкарында Шығыс фольклоры менен жазба әдебиятларында көплеген шығармалар дөретилди. Мысалы, Әлишер Наўайы өзи жасаған жәмийеттеги кәспи-кәри, турмыс тәризи, жасаў шәраяты, лаўазымы, хызмети бойынша түрли тайпаға бөлинген адамлардың минез-қулық, жүрис-турыс әдеплерин «Маҳбубул-қулуб» шығармасында кеңнен сәўлелендирди. Ол өзи сүўретлеген тайпа адамларының жақсы ҳәм жаман пазыйлетлеринен заманласларын, әсиресе жасларды хабардар етиўди мақул тапты. Шайыр китаптағы жүзден аслам пәнди үгитлериниң бир қаншасын да «жақсы адам» менен «жаман адам» арасындағы парқты былайынша тәриплейди: «Жаман менен жақсының арасында парқ көп. Кимлер менен болсаң-солардай болғаның. Олар жаман болса, сен де жамансаң, олар жақсы болса, сен де жақсысаң. Демек, жақсылар изине ерген жақсырақдур ҳәм қәўип-қәтерден жырақ боласаң. Көплеген қәбилетли кисилер жақсылардан айрылды, жаманлардың сәўбети оларды набыт етти».[2]

Сонлықтан белгили өзбек жазыўшысы ҳәм алымы Ғ. Ғафуров «Шарқ жавоҳирлари» китабында Наўайының лирикалық ҳәм лиро-эпикалық шығармаларындағы ақыл-нәсият пикирлерине кеңнен тоқтайды: «Наўайы

---

[1] Муҳаммад пайғамбар қиссаси. Ҳадислар. – Тошкент: Камалак, 1991. 85-86-91-б.
[2] Алишер Навоий. Маҳбубул-қулуб. XV томлик. XIII том. - Тошкент 1983, 92-б.

«Маҳбубул-қулуб» шығармасында адамларды социаллық топарларға бөлиўде әдеп-икрамлық факторын тийкар етип алды»,[1] - деп оғада дурыс баҳа береди.

Әлишер Наўайы бир қатар бәйитлеринде жәмийеттеги жақсы ҳәм жаман қулықтағы адамлардың моральлық келбетин былайынша сыпатлап өтеди:

Адам деп атамаң ондай адамды,
Халық ғамын ойламаған жаманды.
Адам баркий адамлардың нақшыдур,
Адам баркий оннан ҳайўан жақсыдур.[2]

Түркмен классиги Мақтымқулы да өзин қоршаған орталықтағы адамлардың минез-қулық нормаларына тийкарланып пикир айтады. Шайыр жәмийеттеги адамлардың жақсы ҳәм үлгили әдетлерине кеўили толса, ал гейпара адамлардың ақылсызлығы, наданлығы, өтирикшилиги, ғыйбаткешлиги, бузықшылығы сияқлы жаман иллетлеринен түңиледи. Оларды нәсият жолы менен дүзетиўге ҳасла жалықпайды. Мысалы, шайырдың төмендеги қосық шуўмақларында қәлеген адам үлги ҳәм ибрат алғандай ақыл-нәсият пикирлери берилген.

Ақыл болсаң, жақсыларға ҳәмдам бол,
Ақмақ өзин надан менен яр әйлер,
Мақтымқулы, енди өзиңди гөзле,
Жақсыны тәриплеп, жаманды дүзе.[3]

Адамлар ишинде адам не қыйлы,
Жанға ҳазар берер адам жәҳили,
Адамлар бар, гелледеги ақылы,
Кийген телпегиниң пулына турмас.

Адам бардур дурыслық үйин буздырған,
Дуўры жүрген журтты жолдан аздырған,

---

[1] Ғафуров Ғ. Шарқ жавоҳирлари. – Тошкент: Маънавият, 2000. 140-б.
[2] Мәмбетов К. Наўайы ҳәм қарақалпақ әдебияты. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1991. 21-б.
[3] Мақтымқулы. Қосықлар. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1984. 49-50-б.

Сыр айтсаң, паш етип, елге гездирген,
Ғыйбаткештен артық шайтан болур ма.[1]

Әлбетте, дәўирлер өтиўи менен адамлар арасындағы жақсы ҳәм жаман қәсийетлер бирден өзгерип кетпеди. XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш жасаған дәўирде де адамлардың жақсы ҳәм жаман әдетлери олардың түр-түси ямаса бой-сынына қарап емес, жүрис-турысы, минез-қулқы, сөйлеген сөзи менен ислеген ис-ҳәрекети тийкарында белгилеп берилди. Мысалы, Күнхожаның «Басты хор әйлер» қосығында жаманларға ерип хор болғаннан гөре, пейли кең жақсы ҳәм мәрт адамларға ерип ис тутыўдың абзаллықларын былайынша атап өтеди:

Жақсының жомартлық кирер кеўлине,
Оның қуда берер ығбал-пейлине,
Жақсының халық ерер қалмай кейнине,
Жаманнан бас болса, басты хор әйлер.[2]

Әжинияз шайырдың «Жақсы» қосығында да адам баласының инсаныйлық келбети түр-түсинен емес сөйлеген сөзи менен парықланады, және де өзи сыпатлас адамның қәдирин билмеген адамнан мал жақсы, айтқан сөздиң мәнисин билмегеннен тилсиз адам жақсы, - деген конкрет пикирлер ортаға қойылады.

Яқшыны пәҳим әйле сөзләгән сөздин,
Яманның парқы йоқ, көз бирлә йүздин,
Адам улы адам қәдирин билмесе,
Оннан дүзде отлап жүрген мал жақсы.
Айтқан сөздиң мағанасын билмесе,
Ол адамнан тилсиз өскен лал жақсы.[3]

Бердақ шайырдың бир қатар дидактикалық қосықларында, мысалы «Халық ушын» қосығында:

---

[1] Сонда… 17-49-б.
[2] Күнхожа. Ел менен. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. 16-б.
[3] Әжинияз. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1975. 122-123-б.

Жақсы адам сөз мәнисин аңлайды,

Жаман адам пасық сөзди тыңлайды,

Жақсыны пәм әйле сөйлеген сөзден,

Жақсы-жаман парқ болмас реңки-жүзден,[1] - деген пикирлер Шығыс шайырларының ҳәм өзи менен жасаған заманлас шайырлардың ақыл-нәсият пикирлери менен беккем сабақласады. Әлбетте, шайырлар өзи жасаған дәўирдиң социаллық мәселелеринен шыға отырып, адамлардың жүрис-турыс әдеплерине этикалық жуўмақ жасайды. Сондай-ақ Өтеш шайырдың «Яңлыды» қосығында жәмийеттеги адамлардың мораллық келбетине, адамгершилик қәсийетлерине, жақсы ҳәм жаман пазыйлетлери жүзесинен баҳа бериледи:

Бул заманда адамлардың,

Биразы адам яңлыды,

Бул заманда адамлардың,

Биразы доңыз яңлыды.[2]

Шайырдың «Болар», «Қарыз алма», «Ур», «Сәўмеймен» деп аталған дидактикалық қосықларында көтерилген мәселелерде турмыс таярлап берген ҳәдийселердиң тийкарында келип шықты. Мысалы, шайырдың «Қарыз алма» қосығында:

Сөз мәнисин билмегеннен,

Орнын таўып күлмегеннен,

Киси менен жүрмегеннен,

Саяқлардан ақыл алма,[3] - сыяқлы қатарларда өзин жәмийеттен, этирапындағы адамлардан аўлақ тутатуғын, сөз мәнисин билмейтуғын, киси ақылын алмайтуғын, надан ҳәм ишкерне, саяқ адамлардан ҳәргиз ақыл алмаўды нәсият етсе, қосықтың келеси шуўмағында

---

[1] Бердақ. Таңламалы шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. 81-б.

[2] Өтеш шайыр. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1978. 17-б.

[3] Сонда…64-б.

жақсы ислери менен ел, халыққа үлгили, ырас сөзли адамлар менен дос ҳәм жолдас болыўды ҳәр бир адамға былайынша нәсият етеди:

Жақсы айтар ырасын,
Ҳәр адамға мийрасын,
Ҳәр бир сөзлери қорғасын,
Ол адамнан қашық болма.[1]

Ал шайырдың «Ур» атамасындағы қосығында адамларға кери тәсир жасайтуғын унамсыз иллетлердиң алдын алыўды, қолдан келсе жаман иллетлерди жоқ етиў идеясын алға сүреди.

Жаслардың өзинен алдыңғы әўладлардың турмыс тәжирийбесинен үзликсиз үйренип барыў ҳәм олардың ақыл-нәсият сөзлерине, мәсләҳәтлерине қулақ түрип ер жетиўи шығыс халықлары тәлим-тәрбиясында сынап көрилген әжайып дәстүрлердиң бири. Мысалы, Мақтымқулы «Тасты сындырар» қосығында:

Қулағың сал, ақылын ал билгенниң,
Ақыры ҳеш жерге бармас жалғанның,
Өмири зыят болар алғыс алғанның,
Ғарғыс ҳеш мандытпас, жасты сындырар,[2] - деп жырласа, «Болмас», «Келер», «Бас болма», «Исиң заўқы-сапа болар», «Нәўбет берилмеген жерде», «Кетиўши болма», «Аңламас» ҳ.т.б. бир қатар дидактикалық қосықларында ҳәр бир адамға, әсиресе жасларға Ўатанды сүйиўди, туўры ҳәм ҳақ жолдан жүриўди, қайыр-сақаўатлы болыўды, нәмәрт адамлардан аўлақ болып, мәрт адамлар менен жүриўди, сөйлер сөзиңди ҳәм отырар орныңды билиўди, жақсы адамлардан үлги алып, жаман ҳәм бақыл адамлардан аўлақ болыўды нәсиятлаўшы пайдалы мәсләҳәтлер береди. Түркмен ҳәм қарақалпақ әдебиятының байланысы мәселесин изертлеўши алым К. Қурамбаевтың: «Мақтымқулы лирикасының үлкен бир бөлегин

---

[1] Өтеш шайыр. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1978. 67-б.
[2] Мақтымқулы. Қосықлар. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1984. 16-б.

дидактикалық мазмундағы шығармалары тутады. Халық даналығын өзинде жәмлеген нәсият қосықлары бир неше әсирлерден берли халқымыздың кеўлинен жай алып әўладтан-әўладқа таўсылмайтуғын руўхый ғәзийне сыпатында мийрас болып келмекте»,[1] - деген пикирлеринде үлкен мәни бар. Қарақалпақ шайырлары Бердақ та, Өтеш те усы руўхый идеялардан сарқылмас күш алды. Олар өзинен алдынғы әўладтың турмыс тәжирийбелерин, алғыс, ақыл-нәсият сөзлери менен мәсләҳәтлерин жәмийеттиң избе-из раўажланыўының баслы тиреги сыпатында жасларға ўәсият етти. Мысалы, Бердақ шайыр «Екен» қосығында:

Билгир сөзи ўәсиятдур,
Яқшылардан шарафатдур,
Ғарры сөзи нәсиятдур,
Билмегенлер надан екен.
Билгенлерди тыңламаған,
Гәп мәнисин аңламаған,
Үлкеннен нәсият алмаған,
Ақылсызлық болған екен,[2] - деген қатарларында

көпти көрген, билимли, улама адамлардың хызметинен, ақыл-нәсият сөзлеринен үлги алмаған айырым жасларды ақылсыз, надан адамлар қатарына қояды. Ал Өтеш шайырдың «Ур» қосығында усындай наданлықтың, ақылсызлықтың алдын алыўды, жоқ етиўди, жасы үлкен әўладтан ақыл сөз тыңлап, алғыс алыўды дәстүрий жол, тәрбия куралы етеди:

Жасы үлкеннен ақыл алғыл,
Ақыл менен алғыс алғыл,
Оңбайын десең ғарғыс алғыл,
Халық жылатқанның аўзына ур.[3]

---

[1] Құрамбаев К. Кеўил-кеўилден суў ишер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1991. 15-б.
[2] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 111-б.
[3] Өтеш шайыр. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1978. 70-б.

Әлбетте бул идеялардың сағалары ертедеги ислам ақыйдалары менен пайғамбар ўәсиятларынан басланады. Мысалы, (369 -ҳәдисте) «Ата-ананы ренжитип, олардың ғарғысын алған адамға Аллатаала қыямет күни рәҳим етпейди», (555-ҳәдисте) «Аталарыңызға жақсылық қылыңлар, балаларыңыз сизлерге жақсылық қылады»[1], - деген ўәсиятлар қалдырылған болса, бул пикирлер Шығыс шайырларының шығармаларында мазмуны ҳәм тематикасы жағынан бири-бирине үнлес келеди. Шығыс шайырларының дидактикалық қосықларында ата-ана ҳәм перзентлер арасындағы жақсы ҳәм мүлайым қатнасларға итибар берилип, мусылманшылық парызлары сөз етиледи. Әлишер Наўайы «Ҳайратул-абрар» шығармасында:

Басыңды пидә ет ата басына,
Өзиңди пидә ет ана қасына,
Олар ушын өмириңше хызмет ет,
Бирин ай есапла, бирин қуяш бил,[2] - деп нәсият етеди.

Ал Мақтымқулы ата-ананың қуўанышы менен сүйиниши болған жақсы ул-қызлардың үлгили ислеринен төмендегише жуўмақ шығарады:

Жақсы ул-қыз ата-анасын ынжылтпас,
Ақыллардың айтқан сөзин булжытпас,
Жақсы ул-қыз, ҳаял бергей илайым,
Бул дәўлет ҳәмменин қолына тиймес.[3]

Бердақ шайыр да «Балам» қосығында жасларға ата-ана алдындағы перзентлик парызлары менен қарызларын былайынша уқтырып өтеди:

Ата-анаңды қәдирле,
Өлгениңше жақсы сөйле,
Мал тапсаң торқаға бөле,
Өсериңе жақсы, балам.[4]

---

[1] Муҳаммад пайғамбар қиссаси. Ҳадислар. – Тошкент: Камалак, 1991. 81-94-б.
[2] Мәмбетов К. Өзбек ҳәм қарақалпақ әдебий байланыслары. -Нөкис: Қарақалпақстан,1992. 36-б.
[3] Мақтымқулы. Қосықлар. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1984. 74-б.
[4] Бердақ. Таңламалы шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. 110-б.

Сонлықтан әдебият изертлеўшиси Қ. Жәримбетов шайырдың «Балам» ҳәм «Билгейсиз» сыяқлы дидактикалық қосықларын кең түрде таллап, олардың жаслар тәрбиясындағы әҳмийетин белгилеп береди: «Бул қосықларда, өмирден, жәмийеттен енди ғана өз орнын излеп жүрген, турмысқа енди қәдем қойып атырған жасларға ақыл-нәсият, мәсләҳат, жол-жоба бериледи. Туўры жол менен игри жолдың қандай болатуғынлығын түсиндиреди. Ең биринши гезекте ҳәр бир азамат өз ели, халқы менен бирге болыў керек («Халқың қалмасын қасыңнан»). Шығармадағы лирикалық қаҳарман жаман менен жақсының парқын билиўди, жақсы адамға (бәлким, уламаға, ел басқарған бийге, қолы гүл өнерментке) ерип, жаманнан (ғыйбеткештен, қыянетши, ашкөз, сықмардан, нәмәрттен) аўлақ жүриўди нәсият етеди».[1] Бердақтың «Халық ушын», «Жақсырақ», «Надан болма», «Қашан рәҳәтланадурсаң» қосықларында да қәлеген адам, мейли үлкен яки киши болыўына қарамастан үлги алғандай үгит-нәсият пикирлери берилген. Усылайынша шайырлар жаслардың минез-қулық, жүрис-турыс әдеплерин дидактикалық қосықларында тийкарғы мәселе етип алады.

Орта Азияда кеңнен тараған суфийстлик тәлийматтың бир көриниси сыпатында XIV әсирлерде нақышбәндийлик тәлийматы жүзеге келди. Бул тәлийматтың тийкарын салыўшы ҳәм таратыўшы 1318-1389 жыллары Бухарада жасаған уллы шайых Баҳаўатдин Нақышбәндий болды. Оның идеялары суфистлик тәлийматтың тийкарында келип шықты. Лекин нақышбәндийлик тәлийматтың идеялары ҳәм адамлардың алдына қойған талаплары суфистлик тәлийматтан пүткиллей өзгешеленип турады. Бул ҳаққында белгили әдебият изертлеўшиси Эргаш Рустамовтың «XV әсирдиң биринши ярымындағы өзбек поэзиясы» деген мийнетинде, орта әсирлик феодаллық дәўирлерден баслап-ақ, Орта Азияда кеңнен таралған нақышбәндийлик тәлийматы ҳаққында мынандай мағлыўматлар бериледи:

[1] Жәримбетов Қ. Бердақтың нәсиятлары - бизиң руўхый ғәзийнемиз. - Нөкис: Руўхый мәдений ҳәм ағартыў орайы, 1998. 15-б.

«Усы дәўирде Маўараннаҳр ҳәм Хорасанда нақышбәндийлик-суфистлик жолы кең тарқалды. Нақышбәндийлердиң тийкарғы сүрени Муҳаммед пайғамбар ҳәм саҳабалар жасағандай жасаўға, пайғамбардың жасаў усылын қайта тиклеўге умтылыў еди. Нақышбәндийлик тәлийматы басқалар есабынан жасаўға қарсы болады. Олар тек ғана маңлай тери, өз қолы менен мийнет етип табылған затларды ҳадал деп есаплайды. Усы қағыйданы Нақышбәндий де өз тәлийматына тийкар етип алды ҳәм усы тәлийматқа сүйенип Нақышбәндий бир қыйтақ жерге егин егип, дийқаншылық пенен тиришилик етти.

Нақышбәндийлер ҳәр қандай тәрки дүньяшылыққа ҳәм мүлк ийелериниң ғәрип - мискинлерди езиўлерине қарсы шықты. Олар орта дәрмиян турмыс кешириўдиң тәрептары болып, өнерментшилик, саўдагершилик, дийқаншылық, әдебият, музыка, алымлық, философия, архитектура, сүўретшилик пенен шуғылланып, ҳадал жасаўды үгит-нәсият етеди».[1]

Солай етип Нақышбәндийлик тәлийматы өз дәўириндеги ҳәм оннан соңғы дәўирлердеги адамлардың санасына ҳәм социаллық турмысына унамлы тәсир жасағаны соншелли, Орта Азияда жасап өмир сүрген бир неше ағартыўшы - шайырлар ҳәм уллы талант ийелери Әлишер Наўайының (1441-1501), Әбдирахман Жәмийдиң (1414-1492), Бабараҳим Мәшрептиң (1657-1711), Суўпы Аллаярдың (XVI), Мақтымқулының (1730-1780), ҳ.т.б. дөретиўшилигинде мийнетти сүйиўге ҳәм ҳадал мийнетти улығлаўға арналған шығармалардың дөретилиўине тийкар салды. Баҳаўатдин Нақышбәндий тәлийматындағы шәрият жолы менен жүрип ҳадал мийнет етиў идеялары қарақалпақ классик шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтештиң дидактикалық қосықларында сезилерли дәрежеде сәўлеленди.

Белгили шығыстаныўшы алым Е.Э.Бертельс: «Баҳаўатдин Нақышбәндий өз өмиринде дийханшылық ҳәм нақышбәндшылық (тоқыўшылық) өнери

[1] Силтеме алынды: Насафий. Хазрат Баҳаўиддин Нақшбанд. – Тошкент: Фан, 1993.10-11-б.

менен тиришилик еткен деп жазады»[1]. Ҳақыйқатында да «Нақышбəндийлик тəрки дүньяшылықты (аскетизмди) онша жақтыртпаған. Ийман табыў ушын бул дүньяның ғалма-ғалынан, машқаласынан безип кетиў шəрт емес деп есаплаған, ийманлы болыў ушын ҳадал мийнет етиў кереклиги биринши орынға қойылған»[2]. Уллы шайых тəрепинен алға сүрилген бул идеялар шығыс халықлары əдебиятында тийкарғы темалардың бирине айланды. Сондай-ақ Қуран тəлийматларында ҳəм пайғамбар ҳəдислеринде, мысалы, (44-ҳəдисте) «Дийханшылық пенен шуғылланыңлар, дийханшылық - мубəрек кəсипдур», (128-ҳəдисте) «Табылған малдың (заттың) ең тазасы (пəкизеси) - кисиниң маңлай тери менен табылған мал ҳəм биймиллет ҳадал саўдадан табылған пулыдур»[3], деген баҳалы ўəсиятлар берилген болса, шығыс шайырларының ҳəм қарақалпақ шайырларының дидактикалық шығармаларында усы идеялар алға сүриледи. Кисиниң мал-мүлкинен дəме етпей, ҳадал мийнет етип, тапқан нанына қанəəт етип жасаў идеясы XVI əсирдеги суфистлик тəлийматтың көрнекли ўəкиллериниң бири Суўпы Аллаярдың «Сабо-тул ожизин» («Əжизлердиң күшейиўи») шығармасында кең түрде нəсият етиледи.

Бул меҳнат бирла тобсанг парчои нон,
Кишини миннатидин улдур осон.

Агар қорни бироз туймаса қорни,
Кишига эгмайгай ҳар банда сарни.
Тамаълик силадан беҳдур силинган,
Тилингандин эрур ортуқ тилинган.[4]

Ҳəр бир адамның мийнетти сүйиўин, ҳəр түрли кəсип-өнер сырларын ийелеў абзаллықларын парсы-тəжик əдебиятының көрнекли ўəкили Əбдирахман Жəмий өз шығармаларынының биринде былайынша жырлайды:

---

[1] Силтеме алынды: Насафий. Хазрат Баҳаўиддин Нақшбанд. – Тошкент: Фан, 1993. 9-10-б.
[2] Жəримбетов Қ. Бердақтың нəсиятлары - бизиң руўхый ғəзийнемиз. - Нөкис: Руўхый мəденият ҳəм ағартыў орайы, 1998. 20-б.
[3] Муҳаммад пайғамбар қиссаси. Ҳадислар. – Тошкент: Камалак, 1991. 54-60-б.
[4] Суфи Оллоёр. Субатул ожизин. – Тошкент: 1991. 58-б.

Өнерди үйрен ҳәммеден, ҳәтте қулдан да тәлим ал,

Шах болсаң да жона алмайсаң, тасты жонар кәмбағал.[1]

Ҳақыйқатында да адамның мийнет етип, өнер үйрениўи шәрият жолынан жүрип, ҳадаллық, пәклик жолына түсиўиниң бир белгиси. Буны биз Наўайының «Фарҳад ҳәм Шийрин» дәстанындағы Фарҳад образы мысалында да көриўимиз мүмкин.

Өмириңди зая етпе, мийнет қыл,

Мийнет пенен бахытлысан, соны бил.[2]

Мақтымқулының дидактикалық қосықларында да суфийлик ҳәм нақышбәндийлик тәлийматының идеялары алға сүриледи.

Әўел, Мақтымқулы, өзиң дүзеткил,

Өзиңди, сен, басқаларға көз еткил,

Аз жеп, аз жатқыл ҳәм сөзиң аз еткил,

Не бар биймәни сөз узарған менен.[3]

Қосықта шайыр адамлардың өз нәпсин тыйыўды, пайдалы ис пенен шуғылланып, ҳадал мийнет етиўин басқаларға нәсият етпестен алдын, өзин дүзетиўи кереклигин атап өтеди.

Арал бойы әтирапында жасаған қарақалпақ халқының турмыс тиришилиги ерте дәўирлерден баслап-ақ балықшылық, дийханшылық, шарўашылық, аңшылық, өнерментшилик ҳ.т.б. сыяқлы түрли кәсип-өнерлери менен тығыз байланыслы болды. Усы кәсип-өнер сырларын тереңнен үйренип атадан-балаға үзликсиз түрде өткерип киятырған халқымыздың нақыл-мақалларында, «Ҳадал кәсип аз емес, Ықтыят бол ҳарамнан», «Өнерли жас аш болмас, Өнер билсең өлмейсең», «Мийнет етсең еринбей, Тояды қарның тиленбей», «Жаўын менен жер көгерер, Мийнет пенен ер көгерер» ҳ.т.б. кәсипти, өнерди, мийнетти сүйиўге ҳәм оны ийелеўге бағдарлайтуғын даналық ой-пикирлери үлкен бир тематиканы қураўы менен бирге

[1] Мәмбетов К. Шығыс әдебияты тарийхы. - Нөкис: Билим, 1993. 131-б.
[2] Мәмбетов К. Наўайы ҳәм қарақалпақ әдебияты. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1991. 30-б.
[3] Мақтымқулы. Қосықлар. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1984. 50-б.

нақшбәндийлик тәлийматына беккем сабақласады. Сондай-ақ халық аўызеки дөретпелериндеги, диний әдебиятлардағы, Шығыс әдебиятларын-дағы дидактикалық идеялардан руўхый азық алған қарақалпақ шайырларының, соның ишинде Бердақтың «Халық ушын», «Жақсырақ», «Қашан рәҳәтланадурсаң» қосықларының лирик қаҳарманлары пүтин халықты бахытқа жетелеўдиң, руўхый ҳәм жисманый (физикалық) жақтан да кәмалатқа жеткериўдиң нышаны ҳадал мийнет деген идеяны алға сүреди. Бул идеялар Бердақтың «Жақсырақ», «Халық ушын» қосықларында былайынша сәўлеленеди:

Жумыс исле туўылған соң ел ушын,
Жаныңды аяма елде ер ушын,
Киндиктен қан тамып туўған жер ушын,
Өлип кеткениңше хызмет жақсырақ

Түргелип ертеден жумысқа шығып,
Қолыңды қабартып белиңди бүгип,
Дизеңди сызлатып мийнетин шегип,
Жеген бир зағараң палдан жақсырақ.[1].

Мийнет пенен жанды қыйнап,
Көрмей бир күн қонақ сыйлап,
Ишпей-жемей малды жыйнап,
Қашан рәҳәтланадурсаң.[2]

Солай етип XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятында дидактикалық қосықлардың лирикалық жанр сыпатында қәлиплесип, раўажланыўына жоқарыда атап өтилген диний әдебиятлар («Қуран», «Ҳәдислер», «Шәрият» нызамлары) менен шығыс классиклери Хожа Ахмет Яссаўийдиң, Сулайман Бақырғанийдиң, Әлишер Наўайының, Суўпы Аллаярдың, Мәширептиң, Мақтымқулының дидактикалық мазмундағы қосықлары руўхый дәрек

[1] Бердақ. Таңламалы шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. 82-83-б.
[2] Сонда…88-б.

сыпатында унамлы тәсир жасады. Демек, қарақалпақ шайырлары өз дәўириниң жәмийетлик, сиясий мәселелери, адамлардың ара қатнасықлары (парқы), олардың мораллық келбети, жүрис-турыс әдеплери ҳаққында дидактикалық пикир айтқанда жоқарыдағы дәреклерге сүйенеди. Әлбетте, жоқарыдағы дидактикалық шығармалардың авторларының жасаған дәўири, орталығы, ўақыт ҳәм кеңислиги қаншелли қашық болыўына қарамастан, оларда көтерилген жақсылық ҳәм жаманлық, ҳадаллық, қайыр-сақаўатлық, ийман-инсап, обал-саўап ҳ.т.б. әдеп-икрам мәселелери бир-бири менен үнлесип қәлеген жәмийетте жасаўшы адамларға, ҳәттеки бүгинги бизиң заманласларымызға да үлги, нәсият, жол-жоба хызметин атқарып киятыр.

# 2 - БӨЛИМ. ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДЫҢ ИДЕЯЛЫҚ-ТЕМАТИКАЛЫҚ БАҒДАРЛАРЫ

Қарақалпақ халқының сиясий-жәмийетлик ҳәм социаллық турмысы тарийхында XIX әсир үлкен орын тутады. Усы дәўирге шекем ҳәр қыйлы географиялық орынларда ярым отырықшылық ҳәм көшпели турмыста жасап келген халқымыз Орта Азияның Қубла Арал бойларына, яғный Хорезм ойпатлығына турақлы түрде қоныс басты. Солай етип, толық отырықшылық турмысқа көшкенан қарақалпақлар раўажланған феодаллық жәмийетти бастан кеширди. Олар сиясий ҳәм экономикалық жақтан Хийўа ханлығына ғәрезли болыўына қарамастан халықтың мәдений ҳәм руўхый турмысында үлкен өзгерислер жүз берди. Биринширен, халықтың биригиў, өз алдына мәмлекет (ханлық дүзиў) болыў тилеги пайда болса, екиншиден, мәдений ағартыўшылық, илим, билим ийелеўге болған умтылыўшылығы сезиле баслады. Бул ҳаққында Ә.Пахратдинов: «Қарақалпақлар сол дәўирлердиң (XIX әсирде-Т.Қ.) жоқары оқыў орынлары болған Бухара, Хийўа медреселеринде өз балаларын оқытыў ҳалларына жетисти»[1] - деп жазады. Солай етип, халықты руўхый жақтан саўатландырыўда елдеги мешит ҳәм медреселердиң, онда билим бериўши зыялы адамлардың тәсири көп болды. Олардың бир топарын халық арасындағы ескише саўаты бар молла ҳәм ахунлар, жыраў ҳәм бақсылар, қыссаханлар менен қәтиплер қурады. Әсиресе бул дәўирде қарақалпақлар арасына араб, парсы, түрк тиллериндеги жазба мийраслар кеңнен тарады. Олардан шығыс ҳәм батыс еллерине мәлим болған «Юсуп-Ахмет», «Гөруғлы», «Ғәрип-ашық», «Мың бир түн», «Тотынама» ҳ.т.б. аўызеки дөретпелер менен бирге Фирдаўсийдиң, Саадийдиң, Наўайының, Мақтымқулының ҳ.т.б. шайырлардың жазба мийраслары қарақалпақлардың мәдений турмысы ушын үлкен жаңалық болды. Орта әсирлик феодаллық дәўирлерден баслап-ақ мәмлекетти, халықты басқарыў

[1] Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. - Нөкис: Билим, 1996. 5-б.

ислери ислам дининиң қағыйдалары менен шәрият нызамлықларына тийкарланып алып барылған болса, XIX әсирдеги раўажланған феодаллық дәўирде де усы тәртиплер избе-из даўам етилди. Қарақалпақ шайырларының дөретиўшилигине фольклорлық шығармалар, әййемги ҳәм орта әсирлик Шығыс классиклери мийраслары менен диний әдебиятлар да руўхый тирек болды. Олар адамлардың руўхый дүньясын байытыў жоллары менен ел ҳәм халықты бахытлы, абадан турмысқа еристириў мүмкин екенлигин аңлап жетти, яғный, қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларында жеке адамды, пүтин жәмийетти ақыл-нәсият сөзлери менен тәрбиялаў мүмкин деген идеяларды аңлаўға болады.

XIX әсирдеги классикалық поэзиямызды баслаўшы шайырлардың бири Күнхожа Ибрайым улының өмири ҳәм дөретиўшилигин изертлеген әдебиятшы Б.Исмайлов шайыр поэзиясындағы дидактикалық қосықлардың белгили орын тутқанлығын былайынша атап өтеди: «Күнхожа дидактикалық поэзия приёмын (усылын-Т.Қ.) шебер пайдалана отырып, жүдә көплеген афористлик (ҳикметли) пикирлер айтады, оларда шайыр үгит-нәсият береди, турмысты түсиндиреди. Қосық пенен айтылған бул афоризмлер оқыўшыға, тыңлаўшыға шыннан да тийимли, олар күшли тәсир етеди, ықшам және мазмунлы, есте сақлаўға да, өзлестирип уғыныўға да қолайлы.

Күнхожа афоризмлериниң тағы бир ҳәм ең тийкарғы баҳалылығы - олар халықтың тилеклери менен ой-пикирлерин баян етеди. Усындай конкрет баҳалаў-дидактикалық приёмды Күнхожа поэзиясының жақсы белгилериниң биреўи етип танытады»,[1] - деген пикирлери дыққатқа ылайық. Лекин илимпаздың қарақалпақ әдебиятындағы дидактика жанрын ямаса дидактикалық шығармаларды XIX әсир әдебияты шеңберинде шеклеп көрсетиўши айырым пикирлери менен келисиўге болмайды. Мысалы, «Ҳәр қандай шығарманың идеялық мазмунын поэтикалық образ арқалы ашыў ең тийкарғы приём болып отырған қарақалпақ поэзиясының ҳәзирги

[1] Исмайлов Б. Күнхожаның өмири ҳәм творчествосы. -Нөкис: Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, 1961. 244-б.

раўажланыў басқышында айрықша әҳмийетли роль ойнамайтуғын дидактикалық поэзия Күнхожа заманындағы рәсмий әдебиятта үстемлик еткен формалистлик поэзия менен салыстырғанда оғада үлкен прогрессив характерге ийе болған творчестволық приём еди. Өйткени, ол идеясыз, қурғақ риторикаға ямаса диний мистиканы үгитлеўге қурылған формалистлик поэзияға қарама-қарсы, терең мазмунлы, халыққа жақсы-жаманды, турмыс тәжирийбелерин түсиндиретуғын поэзия болды. Тек Күнхожа творчествосындағы ғана емес, ал жалпы қарақалпақ классик поэзиясындағы дидактикалық приёмды усы тарийхый көз-қарастан баҳалаў керек.[1] Биз илимпаз Б.Исмайлов тәрепинен жоқарыда атап өтилген «қарақалпақ поэзиясының ҳәзирги раўажланыў басқышында (яғный XX әсир поэзиясында-Т.Қ.)» айрықша әҳмийетли роль ойнамайтуғын дидактикалық поэзия» деген пикирлери менен келисе алмаймыз. Керисинше, XIX әсирдиң даўамы есапланған XX әсирдеги қарақалпақ поэзиясында да дидактикалық қосықлардың үзликсиз даўам етип келгенлиги халық шайыры И.Юсуповтың «Еки жасқа бир нәсият», «Жигиттиң сонындай бир досты болсын», «Муң қалмас», «Болмаса», «Пайғамбар жасындағы адамға», «Жаңалан, достым» ҳ.т.б. үгит-нәсият қосықлары менен шайыр Т.Мәтмуратовтың «Адамгершиликке абайлы болың», «Жақсылықтың белгиси», «Сүрниксеңизде», «Болар», «Көпдур бул дүньяның кемис-қутығы», Т.Қабуловтың «Пәндиў-нәсият» (Нөкис, 1995) қосықлар топламы ҳ.т.б. ҳәзирги шайырлардың ақыл-нәсият мазмунына бай қосықлары айқын дәлил бола алады. Мысалы, И.Юсуповтың «Еки жасқа бир нәсият» қосығы тиккелей XX әсир қарақалпақ поэзиясындағы дидактикалық қосықтың шебер үлгиси десек қәтелеспеймиз:

Халықтың ақыл сөзи зыят,
Айтылмаса ол ҳәм уят,
Еки жасқа бир нәсият,

[1] Исмайлов Б. Күнхожаның өмири ҳәм творчествосы. -Нөкис: Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, 1961. 244-б.

Айтсақ деймиз оңашада.

Ел алдында сақлаң әдеп,
Алып умтылыспаң «ҳә» деп
Сөзден қалмаў жаман әдет,
Журт қызыққа қарасады.

Илгир зейин нәзик болың,
Ағар булақ азық болың,
Қолы ашық жазық болың,
Мийман менен маўасалы.[1]

Солай етип, шайыр бул қосығында жәмийеттиң бир бөлеги болған жас шаңарақ ағзаларын бир-бири менен татыў, аўызбиршиликли, әдеп-икрамлы ҳәм хош мүлайым болыўға шақырады.

Көрип өткен бир мысалдың өзи-ақ ХХ әсир қарақалпақ әдебиятында да дидактикалық қосықлардың идея-тематикасы жаңарып, жанрлық қәсийетин сақлап киятырғанлығынан дәрек береди.

Шығыс ҳәм түркий халықлар әдебиятында кеңнен мәлим болған дидактикалық мазмундағы лирикалық ҳәм эпикалық шығармалары узақ дәўирлердиң тарийхый ҳәм руўхый жемиси болып қалмастан бизиң заманымызда да өз әҳмийетин жоғалтқан жоқ. Бул мәселе бойынша өзбек әдебияттаныў илими менен қарақалпақ әдебияттаныў илиминде дәслепки адымлар басланды десек те болады. Мысалы, өзбек алымы Ғ.Ғафуров «Шарқ жавоҳирлари» китабында өткендеги уллы сөз шеберлери Имом Ал-Бухарийдиң, Имом Ат-Термизийдиң, Имам Муслим Ибн Ал Хажжождың, Имом Абу Даўыдтың, Хожа Ахмед Яссаўийдиң, Абдулхалик Ғиждиўанийдиң, Юсуп Хас Хажибтиң, Ахмед Югнакийдиң, Қайқаўыстың, Баҳаўатдин Нақышбәндийдиң ҳәм Әлишер Наўайының дидактикалық

[1] Юсупов И. Таңлаўлы шығармаларының еки томлығы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. 1-том. 113-б.

шығармаларын таллаған болса,[1] қарақалпақ әдебиятшысы Қ. Жәримбетов «Бердақтың нәсиятлары - бизиң руўхый ғәзийнемиз» атамасындағы илимий мийнетинде,[2] сондай-ақ «XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы» атлы монографиясында[3] қарақалпақ шайырларының бир қатар дидактикалық қосықларына таллаў жасайды ҳәм терең жуўмақлар ислейди.

Қарақалпақ шайырлары, солардың ишинде Бердақ дидактикалық ой-пикирлерди ең биринши гезекте өзлери жасап турған орталықтың конкрет турмыслық талапларынан, өзгешеликлеринен келип шығып алға сүреди. Усы шайырлар жасаған XIX әсирдиң орталары ҳәм екинши ярымында Хийўа ханлығында сиясий, жәмийетлик турмыс турақлы болмады. Халықтың басым көпшилиги кәмбағаллықта күн кеширди. Соның менен бирге, ири феодаллар материаллық байлықтың үлкен бөлегин өз қолларында услады (жер, суў, өндирис қураллары, маллар, жайлаўлар ҳ. т.б.). Нәтийжеде үлкен социаллық айырмашылықлар, усы тийкарда социаллық әдилсизликлер орын алды. Ири мүлик ийелеринде, ҳәмелдарларда байлыққа көзсиз умтылыў, ашкөзлик, социаллық мәселелерге кеўил бөлмеў жағдайлары болып турды.[4]

Сонлықтан қарақалпақ шайырлары өзлери жасаған заманының бир перзенти сыпатында жәмийеттеги социаллық ҳәм сиясий мәселелерге бийпарық қарамайды. Олардың дидактикалық қосықларында жәмийетте кеңнен ҳәўиж алған зулымлық ислер менен теңсизлик ҳәрекетлердиң алдын алыў илажлары қозғалып, көркем әдебияттың баслы темаларының бирине айланды, яғный шайырлардың дидактикалық (ақыл-нәсият ) қосықларында адам ҳәм жәмийет мәселелери кең түрде сөз етиледи.

---

[1] Ғафуров Ғ. Шарқ жавоҳирлари. – Тошкент: Маънавият, 2000.

[2]Жәримбетов Қ. Бердақтың нәсиятлары - бизиң руўхый ғәзийнемиз. - Нөкис: Руўхый мәдений ҳәм ағартыў орайы, 1998.

[3] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. -Нөкис: Билим, 2004.

[4] Жәримбетов Қ. Бердақтың нәсиятлары - бизиң руўхый ғәзийнемиз. - Нөкис: Руўхый мәдений ҳәм ағартыў орайы, 1998. 5-б.

Егер қарақалпақ шайырларының тәрип, сиясий, азаматлық, юмор-сатиралық, муҳаббат ҳ.т.б. жанрларында дөретилген қосықларында бир тема, бир мәселе ҳәр тәреплеме көркем сәўлеленетуғын болса, дидактикалық қосықлардың ҳәр бир бәнтинде ямаса ҳәр бир еки қатарында турмыстың түрли мәселелери кеңнен қамтылып сүўретленеди. Мысалы, Әжинияздың муҳаббат лирикасына кирген «Бозатаўлы нәзәлим» қосығы менен Бердақтың ақыл-нәсият темасына арналған «Қашан рәҳәтланадурсаң» қосығын салыстырып қарайық:

Бозатаўлы гүлбинәфше нәзелим,
Әселиң ҳәррени гүлден бездирер,
Кирпиклерин сүзип баққан нәзериң,
Жулдызды жаўратып түннен бездирер,

Қумырсқадек қыпша-қыпша беллериң,
Бармақ толы йүзик-йүзик әллериң,
Әсел қатқан сүжик-сүжик тиллериң,
Жыланды жылжытып иннен бездирер.[1]

Өзиңнен пәске жүз салма,
Нәмәҳремлерге сөз салма,
Киси ярына көз салма,
Өз ярыңнан қаладурсаң.

Қолың үзбе ел-елаттан,
Қашық жүрме жәмәәттан,
Қашар болсаң, қаш ғыйбаттан,
Ғыйбат жаман биледурсаң.

Мийнет пенен жанды қыйнап,
Көрмей бир күн қонақ сыйлап,

[1] Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 12-б.

Ишпей - жемей жанды қыйнап,
Қашан рәҳәтланадурсаң.[1]

Әжинияздың «Бозатаўлы нәзелим» тәрип қосығының идеясында бир қыздың жүрис-турысы ҳәм әдеп-икрамлылық қәсийети менен сулыўлығы ҳәр тәреплеме шеберлик пенен сәўлеленген болса, Бердақтың «Қашан рәҳәтланадурсаң» қосығының ҳәр бир бәнтинде қәлеген адам үлги, ибрат алғандай дидактикалық ой-пикирлер кеңнен қозғалады. Мысалы, Бердақтың жоқарыдығы дидактикалық қосығының биринши бәнтинде шаңарақ, неке, ҳадаллық мәселеси сөз етилсе, екинши бәнтте ел-халық, жәмәәт пенен бирге болыў ҳәм ҳәр қандай өтирик, ғыйбат сөзден аўлақ жүриў нәсият етиледи. Ал, үшиншисинде болса, ҳадал мийнет етиў ҳәм оның жемисин ақылға уғрас түрде ишип-жеў мәселеси қозғалады. Демек, дидактикалық қосықларда көркем ой-пикир бир неше бағдарда раўажланады. Солай етип, дидактикалық қосықлар лириканың басқа түрлеринен мазмунында бир неше әдеп-икрам мәселелерин қозғаўы менен өзгешеленип турады. Көрнекли өзбек алымы Н. Маллаев дидактикалық шығармалардағы усындай өзгешеликти «Юсуф Хас Хажибтиң «Қутадғу билиг» шығармасының ҳәр бир бабы (яки бөлими) арнаўлы бир мәселеге бағышланады, ҳәр бир бап мазмуны ҳәм тематикасы менен өз ара байланысып, бири екиншисин толықтырып, беккемлеп отырады»,[2] - деп жазады. Мәселен, Күнхожаның «Жетимниң ҳақын жеп қойма», Әжинияздың «Аржағында болмағанша», «Жигитлер», «Қонақ келсе арық сойма», Бердақтың «Келин», «Ойланба», «Бир жигитке», «Надан болма», «Балам» сыяқлы дидактикалық қосықлары бир теманы сөз еткендей туйылғаны менен олардың мазмунында жәмийеттеги адамларға жақсы нәрселерди үрдис етиўге, ал жаман иллетлерден қашыўға нәсиятлаўшы тәрбиялық характердеги бир неше мәсләҳәтлер бериледи.

[1] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 80-81-б.
[2] Маллаев Н. Ўзбек адабиёти тарихи. 3 - нашр этилиши.I том. – Тошкент: Ўқитувчи, 1976. 117-б.

Әжинияз Қосыбай улының дидактикалық қосықларында берилген көркем ой-пикирдиң бир неше бағдарда раўажланғанлығын К. Мәмбетов былайынша дурыс баҳалап өтеди: «Әжинияз Мақтымқулы поэзиясынан нәр алып өскен шайыр. Соның ушын ол тәлим-тәрбия дидактикасынан кейин қалған емес. Адамзаттың бул дүньяда жасаў мақсети әдалатлы түрде күн кешириў, бул өмирдеги жақсы ҳәм жаманлықлардың ақыбетин сезиў. Өзине де ҳәм басқаларға да бахытлы өмир инам етиў.

Бирақ барлық адам өмирде бир текли емес, көпшилик тәрбияға мүтәж болып келеди. Соның ушын да Әжинияз адамлар арасындағы парықты айқын сезеди».[1] Шайыр «Жақсы» қосығында усы парықты былайынша сыпатлап береди:

Адам улы адам қәдирин билмесе,
Оннан дүзде отлап жүрген мал жақсы,
Айтқан сөздиң мағанасын билмесе,
Ол адамнан тилсиз өскен лал жақсы.[2]

Және де шайырдың дидактикалық қосықларында ҳәр қандай адамның жақсы ҳәм жаман тәреплери сөйлеген сөзи, жүрис-турысы ҳәм ислеген ис-ҳәрекети мысалында ашылады:

Яқшының бир сөзи мәўинәт тажы,
Яманның бир сөзи зәҳәрдин ашшы.
Ямана сөз айтсаң бақар изинә,
Қулақ тутмас ҳәргиз адам сөзинә.[3]

Шайырлардың Ана-Ўатанды, туўылған жерди сүйиўге, оны сыртқы ҳәм ишки душпанлардан қорғаўға бағдарлаўшы дидактикалық қосықларында ел-халық, жәмәәт пенен бирге болыў, бирлесип ис тутыў тилеги баслы орынға шықты. Бул идеялар Күнхожаның «Ел менен», Әжинияздың «Керекти», Бердақтың «Халық ушын», Өтештиң «Асарман» қосықларының тийкарғы

[1] Мәмбетов К. Әжинияз. - Нөкис: Билим, 1994. 36-б.
[2] Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 97-б.
[3] Сонда… 105.б.

мазмунына айланып халықты дослыққа, татыўлыққа, аўызбиршиликке шақырады. Мысалы, Күнхожаның «Ел менен» қосығында:

Бир-биреўге туўысқанлық бермек қол,
Қара түнде сәрдар болып таппақ жол,
Питиў ушын удайына оңлы-сол,
Ислеў керек барлық жағын ел менен.
Аспанға ушарсаң болса қанатың,
Шад боларсаң шадлы болса елатың,
Халқың менен болса тилек-мұратың,
Сапа сүрсең, узақ сапа жыл билен.[1]

Шайыр усылайынша өзи жасаған феодаллық дәўирдиң зулымлығы менен теңсизликлерин, қара түн деп атаса, оннан жәбир шеккен халықтың жақтылы күнлерге ерисип шад болып дәўран сүриўиниң бир туўры жолы татыўласып ҳәм бирлесип ис тутыўында екенлигин жақсы түсинди. Әжинияз шайырдың «Керекти» қосығында бул идеялар былайынша даўам етеди:

Дүньяға шыққан соң шалқып жүриўге,
Жақсы-жаман, заўқы-сапа сүриўге,
Шады қуррамлықты бәлки көриўге,
Халық билен ғалаба ғайрат керекти.

Адамлар ҳәрдайым көтерер басын,
Көзиниң сүртерге халық билен жасын,
Күш келтирер, ҳуш келтирер ықласын,
Ғалаба атланыс болса керекти.[2]

«Бердимурат халықты, халық Бердақты, Жалғызындай көрер жаннан жақсырақ» деп жырлаған халық шайыры Бердақтың көпшилик қосықларында, әсиресе «Халық ушын» қосығының мазмунында бастан-аяқ халық мәпи менен тилек мақсети ҳәмме нәрседен үстин қойып жырланады:

[1] Күнхожа. Ел менен. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. 31-б.
[2] Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 105-б.

Дослық пенен ҳәр бир иске тақ турсаң
Жан аямай, ел-журт ушын ис қылсаң,
Қайғыланбай, уллы иске қол урсаң,
Кеўлим исиян урар, анда халық ушын.[1]

Бердақ шайыр да усылайынша, зулымлық дүньясы қаплаған қараңғы заманнан қутылып жақтылы күнге жетисиўдиң, бирден-бир туўры жолын дослықта, беккем аўызбиршиликте, татыўлықта, бирлесип ҳадал мийнет етиўде деп түсиндиреди. Халықты усындай алдыңғы идеяларға жетелеўши баҳалы ой-пикирлер Өтеш шайырдың «Асарман» қосығында да былайынша сәўлеленеди:

Жигитлер бириксең алмас жаўың жоқ,
Жигитлер бириксең питпес даўың жоқ,
Ҳеш ўақытта ойланбасаң саўын жоқ,
Ойлансаң, бириксең таўдан асарсаң.

Нәсиятым усы ойласаң দослар,
Ҳеш ўақытта хор болмас бириксе баслар,
Бул мақсетке қосыл ғарры ҳәм жаслар,
Бул айтқаным болса қырдан асарман.[2]

Солай етип жәмийеттиң бирлигин, халықтың абаданлығын аңсап жасаған шайырлардың дидактикалық ой-пикирлери менен идеялары бир жерден шығады. Әлбетте ҳәр бир жәмийетте инсан мәплери менен ҳуқықларын қорғаў мәселелери тийкарғы орында турады. «XIX әсирдеги Орта Азия регионында жасайтуғын халықлардың сана-сезиминде, турмыс тәжирийбесинде адам ҳуқықы ҳәм оларды қорғаў илажлары усы халықлар ықтықат ететуғын ислам дининиң руўхый күшине ҳәм ҳуқықый нормаларына сүйендирилген еди. Орта Азияның феодаллық дүзимде жасап

[1] Бердақ. Таңламалы шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. 77-б.
[2] Өтеш шайыр. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1978. 76-б.

атырған ханлықларында диний нормалар менен юридикалық нормалар қарысып кеткен еди. Барлық жынайый ҳәм гражданлық ислер диний нормалар тийкарында қаралды. Шәрият талапларының орынланыўы мәмлекет тәрепинен қадағаланып барылыўы тийис болды. Муфтийлар, қазылар институты ҳәм мешит-медреселер мәмлекетти басқарыўда бир жағынан юридикалық, екинши жағынан идеологиялық тирек болды».[1]

Лекин шайырлар жасаған феодаллық жәмийетте халық арасына кеңнен тараған шәрият тәртиплери ҳәм оның орынланыўы қадағалап барылмағанлықтан үстем топарлар тәрепинен бурмаланып пухара халық ушын емес, айырым бай, дәўлетли адамлар ушын хызмет етти. Сонлықтан шәрият тәртиплерин орынлап барыўды өз миннети деп есаплаған қарақалпақ шайырларының бир қанша үгит-нәсият қосықларында өз мәпин халық мәпинен үстин қойып халықтың тилеги менен есапласпайтуғын айырым ел басқарыўшы топарлардың аса кеткен сықмарлық, ашкөзлик, зулымлық, парахорлық, сүтхорлық ҳәрекетлери ашшы сынға алынды. Шайырлар ҳақтың жолын, шәрият тәртиплерин бузыўшы ҳәм бурмалаўшы адамлардың надурыс ис-ҳәрекетлери менен келисе алмайды. Оларға керек жеринде туўры жолды көрсетип, үгит-нәсият етиў зәрүр деп есаплайды. Усы көз-қарастан алып қарағанымызда Күнхожаның «Неге керек» қосығының идея-тематикасы шәрият тәртиплери менен халықтың тилек-мақсетлерине беккем сабақласады:

Халықтың арын арламаса,
Бары жоқты барламаса,
Аш ҳәм тоққа қарамаса,
Аўан басшы неге керек?

Халыққа әдил болмаса,
Жылағанды жубатпаса,

[1] Жәримбетов Қ. Бердақтың нәсиятлары - бизиң руўхый ғәзийнемиз. - Нөкис: Руўхый мәденийят ҳәм ағартыў орайы, 1998. 9-б.

Халық татқанды татпаса,
Тахт ийеси неге керек?.[1]

Қосықта баян етилген социаллық ҳәм жәмийетлик мәселелер өткен әсирдеги жәмийетлик басқарыў системаларында да кең орын алып халықты ҳәм шайырларды терең ойландырып келген. Бул ҳаққында әдебият изертлеўшиси Ҳ. Ҳамидов: «...шайырдың, «Неге керек» қосығының идеялық, мазмунлық дәреклерине дыққат пенен қарасақ, онда халық аўызеки әдебиятында көп заманлар бурын дөрелген, жыраўлардың толғаўларында айтылып киятырған «Не пайда» толғаўының дәрек болып хызмет ислегенин көриў қыйын емес,[2] - деп жазады.

Күнхожа өз дәўириниң турмыслық мәселелеринен келип шығып заманласларына, әсиресе ел басқарыўшы топарларға тийисли болған мәселелерди тартынбастан ортаға қояды. Қосықтың келеси шуўмақларында да жәмәәт ушын унамсыз тәсир жасайтуғын, пайдасыз иллетлердиң алдын алыў илажлары бир неше бағдарда сүўретленеди. Бердақ шайырдың «Ким айтар» қосығының идеялық бағдарында Күнхожаның «Неге керек» қосығына мазмунлас ҳәм үнлес ой-пикирлер сәўлеленген:

Адамды адам демесе,
Азамат қәдирин билмесе,
Жылағанларды көрмесе,
Оны, әдил деп ким айтар?

Гүналы жанды билмесе,
Билип дарына илмесе,
Ҳәммени бирдей көрмесе,
Оны, басшы деп ким айтар?[3]

---

[1] Күнхожа. Ел менен. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. 32-б
[2] Ҳамидий Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары. - Нөкис: Билим, 1991. 124-б.
[3] Бердақ. Таңламалы шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. 85-б.

Шайырлар жасаған дәўирде инсан мәплери менен ҳуқықларын белгилеўши диний нормалар менен юридикалық нормалар биринши гезекте нызам шығарыўшы ҳәм оны қорғаўшы уйымлардың баслы ўәкиллери болған айырым сүтхор, парахор қазылар (судья) ҳәм руўханийлер (дин ийелери) тәрепинен бузылыўға шекем барып жетти. Шайырлар лирикалық қосықларында усы мәселеден келип шығып үгит-нәсият пикирлерин айтады. Мысалы, Күнхожаның «Ел менен» қосығында:

Уламаға керек дуўры сөзлемек,
Ҳақ жол менен шәриятын гөзлемек,[1] - деген

қатарларда дин ийелерин ҳақ жолынан, шәрият жолынан жүриўге нәсият етсе, Бердақтың «Болмады» қосығында:

Молла болсаң илимди тут,
Жалғыз өзиң болмайсаң журт,
Кәспиң сениң исиң жөҳит,
Дуўры биреўи болмады.[2]

Усы қатарларда илим-билимди тутпайтуғын, дурыс жолдан жүрмейтуғын айырым дин ийелериниң надурыс ис-ҳәрекетлерине болған наразылығын туўрыдан-туўры әшкара етип, олардың азаматлық ўазыйпаларын белгилеп өтеди.

Әжинияздың «Нәсият» қосығында да усы мәселелер конкрет турмыслық жағдайлардан келип шығады:

Қазы болсаң әдил болып йол сорғыл,
Бай, пақырыў, бек, султана тең турғыл,
Бийҳақ жәбир етип, ришўа (пара-Т.Қ.) алмағыл,
Қудайыңны ҳәзир билиң, яранлар.

Патша болсаң әдилден қой қазыны,
Пуҳараның қыш әйлеме языны,

[1] Күнхожа. Ел менен. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. 29-б.
[2] Бердақ Таңламалы шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. 140-б.

Сөзле ҳақтың аят-ҳәдийс сөзини,
Биймәни сөзни айтмаң, яранлар.[1]

Шәрият нызамлары тәрепинен жәмийеттеги социаллық жақтан әззи топарларға (жетим-жесирлер менен ғәрип-қәсерлерге) жәрдем қолын созыў ҳәм ғамхорлық етиў ҳәр бир адамның мусылманлық парызы деп есапланса, усы талаплар шайырлардың дидактикалық қосықларының мазмунлық сыпатына айланды. Күнхожаның «Жетимниң ҳақын жеп қойма» қосығының идеясы бастан-аяғына усы мәселеге арналады.

Бердақ «Балам», «Қашан рәҳәтланадурсаң», «Ким айтар» қосықларының айырым шуўмақларында да жәмийеттеги әззи топарлардың тапқан табысына ямаса қолында барына көз алартып дәме етпеўди, ал оларға ҳәр тәреплеме руўхый ҳәм материаллық жәрдем қолын созыўды мәсләҳәт етеди.

XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятында дидактикалық қосықлардың өз алдына жанр сыпатында белгили бир тематиканы қурағанлығы классик шайырлардың өмири ҳәм дөретиўшилигин арнаўлы изертлеген әдебият изертлеўшилери И.Сағыйтов,[2] Б.Исмайлов,[3] М.Нурмухамедов,[4] А.Каримов,[5] Ҳ.Ҳамидов,[6] К.Мәмбетов[7] ҳ.т.б. изертлеўшилердиң мийнетлеринде қысқа болса да атап өтилди. Мысалы, М.Нурмухамедов Бердақ шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша илимий жумысларының биринде былай жазады: «Бердақтың дидактикалық қосықлары бул шайырдың тәрбия, әдеп-икрамлылық, нәсият тараўында көз қарасының улыўма жуўмағы. Бердақтың ең жақсы нәсият қосықлары «Балам», «Надан болма», «Билгейсиз», «Қашан рәҳәтланадурсаң». Булардың дәслепки екеўи хрестоматиялық шығармаға айланып қарақалпақ мектеплеринде, оқыў-тәрбия ислеринде кеңнен қолланылады. Сондай-ақ ол Бердақ шайырдың жоқарыда аты аталған

---

1 Әжинияз. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1975. 131-135-б.
2 Сағыйтов И. Қарақалпақ халқының уллы демократ шайыры. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.
3 Исмайлов Б. Күнхожаның өмири ҳәм творчествосы. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1961.
4 Нурмухамедов М. Бердақ - қарақалпақ халқының уллы шайыры. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1979.
5 Каримов А. Өтеш шайырдың өмири ҳәм творчествосы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1984.
6 Ҳамидий Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары. - Нөкис: Билим, 1991.
7 Мәмбетов К. Әжинияз. - Нөкис: Билим, 1994.

қосықлары менен бирге «Жақсырақ», «Халық ушын» қосықларында дидактикалық қосықлардың қатарына киргизеди».[1]

Соған қосымша шайырдың «Ким айтар?», «Бир жигитке», «Келин», «Қарамас» қосықларының идеялық ҳәм тематикалық бағдарына қарай отырып, тиккелей дидактикалық қосықлардың қатарына киргиземиз. Ал, шайырдың «Ақыбет», «Заманда», «Бүлбил», «Ойланба» сыяқлы бир қатар лирикалық қосықларының желисинде де (айырым шуўмақларында) дидактикалық ой-пикирлерди жийи ушыратып қаламыз. Демек, Бердақтың жоқарыда аты аталған бир неше қосықларының мазмуны менен тематикасынан-ақ дидактикалық қосық үлгилерин көплеп дөреткенлигиниң гүўасы боламыз.

Бердақ «Халық ушын» ҳәм «Жақсырақ» қосықларының идеясында турмыста бар ҳәм жийи ушырасып туратуғын жақсы ҳәм жаман ҳәдийселерди, қубылысларды, адамлардың минез-қулық нормаларын ҳәр тәреплеме салыстырып жуўмақ жасайды ҳәм усы тийкарда үгит-нәсият пикирлерин билдирип өтеди.

Жоқарыда биз классик шайырлардың дидактикалық қосықларының идея-тематикасының рәң-бәреңлигин, қосықтың ҳәр бир шуўмағында ҳәр қыйлы жәмийетлик мәселелерди тереңнен қамтып, сөз етип баратуғынлығын атап өткен едик. Соның менен қатар Бердақтың «Надан болма», «Келин», «Ойланба», «Бир жигитке» қосықларындағы нәсият пикирлери жәмийеттеги айырым адамларға қаратылғандай түйилгени менен де бул қосықлардың да мазмунында ҳәмме адам үлги алғандай ой-пикирлер орын алған. Мысалы, жигирма бес шуўмақтан (куплеттен) ибарат болған «Балам» деп аталған дидактикалық қосығында, шайыр тек өз баласына яки болмаса өз дәўириниң балаларына ғана емес, пүткил халықтың балаларына келешек әўладларға да үлги болғандай бир неше пайдалы мәсләҳәтлер айтады.

Белиңди буў, жеңиңди түр,

[1] Нурмухамедов М. Бердақ - қарақалпақ халқының уллы шайыры. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1979. 18-19-б.

Дос-душпаныңды сынап жүр,
Жақсы сөзге қулағың түр,
Жаман сөзден қашқыл балам.

Манлайыңнан ағызып тер,
Жақсы-жаманды сынап көр,
Жақсы адамның кейнине ер,
Сонда жолың болар балам.[1]

Шайыр «Балам» қосығынында жаслардың күтә жас ўақытларынан баслап-ақ жигерли, кишипейил, шаққан, ҳақ сөзли, әлпайым, мийирман болып өсиўиниң баслы тиреги халық пенен бирге болыўы, дос-душпанды сынап билиўи, жақсы сөзге қулақ түрип, жаман сөзден қашыўы, шуғыл сөзине ермей ғыйбаттан аўлақ жүриўи, ҳадал мийнет етиўге умтылыўы, орынсыз сөйлемей орынлы сөйлеўи, жақсы-жаманды сынап көрип, жақсылар менен жолдас болыўы, ата-анасын қәдирлеп, ғәрип-мискинлерге жәрдем қолын созыў сыяқлы этикалық идеяларды алға сүреди.

Әлбетте, классик шайырлар жасаған феодаллық дәўирде ҳаял-қызлардың бас еркинлиги болмағанлықтан өз теңине қосылып, бахытлы турмыс кешириўи ең қыйын мәселелердиң бири болды. Бул мәселе тек қарақалпақ ҳаял-қызларын ғана емес, Шығыс ҳаял-қызларының тәғдирине қурылған үлкен дузақ еди. Шайырлар усындай жәмийетлик ҳәм социаллық мәселелерден шыға отырып, ҳаял-қызлардың өз сүйгенине қосылып бахытлы өмир сүриўиниң тәрептары болды.

Бердақтың «Заманда» қосығында «Қыз-жаўанлар сүйгенине кетпеди, шәриятсыз ҳеш бир исиң питпеди», - деп оғада дурыс көрсеткениндей, Өтеш шайырдың «Қызлар» қосығында: «Мал орнына кетер мал берсе биреў, қызларда болмады ҳеш қашан тиреў», - деп сүўретлегениндей, ҳәр қандай жәмийетлик, социаллық тәртиплер де шәрият заңларына бойсындырылып, бойсындырылса да бурмаланып, айырым үстем топарлардың надурыс жол

[1] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 71-73-б.

тутыўынан, солардың пайдасына шешиледи. Сонлықтан да Бердақтың «Келин,» «Ойланба» қосықларында өз дәўириниң айырым ески тәртип-қағыйдаларынан шыға алмаған ҳаял-қызлардың қырық туўар малға ямаса оннан да көп байлыққа сатылып хор болыўына ҳаслан жол қоймаў кереклиги тийкарғы мәселелердиң бири сыпатында қозғалады.

Шайырдың «Ойланба» қосығында турмыс соқпағына жаңа қәдем таслаған жас қызлардың ойланып ис тутыўы кереклиги, олардың екиленип малы көп адамларға кетпестен, өз сүйгенине қосылып, бахытлы болыўына дурыс мәсләҳәт бериледи:

Жолыңнан қайтпа артыңа,
Салып көп исти ядыңа,
Қараны тутып алдыңа,
Қарындасым, ҳеш ойланба.

Малы көп деп кетпе оған,
Азап берер ақмақ саған,
Қостарым деп  ерме оған,
Сүйгениңе, кет ойланба.[1]

Әдебият ҳәм фольклор изертлеўшиси Ю. Пахратдинов Бердақтың дидактикалық қосықларының желисиндеги юмор ҳәм сатира ҳаққында мынадай пикирлерин билдиреди: «Бердақ шығармаларында дидактика менен сатира ҳәм юмор араласып келеди. Олар бир-бирине қарама-қарсы емес, қайтама бирин-бири толықтырып, бири екиншисине мәдеткер болып жүреди. Ақыл-нәсияттың артында, сағымында, көленкесинде сатира ҳәм юмор таяр турады, ....улыўма Бердақ дидактикасы терең философиялық мәниге қурылып, адамдағы ишки сезимниң сыртқы орталық пенен жәмийеттиң раўажланыўына сәйкес келетуғынына тиреледи. Ишки сезим, ой, ақыл-

[1] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 78-б.

парасат пенен ис етиўшилерди сатира қуўатлап, тек өз мәпи ушын жүргенлердиң кейпиндеги унамсыз қәсийетлерине қарсы гүрес ашады».[1]

Ҳақыйқатында да Бердақтың көпшилик дидактикалық қосықларының желисинде юмор-сатираның араласып келетуғыны тәбийий. Шайыр жәмийеттеги адамларға үлги боларлық жақсы минез-қулық, әдетлерди ақыл-нәсият етиў менен бирге айырым жарамсыз иллетлерди өз бойына сиңирген адамлардың ис-ҳәрекетлерин айырым ўақытлары жеңил күлкиге алса, айырым ўақытлары ашықтан-ашық әшкаралап отырады.

Мысалы: «Бир жигитке» қосығында:

Өзи болған ғошшақ жигит,
Қатты кетип барасаң сен,
Бизден сизге пәнди-үгит,
Зейин салып қарасаң сен.

Шапқанда байдың улысаң,
Тоқтағанда бир пулысаң,
Өзиңше Хийўа ханысаң,
Пухараңбыз сорасаң сен.

Өйтип, иним, қатты қашпа,
Нар буўрадай көбик шашпа,
Бир күн мурның тийер тасқа,
Қатты уятқа қаласаң сен,[2] - сыяқлы қосық

шуўмақларында шайыр өзи менен заманлас айырым мал-дүньялы, бай, лекин руўхый дүньясы пәс ҳәм жарлы, ҳәттеки адамгершилик қәсийеттен журдай болған дүньяпараз ҳәм менмен жигитлердиң келбетин ашыў менен бирге, оларға ашықтан-ашық дурыс мәсләҳәт береди.

Шайырдың «Надан болма» қосығында да жәмийеттеги ҳәр қандай жаман ҳәм қолайсыз иллетлердиң түп-тийкары билимсизлик пенен наданлықтан,

[1] Пахратдинов Ю. Қарақалпақ сатирасы. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. 101-103-б.
[2] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 102-б.

менменлик пенен топаслықтан келип шығатуғынлығы ҳәм бул иллетлердиң алдын алыў илажлары былайынша нәсият етиледи:

Жөн-жосақларды сорамай,
Азаматлыққа жарамай,
Алды-артыңды барламай,
Ләтте пәмли, надан болма.

Шапанды салып ийниңе,
Түсип баяғы пейлиңе,
Қосшы ертпей кейниңе,
Сен басқадай, надан болма.[1]

Шайыр усылайынша қосықтың ҳәр бир шуўмақларында өзи жасаған жәмийеттеги заманлас адамлардың кәсип-кәрин, ата-тегин, минез-қулық нормалары менен адамгершилик қәсийетлерин күтә жақсы билгенликтен өзине жараса ис етиўин, әсиресе «ақылымды алсаң иним, тап өзиңде болса билим» айырым надан адамларға ерип ҳәмел алмасаң да өз билимиң, ҳадал мийнетиң менен де қор болмайсаң сыяқлы ақыл-нәсият пикирлери дәлме-дәл баян етиледи.

Халқымызда «Питкен ақыл болмаса, сүрткен ақыл болмайды» және де «Сүт пенен питкен минез, сүйек пенен бирге кетеди» сыяқлы адамлардың минез-қулық нормалары менен әдеп-икрамлылық пазыйлетлерине байланыслы даналық пикирлери бар. Әжинияз шайырдың «Аржағында болмағанша» қосығында:

Ҳаслы бузық сөзди билмес,
Нәсиятқа көңил бермес,
Айтқаның қулаққа кирмес,
Аржағында болмағанша.

Жақсыларды қәдирлемес,
Ҳеш нәрсени зейни илмес,

[1] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 113-114-б.

Силтеген жолыңа жүрмес,
Есесине қуймағанша.

Қәдирин билмес туўған елдиң,
Парқын билмес алтын-зердиң,
Қәдирин билмес нағыз ердиң,
Басына ис түспегенше.[1]

қатарларында пайдалы үгит-нәсиятқа көңил берип, қулақ түрмейтуғын, ҳаслы бузық, ақылсыз, зейни пәс, ел-халық алдында өз қәдир-қымбатын жоғалтқан айырым кимселердиң келбети тереңнен ашылыў менен бирге, қосықтың келеси шуўмақларында берилген дидактикалық қатарларда бир жаманға дус келмей, жақсы ярдың қәдирине жетпеслик, асырап алған перзенттиң өз баландай болмаслығы, ҳәр бир азамат ердиң де өзине тән парқы, өзгешелиги болатуғынлығы турмыс тәжирийбелери тийкарында бирме-бир баян етиледи. Шайыр бул қосығының соңында усындай иллетлердиң алдын алыўды нәсият етип былайынша жуўмақ жасайды:

Қәдирин бил барлық жанның,
Маңлай терден өнген дәнниң,
Қәдирин билмес астың-нанның,
Бес күн зарын татпағанша.

Шайырдың «Бәрше бирдей болған емес» дидактикалық қосығының идея-тематикасында да адамның бес бармағының бирдей болмағанындай, ҳәттеки, адамлардың минез-қулқы менен жүрис-турысының, сөйлеген сөзи менен ис-ҳәрекетлериниң де бири-биринен үлкен парқы болатуғынлығы айырым сөз мәнисин билмейтуғын ойсыз, өзинен басқаны кем санайтуғын тәкаббир ҳәм менмен адамларға қаратылған нәсиятлық пикирлеринде айқын белгилеп бериледи.

Биреўде бар, питкен ақыл,
Жуқпай кетер сүрткен ақыл,

[1] Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 100-101-б.

Ойдағыны  билип болмас,
Бурынғыдан қалған нақыл.

Төрт тәрепиң қубла емес,
Сен қылмағыл журтқа әбес,
Биреў ақыл, биреў ғапыл,
Бәрше бирдей болған емес.

Сөзиңниң ҳаслын ес билипсең,
Басқаны нәкас билипсең,
Сен етмегил тәкаббырлық,
Йуртты өзиңнен пәс билипсең.[1]

Әжинияздың түрли себеплерге бола өз елинен, туўған жеринен узақ айралықта жасаўына мәжбүр болыўы, жат  жерлерде жүрип ел-халық, Ўатан темаларын шын кеўлинен тебирене жырлаўы ҳаққында шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша изертлеў жумысларын алып барған белгили әдебият изертлеўшилери Қ.Байниязовтың,[2] Б.Қәлимбетовтың,[3] А.Муртазаевтың,[4] К. Мәмбетовтың[5] илимий мийнетлеринде де сөз етиледи. Лекин биз Әжинияздың ел-халық ҳәм Ўатан темасын жырлаўшы лирикалық қосықларын тек ғана шайырдың жат жерлерде айралық дәртинде жүрип дөреткен қосықлары деп қарамастан, ҳәр бир адамның өз елин, халқын, туўылған жери менен Ана-Ўатанын қәдирлеп-қәстерлеўге ҳәм оны мақтаныш сезимлери менен сүйе билиўге, мейли қай жерде болмасын елим, халқым деп жанып жасаўға үгит-нәсият етиўши дидактикалық қосықлары сыпатында қараўға ҳақылымыз.

Ҳәр жерлерде дилгир мүтәж болсаңыз,
Сонда белли дәркар ўәждиң қымматы,

[1] Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 99-б.
[2] Байниязов Қ. Қосықтың күши. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.
[3] Қәлимбетов Б. Әжинияздың лирикасы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1981.
[4] Муртазаев А. Шайырдың муҳаббаты. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.
[5] Мәмбетов К. Әжинияз. - Нөкис: Билим, 1994.

Несип айдап елден айра түшсәңиз,
Сонда белли, үйде ҳәздиң ләззети.

(«Ҳәр жерлерде дилгир мүтәж болсаңыз»)

...Елинен айырылған дийўана болур,
Ярынан айырылған бийгана болур.

...Ҳәр ким өз елиниң теңи тушында,
Йигит қәдири болмас елден айрылса.

(«Айрылса»)

...Дүзде ашлық машақатын билмеген,
Үйде ыссы наннық қәдирин не билсин.

(«Не билсин»)

...Гийне қылып журтты таслап кеткеннен,
Қәдирин билмес жерде хызмет еткеннен,
Жат еллерде мүсәпирлик шеккеннен,
Урып-соғып қорласа да ел жақсы.

(«Жақсы»)

Йигит нәсийп шегип, ят елге барса,
Анда барып шәкар билән бал ишсә,
Ағайын қарындаш ядына түшсә,
Нәйлаж йурүр теңи-досы болмаса.[1]

(«Болмаса»)

Әлбетте өз дәўириниң ўатаншыл ҳәм патриот шайыры Әжинияз өз елинде ямаса қай жерде, қайсы халықтың арасында жүрсе де «Ўатан шаңарақтан басланады», «Өз үйиңнен бир адым шықсаң мүсәпирсең» сыяқлы халық даналығын өз санасына терең сиңдиргенликтен ели-халқын ҳәм туўған жерин қәдирлеп-қәстерлеўге, перзентлик меҳир-муҳаббат пенен тереңирек сүйиўге нәсиятлаўшы ой-пикирлерин қәлеген дидактикалық қосықларының желисинде арнаўлы киргизип жибереди.

[1] Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 79-105-б.

Бердақ шайырдың «Халық ушын» қосығының көпшилик бәнтлеринде «жақсы адам» менен «жаман адамның» парқы («Жақсы-жаман парқы болмас реңки-жүзден») реңки-жүзине, түр-түсине, сын-сымбатына қарап емес, ал руўхый дүньясының, сөйлеген сөзиниң, жүрис-турысының, минез-қулқы менен ислеген ис-ҳәрекетлериниң тымсалында белгилеп бериледи. Усындай сүўретлеў усыллары Күнхожаның, Әжинияздың ҳәм Өтештиң дидактикалық қосықларында да көплеп ушырасады. Мысалы, Күнхожаның «Басты хор әйлер» қосығында:

Жақсының жомартлық кирер кеўлине,
Оның қуда берер ығбал-пейлине,
Жақсының халық ерер қалмай кейнине,
Жаманнан бас болса, басты хор әйлер,[1] - деп

сүўретленеди.

Ал Әжинияз шайырдың бир неше дидактикалық қосықларының идеясында да «жақсы адам» менен «жаман адам» ның адамгершилик қәсийетлери былайынша ашылады:

...Яқшы-яманды көрмәган,
Бек болуб дәўран сүрмәган.

(«Қәдиринән»)

...Ақылы яқшының гийнеси болмас,
Яман адам гийне тутса умытпас.

...Жақсыға мал менен жаман тең болур,
Жаман көңил жақсылардан кем болур.

(«Болмаса»)

...Жақсы да ашыў, кек болмас,
Бир яманлық ядтан қалмас.

(«Мегзер»)

---

[1] Күнхожа. Ел менен. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. 33-34-б.

Өтеш шайырдың да «Қарыз алма», «Ур», «Сәўмеймен», «Болар» сыяқлы дидактикалық қосықларында Күнхожа, Әжинияз ҳәм Бердақ шайырдың ақыл-нәсият пикирлерине мазмунлас қатарларды жийи ушыратамыз. Мысалы, Өтештиң жоқарыдағы қосықларының айырым қатарларында:

Жақсы менен жүрсең узақ жолларға,
Өлгенше қәдирдан жәрдемши болар,
Жаман менен шықсаң узақ жолларға,
Жәбириў-жапаға көмекши болар.

...Жақсы адам барымыңа барады,
Ўәдесине бәрҳә тайын турады,

...Адамлар билерлер жақсы, жаманды,
Ләўентлер билерлер басы аманды.[1]

(«Болар»)

... Жаманның қабағы қатық,
Гәп табар үйинде жатып.

... Жақсының сөзи бәрҳа азық,
Жаманнан нәсият алма.

... Жақсы-жаманды кәр етпесе,
Пасық саданы сәўмеймен[2]

(«Сәўмеймен»)

Солай етип шайырлардың жоқарыдағы дидактикалық қосықларынан алынған мысалларда жақсы ҳәм жаман адамларға тән болған қәсийетлер олардың сыртқы көринисине берилген баҳа болмастан, минез-қулқына, сөйлеген сөзине, ис-ҳәрекетине берилетуғын сыпатлама болып табылады. Ал усы «жақсы адам» ҳәм «жаман адам» түсиниклери айырым орынларда белгили бир адамның минез-қулық нормалары менен моральлық келбетин

[1] Өтеш шайыр. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1978. 58-59-б.
[2] Сонда... 72-б.

сүўретлеўде конкретлестирилип келетуғын жағдайларды да жийи ушыратамыз. Мысалы, Күнхожаның «Неге керек?« қосығында:

Ата-анасын күтпесе,
Айтқанларын ҳәм етпесе,
Ата-анам деп келмесе,
Жаман перзент неге керек?

Бердақтың «Ким айтар?» қосығында:

Атасынан жаман туўса,
Оны жақсы деп ким айтар?
Ақылсыз ҳәм надан болса,
Оны жақсы деп ким айтар?

«Халық ушын» қосығында:

Жаманнан ул туўса атаға тартар,
Күн сайын ғәзеплик қысмети артар,
Халыққа жақпас, кесапатлы ис тутар,
Ондайдың пайдасы болмас халық ушын.

Усылайынша Күнхожаның, Бердақтың дидактикалық қосықларынан алынған шуўмақларында тәрбиялап өсирген ата-анасын күтпеген ҳәм қартайғанда ҳалынан хабар алмаған жаман перзенттиң неге кереги бар, туўылғаннан баслап-ақ жаман, ақылсыз ҳәм надан перзентти жақсы деп ким айтар сыяқлы риторикалық сораўлар кең жәмийетшиликте терең ой туўдырса, әзелден тәрбиясыз шаңарақта туўылып өскен жаман перзенттиң минез-қулқы менен ис-ҳәрекетлеринен адам баласы ибрат алғандай жақсы қәсийетлерден гөре халық ушын зыянлы ҳәм кесапатлы ислердиң келип шығатуғынлығы күнделикли турмыста жийи ушырасатуғын ҳәдийселердиң тийкарында ашықтан-ашық әшкара етиледи. Әжинияз шайырдың «Мегзер» қосығында болса:

Абадандур оңың-солың,
Жетеди ҳәр жерге қолың,

Болса жеделли мәрт улың,
Кеўлиң бәлент таўға мегзер.

Көкке жетер шеккен налаң,
Ойран болар жигер, санаң,
Ақмақ болса туўған балаң,
Өмириң зимистанға мегзер.

Халайыққа көз салмаса,
Ағайинди танымаса,
Балаң тилиңди алмаса,
Ишиң жанған отқа мегзер,- шуўмақларында

қай ўақытта да жақсы ҳәм мәрт перзентлер ата-анасының кеўлин шад етип, төбесин көкке жеткерсе, ақылсыз ҳәм ақмақ перзентлер ата-анасын ада болмас дәртке салып, өмирин зимистанға мегзететуғынлығы өз ара салыстырылып, поэтикалық сүўретлеўлер менен шебер ашылады. Және де, шайырлардың дидактикалық қосықларының айырым шуўмақларында жақсы ҳәм жаман минез-қулықтағы ҳаял-қызлардың образына былайынша баҳа бериледи.

Яқшы болса ер йигитниң жананы,
Йигитниң ишинде қалмас әрманы,
Яман болса мәрт йигитниң алғаны,
Башында дүньяның қайғы-ғулпети.

(«Ҳәр ким хатам болур паний дүньяда»)

Жаман қатын ериниң айтқанын етпес,
Сөзини тыңламас, кеўлине жетпес,
Күнде үй-ишиниң ғаўғасы питпес,
Мәрт йигитниң мудам ҳалы тәң болур.

Жаман қатын бийзар етер елатың,
Сөйлегенде жақсы менен тең болур.

Жақсы ярдың беглер билсең сөҳбети,
Ялғаншыда жәннет билен тең болур.[1]
(Әжинияз «Йигитлер»)

Ҳаял алсаң, жақсыны ал,
Көп тыңлап, сөзге қулақ сал,
Көркин алма, минезин ал,
Әўелден сынап көргейсиз.[2]
(Бердақ «Билгейсиз»)

Әжинияздың, Бердақтың дидактикалық қосықларында ҳаял-қызлардың жәмийеттеги, әсиресе шаңарақтағы орны, олардың жақсы ҳәм жаман қәсийетлери менен белгиленетуғынлығы атап өтиледи. Сондай-ақ, бул шуўмақлардың мазмунында қәлеген жәмийетте де шаңарақтың уйтқысы болып киятырған ҳаял-қызларымыздың өз ерине опадар яр, перзентлерине баўырман ана болыўы менен бирге сөйлеген сөзи, жүрис-турысы, ислеген ис-ҳәрекетлери менен де ел-халқына үлгили болыўы кереклиги қайта-қайта нәсият етиледи. Ҳақыйқатында да, шайырлар үлги тутқан ҳаслы теги көргенли, тәрбиялы ҳаял-қызлар ғана өз ерине опадар яр, перзентлерине мийриман ана ҳ.т.б. адамгершилик қәсийетлерди өз бойына сиңирген болады. Классик шайырлардың ҳәр бир дидактикалық қосықларында турмыстың түрли тематикасына қурылған ақыл-нәсият пикирлери мәзи қурғақ баянлаўлардан ибарат болып қалмастан, социаллық ҳәм жәмийет руўхы, заманласлар өмири, халықтың тағдири, жасаў шараяты, түрли минез-қулықтағы адамлардың моральлық келбети, олардың жеке характери менен психологиясы тийкарында келип шықты.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларында көтерилген идеялар жақсылық ҳәм жаманлық, мийрим-шәпәәт ҳәм зулымлық, қайыр-сақаўат ҳәм сықмарлық, ийман-инсап, әдеп-икрам

---

[1] Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 95-96-б.
[2] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 115-б.

ҳ.т.б. улыўма инсанийлық ҳәм жәмәәтлик ой-пикирлерди кеңнен сәўлелендиреди.

1.Шайырлардың усындай алдыңғы идеяларға бағдарлаўшы дидактикалық қосықлары лирикалық қосықлардың тәрийип, арнаў, азаматлық, юмор-сатиралық, муҳаббат ҳ.т.б. жанрлық түрлеринен өзгешеленип турады. Олардың дидактикалық қосықлары тосыннан пайда болмастан, идея-тематикалық, көркемлик дәреклери халық поэзиясы менен орта әсирлик диний әдебиятлардың ҳәм шығыс халықлары әдебиятындағы дидактикалық ой-пикирлердиң даўамы есапланады.

2.Бул мийраслар формасы, қурылысы, стили, сүўретлеў өзгешелиги менен ажыралып турса да, мазмунында ақыл-нәсият, тәлим-тәрбиялық пикирлерди кеңнен сәўлелендириўи менен бири екиншисине жақын турады.

3.Қарақалпақ шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтештиң дидактикалық (ақыл-нәсият) қосықларында көтерилген кең жәмәәтти ҳәм жеке адамды улыўма инсаныйлық пазыйлетлерге тәрбиялаўшы тәлим-тәрбиялық пикирлер өз заманында үлкен әҳмийетке ийе болды. Олар бизиң ҳәм келешек заманымызда да өз баҳасына ийе көркем-әдебий мийраслар болып қалыўына гүман жоқ.

# III БАП. XIX ӘСИРДЕГИ ДИДАКТИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДЫҢ КӨРКЕМЛИК ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

## 1-БӨЛИМ. ДИДАКТИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДЫҢ ҚОСЫҚ ҚУРЫЛЫСЫ МӘСЕЛЕСИ

Қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларын өзинен алдыңғы халық қосықлары менен ертедеги жыраў-шайырлардың терме-толғаўларынан ажыратып туратуғын сыпатлы белгилер олардың қосық қурылысында, форма менен мазмун бирлигинде, көркемлеў қураллары менен сүўретлеў усылларын пайдаланыў өзгешелигинде көринеди.

Өзбек әдебиятындағы лирик жанрларды изертлеген алым У.Туйчиев «поэзияны поэзия ететуғын нәрсе дәслеп формалық белгилери емес, бәлки мазмунында, мазмун ҳәм форма бирлигинде»[1] – деп жазғанындай, жумыстың алдыңғы бапларында дидактикалық шығармаларға тән болған мазмунлық белгилерди толық қарастырдық. Лекин, мәселениң екинши тәрепи бул шығармалардың форма өзгешелигин изертлеў зәрүрлиги келип шығады. «Лирикалық шығармаларды оқыр екенбиз, биринши гезекте оның формасын қабыллаймыз. Себеби лирикалық шығарма егер қосық формасында дөретилген болса ол, әлбетте, белгили уйқас, ырғақ, сеслик қайталаўлар, олардың үнлесиўлери, көркемлеў қураллары, усыллары, бәнтлик формалары арқалы жүзеге келеди ҳәм олар бирден көзге тасланады».[2]

Сөзлер поэзияда уйқас, өлшем, бәнт, сөз ҳәм сеслердиң тәкирарланыўы (эпифора, анафора, редиф) инверсия, музыкалылық, ритм, буўнақ (турақ), қатар тәртиби, дүрким, ритмлик паўза тәреплери менен тығыз әмелге асатуғын болса[3] қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларында усындай заңлы қубылыс толық сақланған. Олар өзлериниң дидактикалық қосықларына жаңа форма таңлаўда қосықтың өлшемине, буўын санына,

[1] Адабий турлар ва жанрлар. III жидлик. II жилд. – Тошкент: ФАН, 1992. 54-б.
[2] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. - Нөкис: Билим, 2004. 25-26-б.
[3] Адабий турлар ва жанрлар. III жидлик. II жилд. – Тошкент: ФАН, 1992. 54-55-б.

уйқастың сән-әлўан түрлери болған: биргелки (дәстүрий), шалыс, сес ҳәм сөз уйқасларына, қосықтың көркемлигин тәмийинлеўде ҳәм айтажақ ой-пикирлерди терең сәўлелендириўде редифлердиң де хызметине айрықша мәни берип қарайды.

Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтештиң дидактикалық шығармалары-ның қосық қурылысын үйренгенимизде, улыўма әдебияттаныў илиминде усы мәселеге арналған теориялық мийнетлерге сүйениў ҳәм усы жанрдағы қосықлардың миллий сағалары есапланған халықтың нақыл-мақаллары менен терме қосықларының қурылысы мәселелерине зәрүр орынларда тоқтап өтиў талап етиледи.

Мысалы, нақыл-мақаллар өзиниң сыртқы формасы бойынша бир, еки, үш, төрт, айырым орынларда төрттен де зыятырақ қатарлардан қурылғанлығын көремиз. Лекин қурылысы бойынша нақыл-мақаллар қысқа қатарлардан турғаны менен мазмунына адам баласын мийнетти сүйиўге, өнер-илимди ийелеўге, билимли болыўға, туўылған жерди қәдирлеўге, ата-ананы ҳүрметлеўге, хош-мүлайым ҳәм әдепли болыўға ҳ.т.б. адамгершилик қәсийетлерди қәлиплестириўге тәрбиялаўшы терең мәнили үгит-нәсият сөзлери сиңдирилген.

Халық нақыл-мақалларын XIX әсирдеги классикалық поэзиямыздағы дидактикалық қосықлардың көркемлик дәреклери сыпатында қарастырыўы-мызға тийкарғы тирек бар. Себеби, белгили фольклор ҳәм әдебият изертлеўшиси Н.Дәўқараев қарақалпақ халық дөретпелерин үлкен еки топарға - лирикалық ҳәм эпикалық жанрға бөлип қараў менен бирге нақыл-мақалларды ҳәм термелерди лирикалық жанрдың өз алдына бөлимлери сыпатында қарастырады.[1] Сондай-ақ белгили алым Қ.Мақсетов Н.Дәўқараевтың қарақалпақ халық аўызеки дөретпелерине жасаған классификациясы менен илимий пикирлерине ҳәм рус фольклорын изертлеўшилер В.Я.Пропп, В.П.Аникин, Е.М.Мелетинскийдиң, әсиресе

[1] Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. III томлық. II том. Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 46-65-б.

В.Е.Гусевтиң фольклорлық шығармаларды классификациялаўға арналған теориялық пикирлерин басшылыққа ала отырып өз классификациясында қарақалпақ нақыл-мақалларын лирикалық жанрға киргизеди.[1]

Ҳақыйқатында да нақыл-мақаллар өзиниң сыртқы формасы, қурылысы, мазмуны жағынан да жупласып атырған мәнили қатарларды қураў менен бирге қурылысында даўыссыз сеслердиң (аллитерациялық) ҳәм даўыслы сеслердиң (ассонанс) қайталанып келиўинен, яғный өз ара уйқасыўынан турады. Мысалы:

Келбети келиспегеннен,
Кеңес сорама.

Ямаса:

Бир сынаған жаманды.
Еки қайтара сынама,
Сынамай кеўлиң тынама.

Жәнe де:

Ақылың болса, ақылға ер,
Ақылың болмаса, нақылға ер.

Әлбетте биз жоқарыда келтирилген нақыл-мақалларды адамның қуўанышын, күйинишин, сүйинишин, қайғы-ҳәсиретин ямаса кеўилсиз сезимлерин, туйғыларын, ишки кеширмелерин сәўлелендириўши лирикалық қосық деп есаплаўдан аўлақпыз. Өйткени жоқарыдағы нақыл-мақалларда лирикалық сыпатлардан гөре, ақыл-нәсият үлгисиндеги терең ҳәм мәнили ой-пикирлер басым келеди. Соған қарамастан лирикалық шығармаларға тән болған аллитерация (к,г,қ,ғ,с) ассонанс (а,ы,о,е), жәнe де анафоралық қайталаўлардың, ҳәлсиз болса да ырғақтың, белгили бир өлшемниң, қысқа қатарлардан ибарат болса да бәнттиң элементлериниң бар екенлигин аңлаўымыз қыйын емес. Сонлықтан халық нақыл-мақалларындағы лирикалық шығармаларға тән болған айырым белгилер менен бирге даналық ой-пикирлердиң басым болып келиўин Қ.Мақсетов былайынша белгилеп өтеди: «Қысқа, ықшамлы, гейде уйқасқан сөзлер дизбеги менен жуўмақластырылған ойлар дүркинин аңлататуғын, адамлардың дүньяға

[1] Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1996. 70-б.

қатнасын билдиретуғын, келешекке ақыл, нәсият, силтеў беретуғын даналық сөзлерди нақыллар деп жүритемиз»[1]. Қарақалпақ поэзиясын изертлеген алымлардың бири С.Ахметов «Қарақалпақ поэзиясының қосық қурылысы ҳаққындағы мәселеге» деген мақаласында: «Қарақалпақ поэзиясын өзиниң қолланылыўы жағынан намаға түсириўге қолайласқан ҳәм намаға байланыссыз шығармалар деп екиге бөлиўге болар еди. Намаға байланыслы шығармаларға қосық ҳәм бәйитлер (еки қатарлы қосықтың түри, ғәззел, қасыйда, мәснавийдиң еки қатарын усылай атайды-Т.Қ) киреди; нақыл-мақаллар, жумбақлар ҳәм жаңылтпашлар екинши топарды қурайды. Қарақалпақ поэзиясы усылардың тийкарында пайда болған. Усы пикирлердиң авторлары болған белгили тюркологлар Радлов ҳәм Гордлевскийлер «жаңылтпаш ҳәм нақыллар халық поэзиясының дәслепки ячейкалары», -деп атаған. Ҳәзир поэзиямызда ҳәммеге белгили болып отырған форма жаңалығы тек ғана бир дәўирдиң жемиси емес, ол узақ ўақытлардың жемиси. Қарақалпақ поэзиясының өлшеми силлабикалық (буўын) болғаны ушын да ҳәр бир тилдиң өзиниң өзиншеликлери бар болғандай-ақ бизиң қосықларымыздың да ритмлик дүзилиси бир ғана дәўирдиң жемиси емес. Қарақалпақ поэзиясы тийкарынан симметрияға ҳәм сөйлеў интонациясына тийкарланған деп екиге бөлиў мүмкин. Намаға түсириўге мүмкин болған шығармалар (жырлар, қосықлар) симметриялық болады да, мақал-нақыллар, жумбақ ҳәм усы қусағанлары интонациялық болады,[2] - деп көрсетеди. Мысалы:

Ҳадал кәсип аз емес,

Ықтыят бол ҳарамнан,-сыяқлы ҳадаллық ҳәм ҳарамлық ҳаққындағы халық нақылының еки қатардан ҳәм ҳәр бир қатары жети буўыннан ибарат болып келгенлигин көремиз.

---

[1] Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1996. 73-б.
[2] Ахметов С. Әдебият ҳәм критика. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1978. 93-б.

Белгили қазақ әдебиятшысы З.Қабдоловтың әдебият теориясын изертлеўлерге арналған «Сөз өнери» мийнетинде қазақтың ертедеги әдебиятында фольклорлық үлгилериндеги жети буўынлы жырдың көп екенин, өлеңли мақаллар менен жаңылтпашлардың, нақыллар менен жумбақлардың көби жети буўынлы болып келиўин ҳәм бул өлшемниң ырғағы ҳәр қыйлы күйге түсип, қубылып туратуғынын айтады ҳәм бас буўнағы (цезура) төрт буўыннан ҳәм еки буўыннан ибарат болған нақыл-мақаллардан мысаллар келтиреди ҳәм бул үлгиниң қазақтың батырлар жырында ҳәм ақпа-төкпе жыраўлардың, суўырып салмай шайырлардың, ҳәттеки жазба әдебияттың белгили ўәкили Абайдың шығармаларында да жетилискен үлги сыпатында жийи ушырасатуғынлығын атап өтеди.[1]

Әлбетте З.Қабдоловтың жоқарыдағы пикирлери аўызеки әдебияты оғада кеңнен раўажланған қарақалпақ халық нақыл-мақаллары менен терме-толғаўларына, жыраў-шайырлар мийраслары менен XIX әсир әдебиятындағы Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш шайырлардың поэзиясына да (дидактикалық қосықларына да) ортақ деген пикирлерге келемиз.

Соны атап өтиўимиз керек, қәлеген дәўир әдебиятында, соның ишинде классик шайырлар поэзиясында да фольклорлық дөретпелердиң басқа жанрларына қарағанда нақыл-мақаллар өзиниң түп-тийкарғы дәрегин жанрлық қәсийетин сақлаў менен бир қатарда, қосықтың синтаксислик-семантикалық мәнисин күшейтиў ушын көркемлеў қуралының бири сыпатында жийи қолланылып киятыр. Мысалы, Күнхожаның, Бердақтың ҳ.т.б. классик шайырлардың дидактикалық қосықларында жеке адамға ҳәм кең жәмәәтке үлги боларлық ақыл-нәсият пикирлериниң жүзеге шығыўында нақыл-мақаллардың айырым орынларда өзлестирилместен, ал айырым орынларда көркемлеп өзлестириў усылы менен қолланғанлығын көремиз:

Султан болма , ғайры елде, 8 а
Шопан бол, туўған жеринде, 8 а

---
[1] Қабдолов З. Сөз өнери. - Алма-Ата: Мектеп, 1982. 281-б.

Шағала қус өз көлинде, 8 а
Шарқылдамай сәни болмас. 8 б

(Бердақ «Бүлбил»)

Ойланбастың түби ойран, 8 а
Ақыры бир күн болар ҳайран, 9 а
Теңиң менен салғыл сайран, 8 а
Нәмәрт пенен жүрме балам. 8 б

(Бердақ «Балам»)

Киси аты тершил болар, 8 а
Киси кийими киршил болар, 9 а
Жаман адам миншил болар, 8 а
Оған жолама жолама. 8 б

(Өтеш «Қарыз алма»)

Шайырлардың жоқарыдағы дидактикалық қосықларынан алынған мысалларда дәслепки үш қатар өз-ара уйқасып, төртинши қатар бәнтин басып келеди.

Биринши қосықтың шуўмағындағы дәслепки еки қатарда «Киси елинде патша болғанша, өз елиңде шопан бол» сыяқлы халық нақылының сыртқы формасы бираз өзгешеликке ийе болып, тийкарғы мәнисин сақлаған ҳалда үшинши қатар менен жүйи билинбестен биргелки ўйқасқа түсирилген. Бул қосық шуўмағының үш қатарының соңында келген «елде», «жериңде», «көлинде» сөзлери буўын жағынан тең емес, яғный «елде» еки буўын, «жериңде» үш буўын, «көлинде» үш буўын болып келеди. Лекин, бул сөзлердиң түбири «ел», «жер», «көл» сыяқлы атлық сөзлерге ҳәм соңғы буўыны да бирдей формада орын сеплигиниң жалғаўы менен тамамланып, тутас уйқасты пайда еткен.

Ал екинши қосықтың биринши қатарында, «Ойланбастың түби ойран» деген халық нақылы формалық өзгериске ушырамастан, екинши ҳәм үшинши қатарлар менен өз ара ўйқасады. Үшинши қосық нақыл-мақалларды

қолланыўы бойынша улыўма өзиншеликке ийе. Қосықтың дәслепки үш қатарында да халық нақыл-мақаллары қолланылады. Сондай-ақ қосыққа уйқас таңлаў бойынша да излениўшилик сезиледи. Бир бәнттиң өзинде дәстүрий уйқас (тершил, киршил, миншил), редиф (болар), сеслик уйқаслар-анафора (киси, киси), аллитерация (к,к,ж) қолланылыўы ҳақыйқый индвидуал әдебияттың көриниси болып табылады. Соның менен бирге бәнттиң үш қатары толығы менен нақыл сөзлерден турыўы шайыр таңлаған усылды белгилейди. Жоқарыдағы үш қосықтың да ҳәр бир қатары 8, 9 буўыннан, 2 буўнақтан ибарат. Буўнақлардағы буўын санлары да дерлик бирдей. Бул нәрсе қосықтың ең тийкарғы белгилериниң бири болған ырғақтың бир тегислигин тәмийнлейди.

Солай етип, классик шайырларымыздың жоқарыдағы дидактикалық қосықларында қолланылған нақыл-мақаллар, биринширен, көркемлик дәрек сыпатында, екиншиден, қосықтың идеялық мазмунын еледе тереңлестириў мақсетинде қолланылса, үшиншиден, қосықтың сыртқы формасына - қосық қурылысына да унамлы тәсир тийгизген. Олар қарысып кеткен уйқасты ҳәм бир тегис ырғақты пайда етеди.

Шайырлар дидактикалық қосықларында қолланылған бир қатарлы, еки қатарлы, үш қатарлы нақыл-мақалларға мазмун жағынан да, форма жағынан да дөретиўшилик пенен қатнас жасаған. Ең баслысы лирикалық қосықтың мазмунына шебер сиңире алғанлығы байқалады.

Жоқарыда келтирилген мысалларда, және де классик шайырлардың басқа да бир неше дидактикалық қосықларында жети буўынлы қосықтың үлгисине қарағанда сегиз буўынлы қосықлардың жийи ушырасатуғынлығын атап өтиў орынлы.

Жигит шықса узақ жолға, 8а
Жаў жарағын алып қолға, 8а
Сермеп қылыш оңлы солға, 8а
Жол баслар сәрдары керек. 8б

(Әжинияз «Керек»)

Шабан минип шаңда қалма, 8а
Еки берип бирни алма, 8а
Бийўапаға көңил берме, 8а
Қалурсаң әрман ишидә 8б

(Әжинияз «Ишиндә»)

Ер болсаң елиңди бақла, 8а
Елдиң берген дузын ақла, 8а
Достың сырын беккем сақла, 8а
Елге мырза боладурсаң. 8б

(Бердақ «Қашан рәҳәтланадурсаң»)

Айтпа сырды наданларға, 8а
Сыр билдиргил адамларға, 8а
Исиң түспесин жаманларға, 8а
Жаманлардың аўзына ур. 8б

(Өтеш «Ур»)

Шайырлардың жоқарыдағы қосықларынан алынған шуўмақлар тек ғана мазмун сапасы менен ғана емес, поэтикалық сапасы менен де өзгешеленип турады. Усы өзгешеликти ҳәр бир қатардың басында, ортасында ҳәм ақырында бирдей даўыслы ҳәм даўыссыз сеслердиң қайталанып келиўи ҳәм олардың белгили бир тәртипке түсип, уйқасып, сыңғырлап ҳәм жағымлы естилиўинен излесек болады.

Дүнья халықларының поэзиясы менен әдебиятында жийи ушырасатуғын бул қубылысты белгили теоретик алым А.Квятковский былай түсиндиреди: «Аллитерация - (латынша ad-жанында, қасында, Iitzera - ҳәрип, ҳәриплес) биргелки даўыссыз сеслердиң тәкирарланып қолланылыўы арқалы көркем сөздиң тәсирлилигин күшейтетуғын әдебий усыл».[1]

[1] Квятковский А. Поэтический словарь. – Москва: Советская энциклопедия, 1968. 53-18-б.

Әжинияздың «Керек» қосығынан алынған шуўмақтың ҳәр бир қатарында биргелки даўыссыз сеслердиң (ж,ш,қ,р,ғ) қайталанып келиўи қосықтың тәсирли шығыўын тәмийинлеў менен бирге дәслепки үш қатардың соңындағы «жолға», «қолға», «солға» сөзлери де биргелки дәстүрий уйқасқа түсип бул сөзлердиң түбири де, қосымталары да бирдей сеслер менен тамамланғанлығын көремиз. Бул тек ғана аллитерациялық қубылысты жүзеге шығарып қоймастан, сөзлердиң мәнисин күшейтип, дидактикалық ой-пикирлердиң тереңлесиўине өз тәсирин тийгизип келеди.

Әжинияздың «Ишиндә» қосығынан алынған екинши мысалда ҳәр бир қатардың басында, ортасында ҳәм ақырында келген айырым сөзлердиң, мысалы, биринши қатарда «шабан», «шаңда» сөзлериндеги «ш» даўыссыз сеси, екинши қатарда «берип», «бирни» сөзлериндеги «б», «р» даўыссыз сеслери, үшинши қатарда «бийўапаға», «берме» сөзлериндеги «б» даўыссыз сеслериниң қатарма-қатар қайталанып келиўи менен бирге басқа да даўыссыз сеслердиң өз ара уйқасып, бири-екиншисин толықтырып келиўи шайыр таңлаған ой-пикирлердиң сапалы ҳәм көркем шығыўын тәмийинлейди.

Қосық қурылысында биргелки үнли даўыслылардың сөздиң басында ҳәм ақырында қайталанып келиўи илим тилинде ассонанс деп аталады. «Ассонанс» - (латынша assonare - үнлеслик) гәпте жаңа жолдың басында ҳәм қосық шуўмағында бир қыйлы даўыслылардың үнлесип келиўи ямаса қайталаныўы болса[1] жоқарыдағы Бердақтың «Қашан рәҳәтланадурсаң» қосығынан алынған шуўмақтың биринши қатарының басындағы «Ер» сөзи, усы қатардың ортасындағы «елиңди» сөзи, екинши қатардың басындағы «Елдиң» сөзи, төртинши қатардың басындағы «Елге» сөзлериндеги биргелки сөз ҳәм биргелки еринлик «е» даўыслы сеслериниң өз ара үнлесип келиўи, және де қосық шуўмағындағы дәслепки үш қатардың соңында фейилдиң буйрық мейилин билдириўши «бақла», «ақла», «сақла» сыяқлы еки буўынлы

---

[1] Хамидий Х., Абдуллаева Ш., Ибрагимова С. Адабиётшунослик терминлари луғати. – Тошкент: Ўқитувчи, 1969. 34-б.

сөзлердиң өз ара биргелки уйқасқа түсип, ақырғы буўыны да биргелки жуўан «а» еринлик даўыслысына питиўи ҳәм қайталанып келиўи ассонанс қубылысын пайда еткен. Бул сөзлер қосықта басқа сөзлер менен де өз ара мәнилик қатнасқа түсип, шайырдың гөзлеген ойын, кең жәмәәтке ҳәм жеке адамға қаратылған ой-пикирлерин буйрықтан гөре жумсартып ақыл айтыў, кеңес бериў характеринде келеди. Бундай мысалларды Күнхожаның, Әжинияздың, Бердақтың ҳәм Өтештиң 7, 8, 11 буўынлы дидактикалық қосықларынан көплеп келтириў мүмкин.

Өтеш шайырдың 8 буўынлы «Ур» қосығынан алынған төртинши мысалда да қосықтың дәслепки үш қатарының соңы төрт буўынлы (наданларға, адамларға, жаманларға) сөзлер менен берилип биргелки дәстүрий уйқасқа түскен. Бул сөзлердиң түбири атлық, атлықласқан келбетлик сөзлерден жасалып, жәмийеттеги айырым топар адамларының минез-қулық нормаларын анықлап келеди. Түбир сөзлерге көплик (лар), сеплик (ға) жалғаўлары избе-из жалғанып сөз ҳәм сес уйқасларын пайда еткен. Шайыр бул шуўмақта гәп қураўдың инверсия усылынан шебер пайдаланған. Яғный, қосық шуўмағының ақырындағы уйқасқа түскен атлық сөзлерге айрықша мәни берип қарайды. Шайыр жәмийеттеги айырым пәс минез-қулықлы надан ҳәм жаман адамлардан сыр тутыўды, олардан аўлақ болыўды нәсиятлаўшы терең мазмунлы ой-пикирлерин төрт қатарлы қосықтың бәнтине шебер жайластырған.

Классик шайырларымыз Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш шайырлардың поэзиясында ( дидактикалық қосықларында да) ушырасатуғын сегиз буўынлы қосықтың сағаларын ерте дәўирлерден излестириўимиз тәбийғый. Сегиз буўынлы өлеңлер ҳаққында З.Қабдолов: «Келип шығыўы дым ертедеги дәўирлерде болса да гөнермей, түрине-түр қосып гөнериўди билмей жаңарып отырған аса сулыў, сырлы, әжайып өлең. Бул өлшемниң әжайып үлгилери әййемги заманғы аўыз әдебиятында, Асан қайғыда, Маханбетте берги жағы Абайдың шығармаларында бул өлең айрықша түс

алып, оғада қулпырып кетти»,[1] - деп жазады. Ҳақыйқатында да ерте дәўирлерден баслап-ақ тили, дини ҳәм үрп-әдети дәстүрлери бир-бирине оғада жақын болған қазақ ҳәм қарақалпақ халқының аўызеки жазба мийрасларында пайда болған бул өлшем қосықлары халықтың әсирлер даўамындағы қуўанышы менен өкинишин, қайғысы менен муң-шерин, сағынышы менен айралығын ҳ.т.б. адамзатқа тән болған түрли психологиялық кеширмелери менен гуманистлик идеяларын лирикалық сезим сулыўлығы менен жеткерип бериўде жетекши орында киятыр. Бул ҳаққында К Мәмбетов та «...жети, сегиз буўынлы терме, толғаў қарақалпақ жыраўларының творчествосында баслы орынды ийелейди»[2], - деп атап өтеди.

Термелер поэтикалық формасы бойынша ерте дәўирлерде дөретилиўи менен бирге XIV-XVIII әсирлердеги қарақалпақ жыраў-шайырлардың мийрасларында да ақыл-нәсият мазмунындағы шығармалар сыпатында өз алдына жанр болып қәлиплеседи. Ақыл-нәсият үлгилерине оғада бай халық термелеринен және де бир мысал келтирип өтейик:

Ата дәркар жигитке, 7а
Сол атаға миясар 7б
Суў тилесең суў берген, 7в
Сүт тилесең пал берген, 7в
Аялап қолдан май берген, 7в
Тар геўдеден жай берген, 7в
Ақ сүт берген мийирман, 7г
Ана дәркар жигитке, 7а
Сол анаға миясар 7б
Жел жағыңның панасы, 7г
Жаў жағыңның қаласы, 7г
Асқар таўдай айбатың, 7д

[1] Қабдолов З. Сөз өнери. - Алма-Ата: Мектеп, 1982. 278-б.
[2] Мәмбетов К. Әдебият териясы. - Нөкис: Билим, 1995. 150-б.

Аға дәркар жигитке, 7а
Сол ағаға миясар, 7д
Ҳәм қанатың қуйрығың, 7д
Еки көзиң рәўшаны, 7г
Шаршаған жерде дем алыс, 7ғ
Ини дәркар жигитке.[1] 7а

Бул қатарлар а,б,в,в,в,в,г,а,б,г,г,д,а,д,д,г,ғ,а формасындағы биргелки жети буўыннан ибарат болған ески қосықтың үлгиси. Жети буўынлы қосық үлгисиниң ең ески жанрлардың бири екенлигине академик Ф.Корш былайынша баҳа береди: «Мейлинше ықшам, мейлинше кең тараған, түрк жазыў-сызыўының ең ески ескерткишлеринде гезлесетуғын жети буўынлы қосықты хронологиялық жақтан, сирә ҳәмме қосықтың басы деп атасақ мақул болар[2]. В.Гордлевский де усы пикирлерди толықтыра отырып, жети буўынлы қосықлардың музыкалылығына айрықша итибар қаратады: «Түркий тиллес халықлардың бәрине бирдей таралыўына қарағанда жети буўынлы қосық түрк поэзиясының ең тийкарғы және ең ески өлшеми сыяқлы,[3] - деген пикирлерди билдиреди.

Илимпазлардың бул пикирлерине ертедеги жети буўынлы қарақалпақ терме-толғаўларының тутас текстлери менен олардың жыраў-шайырлар тәрепинен қобызда ҳәм дуўтарда арнаўлы атқарылыўына бейимлестирилген музыкалылығыда айқын мысал бола алады. Әлбетте, усы музыкалылықты қазақ илимпазы З.Ахметов қазақ ҳ.т.б. түркий халықларының жырлары мысалында изертлеўлеринде: «Сеслик қайталаўлар сиңирилген аллитерациялар ҳәм ассонанслар, ишки уйқаслар жырдағы келтирилген қатарлар ушын музыкалылыққа бай қурал хызметин атқарады, қосық тилиниң әлўан түрли жаңлап естилиўин тәмийинлейди, поэтикалық тилге

[1] Қарақалпақ халық термелери. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1996. 7-8-б.
[2] Қабдолов З. Сөз өнери. - Алма-Ата: Мектеп, 1982. 200-б.
[3] Сонда… 281-б.

әжайып сыңғырлы, күшли музыкалылық инам етти»[1] - деп жазған болса, бул қубылысты қарақалпақ терме-толғаўларының қосық қурылысында да жийи ушыратамыз.

Мазмуны ақыл-нәсият үлгилерине оғада бай болған, жоқарыдағы халық термелеринде лирикалық шығармаға тән болған ырғақ, уйқас, өлшем бирлиги айрықша орында турады. Халық термелериниң қурылысының және бир өзгешелиги сонда, шубыртпа қатарлардың мазмунын, сапасын ҳәм көркемлигин арттырыўда ҳәр бир қатардың басында, ортасында, ақырында сеслик уйқаслар менен сөзлердиң өз ара уйқасып (аллитерация, ассонанс, анафора ҳ.т.б.), жийи қайталанып келиўи айрықша көзге тасланса да, белгили бир бәнтке бойсынбағанлығы көринип турады. Бул ҳаққында К. Мәмбетов: «...терме-толғаўлардағы бәнтлердиң нешинши қатарда келиўин аңлаў қыйын. Бунда бәнт қурыў толғаў айтыўшының талғамына байланыслы болып келеди[2] – деп жазады.

Ҳақыйқатында да жоқарыда келтирилген термелердиң бәнти тема менен тығыз байланыслыдай ҳәм қосық қатарларының (мысалға қараңыз - Т.Қ.), биринши (7а), сегизинши (7а), он үшинши (7а), он сегизинши (7а), ҳ.т.б. қатарларында келгендей сезилгени менен де, белгили бир заңға, нызамға бойсынбағанлығын көремиз. Терме қосықлардың қурылысында бәнтти анықлаў қыйын болғанындай, уйқасты да есаплап шығыў оғада қурамалы. Термелер еркин уйқасқа тийкарланған болса да, ҳәр бир қатарда буўын санларының бирлигиниң қатаң сақланғанлығы менен өзгешеленип турады. Усы өзгешеликлерди халық терме-толғаўларының, және де авторы халыққа мәлим болған жыраў-шайырлар (Соппаслы Сыпыра жыраў, Асан қайғы, Доспанбет ҳ.т.б.) мийрасларының қәлегенинен табыўымыз қыйын емес.

XIX әсирдеги классикалық әдебиятымыздағы Күнхожа, Бердақ, Әжинияз, Өтеш шайырлардың дидактикалық қосықлары тийкарынан

---

[1] Ахметов З. А. Казахское стихосложение. - Алма-ата: Наука, 1964 281-б.
[2] Мәмбетов К. Әдебият теориясы. - Нөкис: Билим, 1995. 166-б.

мазмуны жағынан халық термелери менен жыраў-шайырлар мийрасларының даўамы есапланады. Усылай атаўымызға да баслы себеп бар. Халықтың ҳәм жыраў-шайырлардың терме-толғаўлары шубыртпа қатарлардан ибарат болып келген болса, классик шайырларымыз бул форманы өзгертип жибереди. Олардың дидактикалық қосықлары төрт қатардан бир бәнтке биригип, көпшилик жағдайда а,а,а,б тәризинде уйқасқа түсип мурабба формасында жазылады.

Классик шайырларымыздың дидактикалық қосықларының баслы өзгешелиги төрт қатарлы сегиз, тоғыз, он бир буўынлы болып келиўинде ҳәм қосық қурылысында ырғақ, уйқас, өлшем бирлиги менен бир қатарда бәнттиң заңлы түрде сақланыўында. «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» мәселесин изертлеген илимпаз Қ. Оразымбетов «Төрт қатарлы қосықлар (мурабба) қарақалпақ поэзиясының классикалық бәнтлик формасы есапланады»[1] – деп жазады. Ҳақыйқатында да, XIX әсирдеги қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықлары көбинесе төрт қатарлы а,а,а,б тәризиндеги тутас уйқасқа қурылған. Ал, жеке сийрек болсада а,б,а,б тәризиндеги бәнтлик форманы ушыратамыз. Күнхожаның 8-9 буўынлы дидактикалық қосықларынан мысал алып қарайық:

Шайыр халықтың // сөзин айтар, 9а
Надан болса // иси қайтар, 8а
Жақсы болсалар // мол айтар, 8а
Жаманға адам // бара алмас . 9б

Дүньяның малын // алса да, 8а
Ғайратты өзи // салса да, 8а
Дәўлети асқан // бай болса да, 9а
Ҳақыны надан // бере алмас. 9б

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. - Нөкис: Билим, 2004. 150-б.

(«Бара алмас»)

Әжинияздың да 8-9 буўынлы дидактикалық қосықларынан бир мысал келтирейик:

Ҳаслы бузық // сөзди билмес, 8а
Нәсиятқа // көңил бермес, 8а
Айтқаның // қулаққа кирмес, 8а
Аржағында // болмағанша. 8б

Қәдирин билмес // туўған жердиң, 9а
Парқын билмес // алтын зердиң, 8а
Қәдирин билмес // нағыз ердиң, 9а
Басына ис // түспегенше. 8б

(«Аржағында болмағанша»)

Бердақ шайырдың сегиз буўынлы қосықларына итибар қаратсақ:

Жөн жосақларды // сорамай, 8а
Азаматлыққа // жарамай, 8а
Алды артыңды // барламай, 8а
Ләтте пәмли // надан болма. 8б

(«Надан болма»)

Бер дегенде // достыңа бер, 8а
Душпанды етип // қара жер, 8а
Ҳаслан қайқайып // болма шер, 8а
Нәсиятымды // билгейсиз. 8б

«Билгейсиз»)

Солай етип Күнхожа, Әжинияз, Бердақ шайырлардың дидактикалық қосықларының ҳәр бир бәнти белгили бир өлшемге тийкарланған буўын санларына, ырғаққа, уйқасқа ийе болыў менен бирге усы бөлеклерди жуўмақластырыўшы ҳәм тәртиплестириўши терең ақыл-нәсият пикирлерине қурылған.

Күнхожаның «Бара алмас» қосығының биринши шуўмағының дәслепки үш қатарының соңы еки буўынлы «айтар», «қайтар», «айтар» сөзлери менен тамамланып толық уйқасқа түскен болса, екинши шуўмақтың дәслепки үш қатарының соңында «алса да», «салса да», «болса да» сыяқлы үш буўынлы сөзлер менен тамамланып толық биргелки уйқасты пайда етеди ҳәм төртинши қатардағы «бара алмас», «бере алмас» бәнтине шәртли түрде бағынып келеди. Жоқарыдағы уйқасқа түскен сөзлердиң түбиринде, қосымталары да буўын санларының теңлиги, биргелки даўыслы ҳәм даўыссыз сеслердиң қайталанып келиўи менен шекленип қалмастан қосықтың пүтин шуўмағындағы сөзлердиң гәплик-мәнилик қәсийетин күшейтип айырым адамлардың жәмийетте тутқан орнын, адамгершилик қәсийетлерин ашыўда үлкен ўазыйпа атқарып келеди.

Әлбетте усыған уқсас пикирлерди Әжинияздың 8-9 буўынлы «Аржағында болмағанша», Бердақтың «Надан болма», «Билгейсиз» дидактикалық қосықларынан алынған шуўмақлар бойынша да атап өтиў мүмкин.

Филология илимлериниң кандидаты Б.Генжемуратов «Әжинияз лирикасының поэтикасы» мийнетинде «Егер қосық шуўмағының еки ямаса екеўден артық қатарларының соңындағы сөз яки сөзлер дизбеги, сондай-ақ шуўмақлардың жуўмақлаўшы қатарларындағы соңғы сөз ямаса сөзлер дизбеги ҳеш өзгериссиз қайталанып келсе редифлер хызметин атқарады. Бирақ мынандай шәртлилик талап етиледи. Редиф хызметин атқарыўшы сөздиң яки сөзлер дизбегиниң алдында уйқас орналасқан болыўы шәрт»[1]- деп жазады. Автор бул мийнетинде Әжинияздың айырым ышқы-муҳаббат ҳәм хошласыў қосықларындағы редифлердиң бир сөзден, еки ҳәм үш сөзден жасалып, қосықтың пүтин шуўмағындағы ой-пикирлердиң көркем шығыўына унамлы тәсир жасаўына үлкен дыққат аўдарған.

---

[1] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нө: Билим, 1997. 81-82-б.

Биз сөз етип отырған классик шайырлардың дидактикалық қосықларында да редифлердиң бир неше түрлерин ушыратыўға болады. Мысалы:

Елинен айрылған дийўана болур,
Ярынан айрылған бийгәна болур,
Ҳәррелер ушубан пәрўана болур,
Уясы бузылып палдан айрылса.

Йигит қашшақ болур сөҳбети болмас,
Ағайин-халықара иззети болмас,
Мейлис-мәрәкәдә, ҳүрмәти болмас,
Йигит қашшақ болуб, малдан айрылса, - сыяқлы

Әжинияздың «Айрылса» қосығынан алынған биринши шуўмағының биринши, екинши, үшинши қатарларының соңындағы «болур» сөзлери редиф. Ал усы «болур» сөзлериниң алдында келген «дийўана», «бийгәна», «пәрўана» сөзлери дәстүрий уйқаслар. Соңғы шуўмақтағы биринши, екинши, үшинши қатардың соңындағы «болмас» сөзлери редиф. Бул сөзлердиң алдында жайласқан «сөҳбети», «иззети», «ҳүрмәти» сөзлери - уйқаслар. Лекин, биз қосықтың басқа шуўмақларында редифлердиң усындай бир қыйлы түрде жасалыўын ушыратпаймыз. Ал усы қосықтың пүтин шуўмақлары ушын «Айрылса» сөзиниң өзи редиф хызметин атқарып келеди. Ҳәр бир шуўмақтың төртинши қатарында қайталанып келетуғын «айрылса» редифиниң алдында шәртли түрде «тилден», «елден», «палдан», «ерден», «малдан», «жалдан», «жаннан» сыяқлы еки буўынлы биргелки уйқаслар жайластырылғанын көремиз.

Усындай бир сөзден туратуғын редифлерди Күнхожа, Бердақ ҳәм Өтештиң дидактикалық қосықларында жийи ушыратыўға болады.

Өзиңнен пәске жүз салма,
Нәмәҳремлерге сөз салма,
Киси ярына көз салма,

Өз ярыңнан қаладурсаң.

Бердақтың «Қашан рәҳәтланадурсаң» қосығынан алынған бул шуўмақтың биринши, екинши, үшинши қатарларының соңындағы «салма» сөзлери - редиф. Бул сөзлердиң алдында келген «жүз», «сөз», «көз» сөзлери - уйқаслар. Бул еки шайырдың дидактикалық қосықларындағы «болур», «болмас», «салма» сөзлери қатарлық редифлер хызметин атқарып келеди. Егер де, қәлеген лирикалық қосықларда редиф хызметин атқарыўшы тәкирарланған сөзлерде мазмун салмағы жәмленген болыўы шәрт болса, қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларында қолланылған редифлерде лирикалық қаҳарманларының кең жәмәәтке ҳәм жеке адамға қаратылған ой-пикирлери руўхый тәсир етиў күшине ийе болып келеди. Шайырлардың дидактикалық қосықларындағы редифлер қосықтың пүтин шуўмағындағы сөзлер менен контекстке түсип, мазмунында жаман нәрселерден қашып жақсы нәрселерди үрдис етиўди үйретиў, буйырыўдан гөре нәсият айтыў, кеңес бериў мәнисин билдириўши сөзлерди бир орайға жәмлеп келеди.

Атасынан жаман туўса,
Оны, жақсы деп ким айтар,
Ақылсыз ҳәм надан болса,
Оны, жақсы деп ким айтар.

Бердақтың «Ким айтар» қосығынан алынған бул шуўмақтың екинши қатарының соңындағы «ким айтар», төртинши қатарының ақырындағы «ким айтар» сөзлери еки сөзден қуралған - редифлер. Редиф сөзлердиң алдында келген «оны жақсы деп» сөзлери екинши ҳәм төртинши қатарларда өзгериссиз түрде қайталанып анафоралық уйқасты пайда еткен. Сондай-ақ, қосықтың төрт қатарының басындағы сөзлерде а,о сеслери қайталанып келип, ассонансты жүзеге шығарған.

Редифлерди орынлы ҳәм шебер қолланыў шайырлардан айрықша талантты, шеберликти талап ететуғын болса, қарақалпақ шайырларының

дидактикалық қосықларында қолланылған редифлер қосықтың көркем сапасы менен мазмун сапасының теңдей раўажланыўына өз тәсирин тийгизип отырады.

Классикалық поэзиямызда кеңнен таралған 7,8,9 ҳәм 11 буўынлы қосықлардың өлшемлерин пайда етиўде қатарлар менен буўнақлардың (цезура) әҳмийети оғада үлкен. Бул ҳаққында белгили әдебият изертлеўшилери С.Ахметовтың ҳәм К.Мәмбетовтың қарақалпақ поэзиясының қосық қурылысына арналған айырым илимий пикирлери дыққатқа ылайық. Мысалы С. Ахметов: «Әлбетте, қосық қатарларында шешиўши орын ийелеген буўын қосықтың бирден-бир көрсеткиши болып хызмет ете алмайды, ал ритмди жарыққа шығарыўда ритм арасындағы буўынлардың белгили тәртипке түсиўи де, группаға жиклениўде үлкен әҳмийетке ийе. Биз қосықты оқығанда оны иркилместен оқып шықпаймыз. Ал, айырым орынларда иркилип, даўысты көтерип ямаса пәсеңлетип оқыймыз, қосықты оқығанда, оның ҳәр жолы сайын белгили мөлшерде айқын сезилетуғын даўыс толқынының бөлиниўлерине цезура (буўнақ) делинеди. Цезуралар қосықтың эмоционаллық тәсирин күшейтиўде үлкен әҳмийетке ийе, сондай-ақ, цезура арқалы қосықтың музыкалылығы да күшейттирилип бериледи»,[1] - деп көрсетсе, усыған уқсас пикирлерди өзбек, қазақ, уйғыр, қарақалпақ поэзиясындағы қосық қурылысына арналған У.Туйчиев,[2] З.Ахметов,[3] З. Қабдолов,[4] М. Ҳамраев,[5] Қ.Муратбаев[6] ҳәм Қ.Оразымбетовлардың[7] мийнетлеринде де ушыратыўымызға болады.

Әдебият ҳәм фольклор теориясы менен шуғылланған алымлардың пикирлерине сүйенетуғын болсақ, жоқарыда келтирилген шайырлардың дидактикалық қосықларының ҳәр бири төрт тармақлы ҳәм еки буўнақлы

---

[1] Ахметов С. Әдебият ҳәм критика. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1978. 99-б.
[2] Туйчиев У. Ўзбек поэзиясида аруз системаси. – Тошкент: ФАН, 1985.
[3] Ахметов З. А. Казахское стихосложение. - Алма-ата: Наука, 1964
[4] Қабдолов З. Сөз өнери. - Алма-Ата: Мектеп, 1982.
[5] Хамраев М. Основы тюркского стихосложения. - Алма-Ата: 1969.
[6] Муратбаев Қ. Қарақалпақ поэзиясында қосық қурылысы.- Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.
[7] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. - Нөкис: Билим, 2004.

қосықларға мысал болады. Күнхожаның дидактикалық қосығының биринши шуўмағына таллаў жасап қарасақ: Қосықтың биринши қатары 9, екиншиси 8, үшиншиси 8, төртиншиси 9 буўынлы болып келген, ҳәр бир қатардағы еки буўнақтың, мысалы, биринши қатардағы биринши буўнақ 5, екинши буўнағы 4, екинши қатардағы биринши буўнақ 4, екинши буўнақ 4, үшинши қатардағы биринши буўнақ 5, екинши буўнақ 3, төртинши қатардағы биринши буўнақ 5, екинши буўнақ 4 буўыннан ибарат болып ҳәр қыйлы болып келиўине қарамастан, қосықтың ырғағына ҳәм уйқасына ҳеш қандай нуқсан келтирмейди.  Керисинше қосықтың биринши ҳәм төртинши, екинши ҳәм үшинши қатарының буўын санлары өз ара теңлесип, дидактикалық қосыққа тән болған терең  ой-пикирлерди жарыққа шығарған. Әсиресе, дидактикалық қосықлардағы кескин ҳәм анық пикирлерди жүзеге шығарыўда бәнттиң де (строфа) хызмети айрықша. Мысалы, Күнхожаның тоғыз шуўмақлы «Бара алмас» қосығының ҳәр бир шуўмағының төртинши қатарлары тема менен оғада тығыз байланыста «ала алмас», «бара алмас», «айта алмас», «бере алмас», «бола алмас», «ойда болмас», «қалып болмас» тәризинде төрт буўынлы  қоспа сөзлердиң уйқасып келиўинде көринеди. Және де сонғы қатарлардың улыўма буўын санларының өз ара тең келиўи (9б) әсиресе соңғы  сөзлердиң редифли (тәкирарланып) уйқасыўы да қосықтың рифмаларының (уйқасларының) бир орайға жәмлесип уйқасыўы да бәнттиң хызметиниң айрықша екенлигинен дәрек береди. Анығырағы, дидактикалық қосықлардың  бәнти дәслепки үш қатардағы шайырдың ой-пикирлерин анық  жүзеге шығарыўда ҳәм жәмийеттеги жақсы ҳәм жаман минез-қулықтағы адамлардың мораллық келбети менен көркем образын жаратыўда тийкарғы хызметти атқарады. Сонлықтан да,  К.Мәмбетов: «төрт қатарлы, бир бәнтли қосықлар бизиң поэзиямыздың негизи болып есапланады. Қосық жанрының өзи сол тийкарда пайда болған»,[1] - деп жазады. Алымның бул пикирлери қарақалпақ жазба әдебиятын баслаўшы шайырлар

[1] Мәмбетов К. Әдебият теориясы. - Нөкис:  Билим, 1995. 167-б.

Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш ҳ.т.б. поэзиясындағы а,а,а,б формасындағы биргелки уйқасып келген қәлеген лирикалық қосықларына мысал бола алады. Мысалы; Әжинияздың «Аржағында болмағанша», «Керек», «Қәдиринән», «Мезгер», «Бәрше бирдей болған емес», «Керекдур», «Қонақ келсе арық сойма», Бердақтың «Надан болма», «Ойланба», «Келин», «Қашан рәҳәтланадурсаң», «Билгейсиз», «Қарамас», «Бир жигитке», Өтештиң «Қарыз алма», «Ур», «Сәўмеймен», сықлы 8-9 буўынлы дидактикалық қосықларының көпшилиги дерлик а,а,а,б формасындағы биргелки дәстүрий уйқаслар менен келсе, айырым шуўмақларында ғана жекке-сийрек болса да а,б,а,б тәризиндеги шалыс уйқасларды көрип қаламыз.

Классик шайырларымыз Күнхожаның «Ел менен», Әжинияздиң «Ҳәр жерлерде дилгир мүтәж болсаңыз», «Айрылса», «Болмаса», «Ҳәр ким хатам болар паний дүньяда», «Не билсин», «Йигитлер», «Жақсы», «Керекти», Бердақтың «Халық ушын», «Жақсырақ», «Заманда», Өтештиң «Дәркар», «Болар» сықлы дидактикалық қосықлары болса төрт қатарлы, он бир буўынлы қосықларға мысал бола алады. Әлбетте, бул форманы бурынғы ҳәм ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында жетилискен ҳәм ең көп тараған қосық түри десек те болады. Әжинияздың усы усылдағы бир неше дидактикалық қосықларынан мысаллар келтирип өтейик:

Ҳәр жерлерде // дилгир мүтәжболсаңыз, 11а
Сонда белли // дәркар ўәждиң қымматы, 11б
Несип айдап // елден айра түссеңиз, 11а
Сонда белли // үйде ҳәздиң ләззети. 11б

(«Ҳәр жерлерде дилгир мүтәж болсаңыз»)

Ақылы яқшының // гийнеси болмас, 11а
Яман адам // гийне тутса умытпас, 11а
Атқа минген билән // қәтқуда болмас, 11а
Йурттан асқан // ақыл ҳуўшы болмаса 11б

(«Болмаса»)

Адам улы // адам қәдирин билмесе, 12 а
Оннан дүзде // отлап жүрген малжақсы, 11б
Айтқан сөздиң // мағанасын билмесе, 11а
Ол адамнан // тилсиз өскен лал жақсы. 11б

(«Жақсы»)

Әжинияздың жоқарыдағы биринши қосығы төрт тармақлы (қатарлы), 11 буўынлы а,б,а,б тәризиндеги шалыс уйқасқа қурылған хәр бир қатары үш буўнақтан ибарат болған қосыққа мысал болады.

Бул қосықтың хәр бир тармағындағы (қатардағы) 3 буўнақ биргелки түрде бириншиси 4, екиншиси 4, үшиншиси болса 3 буўын болып уйқасады.

Екинши мысалдағы қосық шуўмағы да төрт тармақлы, 11 буўынлы а,а,а,б тәризиндеги биргелки уйқасқа қурылған, үш буўнақлы қосыққа мысал болады. Бул қосықтың биринши қатарындағы биринши буўнақ 6, екинши буўнақ 3, үшинши буўнақ 2 буўыннан ибарат болып келген болса, қосық шуўмағының үшинши қатарындағы үш буўнақтың да усылай бөлиниўи көзге тасланады. Ал қосық шуўмағының екинши хәм төртинши қатарларының биринши буўнағы 4, екинши буўнағы 4, ал үшинши буўнағы болса 3 буўыннан ибарат болып өз-ара теңлеседи. Усылайынша шайырдың дидактикалық қосығының бир шуўмағы а,а,а,б тәризинде биргелки уйқасып келсе де, буўнақлардың буўын санларының өз-ара шалыс түрде келиўи үлкен қызығыўшылық оятады. Деген менен, шайыр поэзиясындағы бундай усыллар дидактикалық қосықтың мазмунына, көркемлигине және де оқылыўына хәм намаға салып айтылыўына да кери тәсирин тийгизбестен он бир буўынды қураған қосықтың ырғағын, уйқасын, өлшемин хәм бәнтин сақлаған халда дөретиледи.

Үшинши мысалдағы дидактикалық қосық шуўмағының биринши қатары 12 буўыннан ибарат болыўына қарамастан а,б,а,б тәризиндеги шалыс уйқаслы, 11 буўынлы қосыққа мысал болады деп айтсақ қәтелеспеймиз. Себеби, биринши қатардың буўын саны артық болып келгени менен

қосықты оқығанда ямаса намаға салып айтқанда бир даўыслы сестиң (қә-дирин - қәд-рин) түсип қалыўы нәтийжесинде буўын санлары жүйи билинбестен өз-ара теңлеседи. Усылайынша қосықтың ырғағы да, буўын санлары да теңлесип кететуғын жағдайларды классик шайырларымыздың 8-9 буўынлы дидактикалық қосықларында да көплеп ушыратамыз.

Әсиресе, классик шайырлардың 8-9, 11-12 буўынлы қосықларындағы айырым өзгешеликлерди анықлаўда С.Ахметовтың «қосық қатарларында еки даўыслы сестиң қатар келген жағдайында олар бир сестиң орнына есапланады. Бул жағдайлар қосық қатарларын цезураға бөлгенде итибарға алынады»,[1] - деген пикирлери дыққатқа ылайық. Усындай өзгешеликлерди Бердақтың, Әжинияздың, Өтештиң 11 буўынлы дидактикалық қосықларынан да көплеп табыўға болады.

Өзи ушын ис етер ақылға зайыл, 12а
Болып усыныңдай заманға қайыл, 11а
Ел қыдырған қыдырымпаз гил сайыл, 11 а
Жумыс етпес ҳеш ўақытта халық ушын. 12б

(Бердақ «Халық ушын»)

Ер жигитке намыс керек ар керек, 11а
Денесине қуўат сәўер яр керек, 11 а
Солардың бәрине рәҳбәр керек, 10 а
Оның парқын билип умтылыў дәркар. 11б

(Өтеш «Дәркар»)

Бердақтың төрт тармақлы, үш буўнақлы «Халық ушын» дидактикалық қосығының биринши ҳәм төртинши қатарларының буўын саны 12 болып келиўине қарамастан, 11 буўынлы қосыққа мысал болады. Себеби, усы қатарлардағы басқа тиллерден кирген, соңынан өз сөзлеримиздей болып сиңисип кеткен «Зайыл» ҳәм «Халық» сөзлери еки буўын болып емес «Зайл» ҳәм «Халқ» болып оқылып қосықтың буўын санлары ҳәм ырғағы өз ара

[1] Ахметов С. Әдебият ҳәм критика. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1978. 99-б.

теңлеседи. Ал, Өтештиң төрт тармақлы үш бууўнақлы «Дәркар» қосығының ҳәр бир қатары 11 бууўын болыўына қарамастан, үшинши қатары 10 бууўынды қурап тур. Себеби бунда да араб-парсы тиллеринен кирип келген еки бууўынлы «рәҳбәр» сөзи «ирәҳбар» болып «протеза» қубылысына ушырап, үш бууўынлы болып оқылады. Усылайынша қосықтың шуўмағындағы төрт қатардың бууўын санлары өз-ара теңлесип бирдей ырғақты, бирдей уйқасты пайда етеди.

Солай етип жумысымыздың бул бөлиминде бир қатар дидактикалық шығармалардың қосық қурылысы мәселесин тарийхый салыстырмалы усылда қарап шығып төмендеги жуўмаққа келемиз.

Қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларының мазмунлық ҳәм көркемлик сағалары халық нақыл-мақаллары менен терме-толғаўларынан басланады, ал формасы жағынан ҳақыйқый индивидуаль әдебияттың көриниси екенлигин төрт қатарлы бәнтлерден ибарат, бууўын санлары да теңдей а,а,а,б тәризинде уйқасқан қосық қурылысы айқын сыпатлап береди. Олар өзлериниң ақыл-нәсият пикирлерин жәмийетлик-социаллық талаплардан келип шыға отырып төрт қатарлы лирикалық қосықларына шебер жайластырады. Нәтийжеде Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш дөретиўшилигиндеги дидактикалық қосықлар XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятында мазмуны ҳәм формасы, қосық қурылысы менен жаңа көркем-әдебий қубылыс сыпатында толық қәлиплести.

# 2-БӨЛИМ. ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДА ТРОПЛАР ҲӘМ СТИЛИСТИКАЛЫҚ ФИГУРАЛАРДЫҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎЫ

Ҳәр қандай әдебий дөретпениң көркемлик дәрежеси менен мазмун сапасын ашыўда троплар менен стилистикалық фигуралардың хызмети айрықша.

Белгили әдебият теоретиги А.Квятковский көркем әдебияттағы троплардың хызметине былай баҳа береди: «Троп - грек сөзи болып (tropoc - тийкарғы мәниси - бурыў, көшириў, айландырыў, образ) сөз, сөз дизбеги ҳәм түсиникти образлы, көширмели мәниде пайдаланып, поэтикалық сөз саплаў усылы. Троп өз ишине метафора, метонимия, синекдоха, гипербола, ирония, литота, эпитет, аллегория, перефразды қамтыйды»[1] - деп анықлама береди ҳәм тропларды фигуралардың қурамына киргизеди. Лекин әдебият теоретиклериниң бири Г.Л.Абрамович троплар менен фигураларды атқаратуғын хызмети, қолланыў өзгешеликлерине қарай отырып көркемлеў қураллары ҳәм поэтикалық синтаксис сыпатында бөлек алып қарайды ҳәм стилистикалық фигураларға былайынша баҳа береди: «Ҳәр бир жазыўшы тилиниң синтаксислик қурылысы өзиншелик сыпатларға ийе. Бул қурылыс жазыўшы дөретпесиниң улыўма сыпатына, сәўлелениўши анық бир объектке сондай-ақ белгили оқыўшыға қаратылған жазыўшының мақсетине ғәрезли. Жазыўшы дөретпесиниң улыўма сыпаты оның өзиншелик жазыў усылында ҳәм поэтикалық синтаксисинде жәмленген».[2] Бул пикирлерди көркем шығармада қолланылған сөз ҳәм сөз дизбеклериниң аўыспалы ямаса көркем образлы (троплар хызметинде) ислетилиўине қарап емес, олардың жайласыўы, оның тәртиби қайталанып келиўи, мәнилик жақтан қарама-қарсы қойылыўы ҳ.т.б. синтаксислик қурылысына қарап белгилеп өтеди.

Сөйлеў фигурасы ямаса стилистикалық фигура - көркем әдебий шығармада тәкирарлаў (повторение), үндемей қалыў (умолчение), антитеза,

---

[1] Квятковский А. Поэтический словарь. – Москва: Советская энциклопедия, 1968. 312-б.
[2] Абрамович Г.Л. Введение в литературоведение. – Москва: Просвещение, 1979. 164-б.

градация, инверсия ҳ.т.б. сыяқлы сөйлеўге байланыслы интонациялық синтаксислик усыллардың ислетилиўи. Булардан баянлаўдың, улыўма көркем шығарманың тәсиршеңлигин күшейтиў ушын пайдаланылады.[1]

Қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларындағы өзин қоршаған орталықтағы жәмийетлик қубылысларға, жеке адамға ҳәм кең жәмәәтке қаратылған дидактикалық (ақыл-нәсият) ой-пикирлерин еле де тереңирек ашыў ушын олардың қосық қурылысында, қатарларында ҳәм қосық шуўмақларында қолланылған троплар менен стилистикалық фигуралардың хызметине айрықша тоқтап өтиў талап етиледи.

Шайырлардың дидактикалық қосықларында берилген ақыл-нәсият пикирлерине терең итибар берип қарасақ, оларда туўрыдан-туўры, анық, эпиўайы сөзлер менен бир қатарда астарлы, аўыспалы, көркем, образлы сөз ҳәм сөз дизбеклериниң орынлы ҳәм шебер қолланылғанлығын көриў қыйын емес.

Классик шайырлардың дидактикалық қосықларында «троплардың ең эпиўайы, дәслепки түри болған теңеўлерди»[2] жийи ушыратамыз. «Теңеўде екинши бир нәрсениң белгилериниң жәрдеминде басқа биреўиниң белгилерин анықлаў мақсетинде еки қубылыс жақынластырылады».[3]

Қарақалпақ әдебиятында да басқа халықлардың әдебиятындағы сыяқлы теңеўлер «дай, - дей», «тай, - тей», «ша, - ше», «дайын, - дейин», «тайын, - тейин» ҳәм «киби», «яңлы», «мегзер», «мегзес», «қусаған», «усаған», «мысалы», «мисли», «тәризли» ҳ.т.б. қосымталардың ҳәм көмекши сөзлердиң жәрдеми менен жасалады. Мысалы, Әжинияздың «Айрылса» қосығында:

Тулпар деген ябы яңлы болмайды,
Таўдан қайтпас дойнағынан айрылса, - деген қатарларында

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша – қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. -Нөкис: Билим, 1994. 222-223-б.
[2] Тимофеев Л. Основы теории литературы. - Москва: Просвещение, 1966. 213-б.
[3] Сонда…213-б.

халық түсинигиндеги қуўса жететуғын, қашса қутылатуғын ең жүйрик тулпар аттың туяғынан ямаса шабысынан айрылса, мазмун сапасын жоғалтып, ҳасыл тұқымға кирмейтуғын әпиўайы жортаң ябы ат сыяқлы баҳасы болмайтуғынлығы «яңлы» теңеўи арқалы көркем сүўретленеди.

Классик шайырлардың дидактикалық қосықларында лирик қаҳарманның сын-сыпаты менен минез-қулық, әдеби ҳәм социаллық турмыс тәризи жанлы тиришиликтиң арқаўы болған тәбият қубылысларына теңлестирилип сүўретленеди.

Дәрьядай болып ақпаса,
Қуры батыр неге керек?

Күндей күлип жайнамаса,
Қуў өмирлер неге керек?

(Күнхожа «Неге керек»)

Йигит керек дәрья киби ташмаға,
Кеўил пәрўаз етәр көкке ушмаға,

(Әжинияз «Керек»)

Дәрья киби толып-ташан,
Әжеп улығ зат керекдур,

(Әжинияз «Керекдур»)

Ябандағы суўсыз арыққа уқшар,
Ҳәр кимниң сақаўат-қайыры болмаса.

(«Болмаса»)

Дидактикалық қосықларда жәмийетлик қубылысларды ҳәм адамлардың минез-қулық әдеплерин шебер ашыўда теңелиўши предметке теңестириўши предмет етип қуслар, ҳайўанатлар ҳәм басқа да жанлы-жәниўарлардың сапалы ҳәм сапасызлық қәсийетлери мысал етип алынады.

Жигит болсаң арысландай туўылған,
Хызмет еткил удайына халық ушын,

(Бердақ «Халық ушын»)

Нар буўрадай көбик шашпа,
Бир күн мурның тийер тасқа,

(Бердақ «Бир жигитке»)

Қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларында көбинесе теңелиўши предмет ушын теңестириўши предметтиң мазмун сапасының баҳалылығын улығлаў, сапасызлығына түңилиў сезимлерин оятыў арқалы сапасызлықтың алдын алыўға нәсиятлап келеди. Теңелиўши предметке теңестириўши предметтиң мазмун сапасы жоғалса, төменлесе еки предметтиңде мәниси, қуны, баҳасы теңдей жоғалатуғынлығы турмыслық детальлардың жәрдеминде айқын сыпатлап бериледи.

Бул пикирлеримизге Әжинияздың «Болмаса», «Болмас» қосықларынан алынған төмендеги мысаллар айқын дәлил бола алады.

. ..Мәртте ат болмаса атша жуўырар,
Теңиниң ишинде өлгәндек болар.

Тахт үстинде турған әдил султанлар,
Бир байша йоқ сорар ели болмаса,
Йүрәкләри ат башыйдәк батырлар,
Қатынша йоқ ат ярағы болмаса.

(«Болмаса»)

Бир накәслерге берән керәкиң,
Күниңдә бир пулша миннети болмас.

(«Болмас»)

Әжинияздың «Мегзер» редифли жигирма шуўмақлы ҳәм және де «Мегзер» редифли отыз үш шуўмақлы еки дидактикалық қосығында да бастан-аяғына теңеўлердиң жетилискен ҳәм әжайып үлгилерин көремиз.

Жигирма шуўмақлы «Мегзер» қосығының ҳәр бир шуўмағында ҳәр қыйлы дидактикалық темадағы мәселелер сөз етиледи. Онда лирик

қаҳарманның қыял еткен көңилиниң ертлеўли атқа мегзеўи, бир достынан кеўли қалса ғәлет жазған хатқа мегзеўи, жақсы ярға дус болса-өмири гүлистанға мегзеўи, пейли тарға исиң түссе қәпеске түскенге мегзеўи, жақсы ерге жаман қатын тап болса-таўсылмас дөҳметке мегзеўи, хош жигит жолдасың болса-кеўил сарайың гүлистан болып, қыс күнлериң жазға мегзеўи, кәсип-кәриң пуллы болса, ҳәмме сениң дос-яраның болып төрт жағың қублаға мегзеўи, ақмақ болса туўған балаң-өмириң зимистанға мегзеўи, қайыр-сақаўат етпеген адам миийўасыз талға мегзеўи, халыққа сөзи жайылмаған шайырдың гөне тамға мегзеўи, пазыйлет билмеген надан адамның - төрт аяқлы малға мегзеўи теңестирилип атырған зат ҳәм қубылыслардың сыртқы формасына қарағанда ишки мазмун сапасын ашыўда ҳәр тәреплеме шебер ҳәм тәсирли сүўретленеди.

Шайыр «Мегзер» редифли отыз үш шуўмақлы дидактикалық қосығында болса бир теманы сөз ете отырып, яғный жәмийеттеги ҳаял-қызлардың айырым топарларының кәмалға келгенинен баслап қартайғанға шекемги дәўиринде сын-сыпаты, минез-қулқы, жүрис-турысы, ислеген ис-ҳәрекетлериндеги өзгерислерди ҳәр қыйлы зат ҳәм қубылысларға избе-из теңестириўи арқалы лирик қаҳарманның руўхый ҳәм сыртқы келбетин толық ашыўға ериседи.

Қыз бала кемала келсе,
Алмадек пишкәнә мегзер,
Мәўжиреп аққан дәрьядай,
Толысып ташқана мегзер.

Делбе яңлы тасып-толып,
Ул-қызының анасы болып,
Қызыл жүзи гүлдей солып,
Қазан урған гүлге мегзер.

Әжинияздың «Мегзер» қосығының басында ҳәм ортасында келген бул шуўмақларды теңеўлер менен бир қатарда эпитетлер (мәўжиреп аққан, қызыл жүзи) ҳәм қосықтың пүтин шуўмақларында фигураның градация ҳәм параллелизм усылларының да шебер ислетилгенлигин көремиз (Параллелизм ҳәм градация қубылыслары ҳаққында төмениректе сөз етемиз.Т.Қ.).

Көркем шығармаларда жийи қолланылатуғын сүўретлеў усылларының бир түри эпитетлер. Эпитет-(грекше epiteton - қосымша) троптың бир түри, образлы айқынлаў.[1]

Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтештиң басқа да лирикалық қосықлары менен бир қатар да дидактикалық қосықларында қолланылған эпитетлер зат ҳәм қубылыслардың, адамлардың сыртқы келбетин айқын сәўлелендирип қоймастан, олардың руўхый дүньясын, жасаў тәризин, мазмун сапасын анықлаўда үлкен хызмет атқарып келеди. Мысалы, Күнхожаның «Жетимниң ҳақын жеп қойма» дидактикалық қосығында:

Жетим деген ғәрип болар билсеңиз,
Ақша жүз сарғаяр оған күлсеңиз, - деген қатарларындағы

«ақша жүз сарғаяр» эпитетли метафорасы тек ғана лирик қаҳарманның сыртқы бет-әлпетиндеги өзгерислерди емес, руўхый өзгерислерди де терең ашыўда шебер ислетиледи.

Ашықлар ағлайур ләйлиў-нәҳәри,
Қара көзли қәдди далдан айрылса,
Руўзы-шәп қан йутып шекерлер зары,
Шийрин сөзли, сүшик тилден айрылса.

Дәҳ дегендә озан қанатлы қушдан,
Туяқы нәҳәлли алтын-кумушдан,
Алма көз әреби ат қалур миншдән,
Қуйрығы дөкилип, ялдан айрылса.

---

[1] Словарь иностранных слов. – Москва: Русский язык, 1986. 590-б.

Алғыр қус хор болар балдан айрылса,
Ер жигит хор болар малдан айрылса.

Әжинияздың «Айрылса» қосығынан алынған биринши шуўмақта «қара көзли» эпитети «қәдди далдан» метафорасы, «шийрин сөзли» эпитети, «сүшик тилден» эпитетли синекдохасы, «Руўзы-шәп» (күн-түни) қан йутып шекерлер зары гиперболасы лирик қаҳарманның ишки ҳәм сыртқы көринисиндеги өзгерислерди ашыўда образлы усылда шебер қолланылады. Екинши шуўмақтың биринши қатарында мазмунлық жақтан алып қарағанымызда гиперболалы эпитет (дәҳ дегендә озан қанатлы қушдан) қолланылса, қосықтың келеси қатарларындағы «алтын кумушдан», «алма көз, әреби ат» эпитетлери ҳайўанатқа, яғный атқа тән болған сапалық белгилерден айрылса сапасызлық қәсийетлердиң келип шығатуғынлығы образлы қатарлар менен бериледи. Усы қосықтың соңғы еки қатарында қолланылған «Алғыр», «Ер» эпитетлери қатара (параллель) ислетилип еки предметтиң айрықша сапасын белгилеў менен бирге «хор болар», «айрылса» сөз дизбеклери менен сөзлери теңбе-тең қайталанып усы зат ҳәм қубылыслардың мазмун сапасынан айрылса олардың баҳасы, қуны төменлейтуғынлығы турмысылық мысаллардың жәрдеминде еле де толық ашылады.

Бердақ шайырдың «Қарамас» қосығында «Гүл жүзиңнен қашар қаның», «Ден саўлықта алтын тағың» қатарларындағы, Өтеш шайырдың «Қарыз алма» қосығында «Жаманның қабағы қатық», «Жақсы айтар расын, ҳәр бир сөзлери қорғасын» асты сызылған эпитетлер ҳәм метафоралар (қорғасын) адамлардың минез-қулқын, сөйлеген сөзин, жүрис-турысын, руўхый ҳалатларын анық ҳәм айқын сәўлелендириўде орынлы ҳәм шебер ислетиледи.

Шайырлардың дидактикалық қосықларындағы ақыл-нәсият пикирлерин образлы, аўыспалы усылда сүўретлеўде метафоралардың хызмети айрықша.

Метафора-(грекше-metaphora-көшириў) көп қолланылатуғын поэтикалық сүўретлеўдиң бири. Метафорада еки предмет яки ҳәдийсе арасындағы (уқсастырылып атырған ҳәм соған уқсас) улыўма мегзесликке тийкарланады. Уқсас нәрсеге уқсастырылып атырған нәрсениң белгилери, сыпатлары көшип өтеди.[1]

Күнхожаның «Яранлар» қосығында:

Тулпардан ябылардың озғаны,  
Әжеп-тәуир заман болды яранлар - деген қатарларында

адамлардың орнына жанлы-жәниуарларды аўыстырып сүўретлеўлер арқалы көрем образ жасайды.

Шайырдың «Жетимниң ҳақын жеп қойма» дидактикалық қосығында да метафораның, синехдоханың әжайып үлгилери бериледи.

Шайырлардың едим өзим сәрдары,  
Рәсиўлилла сүйген үмметтиң бири,  
Аўырса да шүкир етер ҳәр жери,  
Жетимлердиң ҳақыларын жеп қойма.

Бунда шайыр Күнхожа өзин шайырлардың сәрдары едим, яғный жол басшысы, баслаўшысы едим деп, XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятында тутқан орнына дурыс баҳа берген болса, «Рәсиўилла сүйген үмметтиң биримен», яғный «Қудайдың сүйген бенделериниң биримен» деген синекдоханы қолланыў арқалы қудайды ойлаған шайыр өз дәуириниң билимли, қайыры-сақаўатлы, зыялы адамлардың бири сыпатында жәмийеттеги бәрше адамлардан әззи топарларға қайыр-сақаўат етиўди, ҳақысын жемеўди нәсият етеди.

Әжинияз шайырдың дидактикалық қосықларында да қолланылған метафоралар зат ҳәм қубылыслардың, әсиресе адамлардың адамгершилик қәсийетлерин образлы сүўретлеўге бағдарланады.

Яқшының бир сөзи мәўинәт тажы,

---

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. – Тошкент: Ўзбекистон, 2002. 328-329-б.

Яманның бир сөзи зәҳәрден ашшы.

Бунда шайыр жақсы адамның айтқан ҳәр бир сөзин «мәўинәт тажы» на (қуданың мәртебесине) мегзетсе, жаман адамның ҳәр бир сөзин «зәҳәрден ашшы» деп уўлы, зыянлы нәрсеге мегзетиў арқалы адам баласының жақсы ҳәм жаман пазыйлетли болыўында сөйлеген ҳәр бир сөзиниң қүдиретине үлкен мәни берип қарайды.

Бердақ шайырдың да бир қатар дидактикалық қосықларында қолланылған метафораларда шайыр жасаған заманның реал көриниси, адамларға тән болған жақсы ҳәм жаман қәсийетлер, олардың руўхый дүньясындағы ҳәм жисманый күш-қуўатындағы өзгерислер аўыспалы усылда сәўлеленип кең жәмәәтке терең ой салады.

Жигитлик деген нар екен,<br>
Ғаррылық деген жар екен,<br>
Қартайған соң жасың жетип,<br>
Кең дүнья саған тар екен.

(«Екен»)

Ағалар мен шайыр болдым,<br>
Гүл едим, қуўрадым солдым<br>
(«Билгейсиз»)

Шайырлардың дидактикалық қосықларында айырым орынларда троплардың метонимия, синекдоха, аллегория ҳ.т.б. түрлери де көркем образ жасаўда, ой-пикирлерди аўыспалы усылда сүўретлеўде утымлы пайдаланылады.

Қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларында стилистикалық фигуралардың - риторикалық сораў, антитеза, параллелизм, қайталаў, инверсия ҳ.т.б. бир неше түрлери жийи ушырасады.

«Риторикалық сораў - көркем шығармаларда сораў гәп түринде қурылған, бирақ жуўап талап етилмейтуғын синтаксислик усыл. Әлбетте, әдебияттың барлық жанрларында да риторикалық сораўлар жазыўшылар

тәрепинен шығарманың тәсирлилигин, идеялық өткирликти күшейтиў ушын жедел қолланылады».[1]

Күнхожаның «Неге керек?», Әжинияздың «Болурмы?», Бердақтың «Ким айтар?» редифли дидактикалық косықларында бир неше темаға қурылған терең риторикалық сораўлар кең жәмәәтке ҳәм жеке адамға терең ой салары сөзсиз.

Күнхожа он алты шуўмақтан туратуғын «Неге керек?» қосығының ҳәр бир шуўмағында турмыстағы зат ҳәм қубылыслардың сапалық белгилериниң жақсы ҳәм жаман тәреплерин бири екиншисине параллель қойып сүўретлеў арқалы олардың ең ағла қәсийетлерин кең жәмәәтке ҳәм жеке адамға сиңдириўди мақсет етеди. Мысалы, сайраған бүлбили болмаған, иши ҳаўазға толмаған, бәрқулла жайнап турмаған ашылған гүлдиң, ўақтында тасып тынбаған аққан суўлардың, төбеси бултқа тиймеген асқар таўлардың, өз ўақтында жаўмаған қара жамғырдың, жоқ жерден аңды таппаған қаршыға қустың, қашақ қоянға жетпеген қайың тазының, байрақтан озып келмеген дал бедеўдиң, анадан артық туўмаған пасық перзенттиң, таймай гүреске түспеген қорқақ палўанның, аш ҳәм тоққа қарамаған аўан басшының, халыққа әдил болмаған, жылағанды жубатпаған тахт ийесиниң, дуўры әдиллик бермеген кәдқудалардың, қайыры ашқа тиймейтуғын аса байлықтың, елди жаўлардан бақпаған - қуры батырдың, ата-анасын күтпеген жаман перзенттиң, күндей күлип жайнамаған - қуў өмирлердиң неге кереги бар деген терең дидактикалық ой-пикирлерге қурылған жуўап талап етпейтуғын бирнеше темадағы риторикалық сораўларды ортаға қояды.

Бул сораўлардан шығатуғын жуўмақ сонда, сайраған бүлбили болса, иши ҳаўаға толса, барқулла жайнап турса ашылған гүл сонда керек, сарқырап суўы ақса, ўақтында тасып-тынса еккен егинлер қанса аққан суўлар сонда керек, беллерин беккем бууса, өткен өшлерди қууса, анадан артық тууса

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша – қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. -Нөкис: Билим, 1994. 178-б.

жақсы перзент сонда керек ҳ.т.б. турмыста адамзат өмири ушын оғада зәрүр болған ең жақсы идеяларды риторикалық сораўлардың жәрдеминде шебер берген.

Әжинияздың жети шуўмақлы «Болурмы?» редифли дидактикалық қосығында да риторикалық сораўлардың әжайып үлгилери сәўлеленген:

…Сөзлегенде сөзниң парқын билмәгән,
Адам демек билан инсан болурмы?
…Яқшыны пәҳим әйле сөзләгән сөздин,
Яманның парқы йоқ көз бирлә йүздин,
Әдепсиз, әркәнсиз, бийпәҳим қыздын,
Хошрей болмақ билан жанан болурмы?

Шайыр пикиринше, адамлардың жақсы ҳәм жаман әдетлери сыртқы көринисине қарап емес, сөйлеген сөзи, жүрис-турысы, ең баслысы алған тәлим-тәрбиясына қарап баҳаланады. Қосықтың басқа шуўмақларында да шайыр турмыс тәжирийбелерине сүйене отырып жәмийеттеги адамлардың (жигит, қыз, ҳаял-қыз, султан, мүршид ҳ.т.б.) социаллық жағдайларына, өзин услап-тутыў қәделерине, сөйлеген сөзине, руўхый пазыйлетлерине үлкен дыққат аўдарады.

Бердақтың он үш шуўмақлы «Ким айтар?» редифли дидактикалық қосығында да Күнхожаның «Неге керек?», Әжинияздың «Болурмы?» редифли дидактикалық қосықларына үнлес ҳәм мазмунлас болған бир неше темалар алға сүриледи. Лекин бул қосықтың идеялық өзгешелиги сонда, шайыр көбинесе жәмийетти, халықты басқарыўшы топарлардың минез-қулқы, жүрис-турысы, әсиресе хызмет ўазыйпасындағы унамсыз иллетлерден келип шыға отырып, олардан тийисли жуўмақ шығарыўды мәсләҳәт етеди. Мысалы, атасынан жаман туўса, ақылсыз ҳәм надан болса, оны жақсы деп ким айтар, адамды адам демесе, азамат қәдирин билмесе, жылағанды жубатпаса, оны әдил деп ким айтар, халыққа нәзер салмаса, еркин ҳәм әдил сорамаса, оны басшы деп ким айтар, гүналы жанды билмесе, билип дарына

илмесе, ҳәммени бирдей көрмесе, оны патша деп ким айтар, жылағанды жубатпаса баўырларына тартпаса, халық татқанды татпаса, оны султан деп ким айтар, айтқан арызлар питпесе, дады патшаға жетпесе, дуўры төрелик етпесе, оны төре деп ким айтар, ҳақ-наҳақты билиспесе, әдилсиз ҳүким ислесе, түйилген даўды шешпесе, оны қазы деп ким айтар ҳ.т.б. ийшан, молла, суўпы, оданбасы, бай, шешен ҳ.т.б. адамлардың адамгершилик қәсийетлери менен ис-ҳәрекетлериндеги, қәте-кемшиликлерди параллель жайластырыў арқалы усы кемшиликлерди сапластырса ғана оларды жақсы перзент, әдил ҳәм туўры басшы деп айтса болады деген түсиниклерди қосықтың ҳәр бир шуўмағындағы риторикалық сораўлардың жәрдеминде тәсирли жеткереди.

Классик шайырларымыздың дидактикалық қосықларында көбирек қолланылатуғын стилистикалық фигуралардың бир түри **антитезалық сүўретлеўлер.** «Антитеза - (грекше – antithesis - қарама-қарсы дегенди билдиреди). Көркем шығармада ўақыялар, образлар, түсиниклер бир-бирине қатаң қарама-қарсы қойылса антитеза усылы келип шығады».[1]

Шайырлар өзлериниң дидактикалық қосықларында адамлардың минез-қулық нормалары менен руўхый пазыйлетлеринен келип шыға отырып «жақсы адам-жаман адам», «мәрт-нәмәрт», «дос-душпан», «жақсы перзент-жаман перзент», «жақсы ҳаял-жаман ҳаял», «ойшыл-пасық», «дана-надан», «ақыллы-ақмақ» ҳ.т.б. қарама-қарсы образларды жаратса, адамлардың социаллық турмыс тәризинен келип шыға отырып «аш-тоқ», «бар-жоқ», «шадлы-қайғылы», «бийик-пәс», «бай-жарлы», «маллы-малсыз» ҳ.т.б. қарама-қарсы сапалық белгилерди сүўретлейди. Жәмийетлик қубылысларды ҳәм адамлардың ис-ҳәрекетлерин сәўлелендириўде жаз-қыс, ҳадал-ҳарам, ҳақ-наҳақ, туўры-қыйсық, әдил-әдилсиз ҳ.т.б. антонимлик сөзлерди контрасқа түсириў арқалы оқыўшыда ҳәр қыйлы эстетикалық сезимлерди

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша – қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. -Нөкис: Билим, 1994. 18-б.

пайда етеди. Зат ҳәм қубылыслардың, адамлардың жақсы, унамлы, пайдалы ҳ.т.б. сапалық белгилери арқалы сүйиспеншилик сезимлерин оята алса, жаман, унамсыз, зыянлы ҳ.т.б. сапасыз қәсийетлери менен жеркениш сезимлерин оятады ҳәм бундай иллетлерден аўлақ болыўға шақырады.

Шайырлардың дидактикалық қосықларында қолланылған антитезалық сүўретлеўлерди төмендегише бөлип алып қараўға болады:

а) қосықтың бир қатарындағы сөзлердиң мәнисин күшейтиў мақсетинде ўақыяларды, түсиниклерди, образларды қарама-қарсы қойып сүўретлеў усылы;

Ким-жаман, ким яқшы-парқыны билмес,
Патша жаман болса, күниң зар билән

(Күнхожа «Ел менен»)

Бары-жоқты барламаса,
Аш ҳәм тоққа қарамаса
Аўан басшы неге керек?

(Күнхожа «Неге керек»)

Алыс-берис жоқ сыйласық
Туўысқаның жатқа мегзер

(Әжинияз «Мегзер»)

...Досқа дуўғры кәрәк-душпана-ҳийлә
...Дуғры йүргил, игри йүрмәгил йола
... Яманның яқшыға сөҳбети болмас

(Әжинияз «Болмаса»)

Мәрт билән нәмәртти айырар саўаш.

(Әжинияз «Болмаса»)

Ҳақ, наҳақты билмесе.

(Бердақ «Ким айтар»)

Достың сырын душпанға айтпа.

(Бердақ «Қашан рәҳәтланадурсаң»)

... Биреўлер бай, биреўлер жарлы,
... Биреўлер бәлент, биреўлер пәс,
(Бердақ «Билгейсиз»)
... Дос-душпаныңды бақлап жүр,
... Жақсы-жаманды сынап көр.
(Бердақ «Балам»)
Ҳарам емес, ҳақ пенен жүр,
... Қысы-жазын бәҳәр етпесе,
... Жақсы-жаманды кәр етпесе.
(Өтеш «Сәўмеймен»)

Жоқарыда көрип өткенимиздей, төрт шайырдың дидактикалық қосықларында да бири-бирине қарама-қарсы мәнидеги антоним сөзлер қосықтың бир қатарында дара, жуп сөзлер, сөз дизбеклери түринде қолланылып образ жасаўда шебер ислетилген. Ал Бердақтың «Билгейсиз» қосығынан алынған тоғызыншы мысалда болса антоним сөзлер менен бир қатарда стилистикалық қайталаўлардың (повторение) ислетилгенлигин көремиз.

Тийкарғы мәнилик жүклемелерди алып жүретуғын, айырым сөзлердиң қайталаныўларына негизленген синтаксислик конструкциялар да фигураларға жататуғын болса,[1] Бердақтың «Билгейсиз» қосығында «Биреўлер» сөзи қосықтың басында ҳәм ортасында антоним сөзлердиң алдында қайталанып келиў арқалы жәмийеттеги адамлардың жасаў тәризин, олар арасындағы парықты, өзгешеликлерди еледе тереңирек ашыўда поэтикалық усыллардың бири сыпатында шебер пайдаланылған. Бундай мысалларды Күнхожа, Әжинияз, Өтештиң дидактикалық қосықларынан көплеп келтире бериўге болады. Мысалы, Өтеш шайырдың «Қарыз алма» қосығындағы:

Биреўди ақыл көтерер,

[1] Абрамович Г.Л. Введение в литературоведение. – Москва: Просвещение, 1979. 169-б.

Биреўди бахыт көтерер,

Биреўди туўған көтерер,

Екеўинен ақыл алма - деген шуўмағындағы

дидактикалық ой-пикирлерден, әсиресе қайталаўлардан келип шығатуғын жуўмақ сонда, қосықтың биринши қатарында адамды өз ақылы көтереди, яғный адам етеди, оннан ақыл алыўға болады, ал екинши қатарда адамды бахыт, яғный байлық көтереди, оннан ақыл алыўға болмайды, үшинши қатарда адамды өз ақылы емес киси ақылы ямаса туўысқаны, тамыр-танысы көтерер оннан да ақыл алыўға болмайды деген нәсият пикирлерин терең уқтырыў ушын «биреўди», «көтерер», сөзлерине терең мәни жүклеп бир неше рет қайталап келеди.

б) Шайырлардың дидактикалық қосықларының еки қатарында бири-екиншисине қарама-қарсы қойылатуғын антоним сөзлер жийи ушырасады:

Аямаса досына жанын,

Душпанға сырын айта алмас.

(Күнхожа «Бара алмас»)

Баҳадырлар алла дейип ат салур,

Нәмәрт йигит шаппай майданда қалур,

Жақсыға мал менен жаман тең болур,

Жаман көңил жақсылардан кем болур.

(Әжинияз «Болмаса»)

Бер дегенде достыңа бер,

Душпанды етип қара жер.

(Бердақ «Балам»)

Жақсы адам сөз мәнисин аңлайды,

Жаман адам пасық сөзди тыңлайды.

(Бердақ «Халық ушын»)

Саяқ жүрсең, таяқ жерсең,

Топланып жүрсең той жерсең.

Жақсының сөзи бәрә азық,
Жаманнан нәсият алма.
(Өтеш «Қарыз алма»)

в) Шайырлардың дидактикалық қосықларының пүтин бир шуўмағында қолланылған антитезалық сүўретлеўлер.

Жақсының жомартлық кирер кеўлине,
Оның қуда берер ығбал-пейлине,
Жақсының халық ерер қалмай изине,
Жаманнан бас болса, басты хор әйлер.
(Күнхожа «Басты хор әйлер»)

Ҳаял яқшы болса, көңлиңни ашар,
Ҳаял яман болса, абрайың қашар,
Яман адам достан қашар, ўә кешер,
Яманның яқшыға хүрмети болмас.
(Әжинияз «Болмас»)

Жаман жолдас пайдасына илдирер
Жақсы жолдас адамгершилик билдирер,
Душпанды муңайтып, досты күлдирер
Солар хызмет етер, уллы халық ушын.
(Бердақ «Халық ушын»)

Рас гәпти жалған етсе,
Өтирикти рас етсе,
Жаманды жақсы етсе,
Ондай адамның аўзына ур.
(Өтеш «Ур»)

Усылайынша, шайырлардың дидактикалық қосықларында қолланылған антитезалық сүўретлеўлер жәмийетлик қубылыслардың, зат ҳәм түсиниклердиң, адамлардың мазмун сапасының ҳәр қыйлы қарама-қарсы

сапада келетуғынлығын турмыслық факторлардан ала отырып поэтикалық тил менен китап оқыўшысына тәсирли жеткериледи.

Көркем шығармаларда ең көп қолланылатуғын стилистикалық фигуралардың бири **параллелизмлер** «Параллелизм - грек сөзи, мәниси қатара келиў, параллель жайласыў, көркем шығарма стилиниң еки ямаса үш элементиниң структуралық байланысын айрықша көрсетиўдеги композициялық усыл.[1]

Әжинияз ҳәм Бердақтың дидактикалық қосықларында зат ҳәм қубылыслардан ҳәм адамлардың сапалық қәсийетлериниң бири екиншисине параллель жайластырылыўына бир-еки мысал келтирип өтемиз:

Ер йигит қолында малы болмаса,
Ялғаншыда өз теңинен кем болур,
Әреби ат арыса, жалы болмаса,
Арқасы яғырдан бойы ләң болур.

Йигитке әреби ат керек, әўелҳа,
Екинши зән керек хошрей, базийа,
Андын соңра перзент керек ҳәм дүнья,
Дүньясызлар ләйлиў-нәҳәр тәң болур.
(Әжинияз «Йигитлер»)

Әжинияздың «Йигитлер» қосығының дәслепки шуўмағында ер жигиттиң малы-дүньясы болмаса жасаў жағдайы нашарласып өз теңинен кем болыўы, ал әреби аттың азып, жалы болмаса, арқасы яғырдан (жарадан, қотырдан) бойы ләң болыўы тәбийий процесс. Усы еки қубылыс параллель бағытта жайластырылып сүўретлениў арқалы мазмун ҳәм форма сапасының жоғалыў ҳалатлары толық ашылады.

Қосықтың екинши шуўмағында шайыр жигитке биринши әреби ат, екинши хошрей, базийа (биймәлел) зән (ҳаял), үшинши перзент ҳәм дүнья сыяқлы баҳалы төрт заттың оғада зәрүр, керек екенлигин дәслепки үш

[1] Квятковский А. Поэтический словарь. – Москва: Советская энциклопедия, 1968. 119-б.

қатарда параллель рәўиште атап өтип, егер де усындай төрт түрли баҳалы затқа, дүньяға ийе болмаған адамлар (жигитлер) күн-түн қыйыншылықта қалады деген ой-пикирлерди қосықтың төртинши бәнтлик қатарында тастыйықлап береди.

Қосық шуўмағында «Керек» сөзин шәртли рәўиште атлық сөзлерге мәни жүклеў мақсетинде қосық қатарларының орталарында жийи қайталап келеди.

Ғош жигитке намыс керек, ар керек,
Қәдди бойлы, назлы нигар яр керек.

(Бердақ «Халық ушын»)

Бердақтың «Халық ушын» қосығынан келтирилген еки қатарда еки зат ҳәм предметтиң сапалық қәсийетлери, мысалы, ер жигитке намыс пенен ар кереклиги, ал сол жигитке жарасатуғын қәдди бойлы, назлы, нигар яр кереклиги параллель бағдардағы ислетилип усындай сапалық белгилердиң адамларға оғада зәрүрлиги нәсиятлаў характеринде сүўретленеди.

Классик шайырлардың қосықларында адамлардың жүрис-турысына, сөйлеген сөзине, адамгершилик қәсийетлерине тән болған сапалық ямаса сапасызлық белгилерди бири-екиншисине ямаса басқа зат ҳәм қубылысларға параллель бағдарда қойып сүўретлеўлерге көплеп мысаллар келтире бериў мүмкин. Лекин биз Бердақтың «Жақсырақ» қосығының төмендеги шуўмағында адамларды пайдалы мийнетке қатнастырыў ҳәм оның нанын ҳадаллап жеўге бағдарлаў тилегиниң қосықтың ҳәр бир қатарындағы сөз ҳәм сөз дизбеклеринде параллель бағдарда шебер ислетилгени менен параллелизмлер ҳаққындағы пикирлеримизди жуўмақламақшымыз.

Түргелип, ертеден жумысқа шығып,
Қолыңды қабартып, белиңди бүгип,
Дизеңди сызлатып, мийнетин шегип,
Жеген бир зағараң палдан жақсырақ.

Жоқарыдағы келтирилген қосық шуўмағында параллелизмлер менен бир қатарда **градация** усылы айқын көзге тасланады. «Градацияда - (латынша

gradatio - əste aқырын жоқарылаў; gradus - басқыш, дəреже) қандай да бир процесстеги басқышлардың избе-излик пенен, əсте-ақырынлық пенен бөлистирилип жайластырылыўы»[1] - көзге тасланса, шайырдың да мийнет ҳаққындағы ой-пикирлери параллель жайласыў менен бирге, адамның ис-ҳəрекетлери де əсте-ақырынлық пенен жоқары басқышқа көтериледи ҳəм нəтийжесинде ҳадал мийнеттиң жемисин ақылға уғрас татыў идеясы келип шығады.

Поэзиялық шығармаларда соның ишинде шайырдың дидактикалық қосықларында да сөзлердиң орналасыў тəртиби сүўретленип атырған зат ҳəм қубылыслардың, түсиниклердиң мазмунынан ғəрезли болады. Бул қубылысты илим тилинде **инверсия** деп атайды. «Инверсия (латынша. unversio - орын алмастырыў) - гəп бөлеклериниң грамматикалық нормадан тысқары жағдайда қолланыўына тийкарланған стилистикалық усыллардың бири».[2]

Жумыс исле туўылған соң ел ушын,
Жаныңды аяма елде ер ушын,

Бердақтың «Жақсырақ» қосығынан алынған бул шуўмақтағы сөзлерди грамматикалық қəделер бойынша избе-из тəртипте жайластыратуғын болсақ, əлбетте əпиўайы сөйлеў тилине тəн болған лексикалық бирликлер келип шығары сөзсиз. Мысалы,

Ел ушын туўылған соң жумыс исле.
Ер ушын елде жаныңды аяма.

Егер де граматикалық қəделер бойынша баслаўыш гəптиң басында, баянлаўыш аяғында, толықлаўыш, анықлаўыш, пысықлаўыш ортасында келетуғын болса, шайырлардың дидактикалық қосықларындағы тийкарғы мəни жүкленген гəп ағзалары гəптеги орын тəртибине бойсынбастан, еркин қолланылып, лекин көркем əдебият стилине бойсындырылып, айрықша

---

[1] Словарь иностранных слов. – Москва: Русский язык, 1986. 141-б.
[2] Хотамов Н., Саримсаков Б. Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча изоҳли луғати. – Тошкент: Ўқитувчи, 1979. 123-б.

поэтикалық сапа менен бериледи. Мысалы, Бердақтың «Халық ушын» қосығында:

Ермес жақсы пасықлардың сөзине,
Көп берилмес өз басының ҳәзине,
Ғайрат берип, өлгенинше өзине,
Хызмет етер, мудам уллы халық ушын – деген мысалдың

ҳәр бир қатарында «Ермес», «Көп берилмес», «Ғайрат берип», «Хызмет етер» сыяқлы дара ҳәм қоспа фейиллерден болған баянлаўышлардың гәптиң басында қолланылып, тийкарғы мәни жүкленетуғын сөз хызметинде келгенлигин көремиз. Биз усы сөз дизбеклери арқалы жаман пасықлардың сөзине ермейтуғын, өз басының ҳәзине берилмейтуғын, ғайратланып халық ушын мудам хызмет ететуғын лирик қаҳарманның ҳақыйқый келбетин көз алдымызда жанлы сәўлелендиремиз.

Шайыр усылайынша халық түсинигине қонымлы ақыл-нәсият пикирлерин қосықтың ҳәр бир шуўмағына шебер жайластырыўда фигураның инверсиялық усылынан шеберлик пенен пайдаланылады.

Солай етип шайырлардың дидактикалық қосықларының қурылысы, троплардың ҳәм фигуралардың айырым түрлеринен пайданыў өзгешеликлери мәселелерин изертлеў барысында төмендегише жуўмаққа келемиз.

1.Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш шайырлардың дидактикалық қосықларын өзинен алдыңғы халық поэзиясы менен жыраў-шайырлардың дидактикалақ шығармаларынан ажыратып туратуғын сыпатлы белгилер, тек ғана идея-тематикасы менен шекленбестен, қосық қурылысы, форма жаңалығы, көркемлик өзгешелиги мәселелеринде анық көзге түседи. Бул өзгешелик XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятында классик шайырлар дөретиўшилигинде дидактикалық қосықлардың жаңа әдебий қубылыс сыпатында толық қәлиплескенлигинен дәрек береди.

2.Шайырлар кең жәмәәтти ҳәм жеке адамды уллы ҳәм ийгиликли ислерге тәрбиялаўға бағдарланған тыянақлы ҳәм тужырымлы ой-пикирлерин троплар менен стилистикалық фигуралардың хызметинде айрықша сапа менен сүўретлеў арқалы халқымыздың ядында узақ сақланып қалатуғын өлмес руўхый мийраслар қалдыра алды.

# ЖУЎМАҚ

XIX әсир Орта Азиядағы түркий халықлар тарийхында руўхый ҳәм мәдений раўажланыўдың жаңа басқышы сыпатында белгили из қалдырды. Бул әсирде өзбек әдебияты Муқимий ҳәм Фурқаттың, қазақ әдебияты Абай ҳәм Алтынсариинниң, түркмен әдебияты Кеминениң атлары менен жәҳәнге мәлим болса, қарақалпақ әдебияты Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтештиң исимлери менен халқымыз арасына кеңнен белгили болды.

XIX әсирдеги қарақалпақ жазба әдебияты тийкарынан поэзиялық дөретпелерге оғада бай болды. Халық поэзиясы менен Шығыс әдебиятынан нәр алған қарақалпақ шайырлары лирикалық қосықлардың граждaнлық (азаматлық), философиялық, публицистикалық, юмор-сатиралық, айтыс, тәрип, арнаў, ғәззел, мухамес, муҳаббат, дидактикалық ҳ.т.б. жанрлық түрлерин көплеп дөретти.

Биз бул жумыста классик шайырлардың дидактикалық қосықларын ҳәм оның өзине тән өзгешеликлерин белгилейтуғын критерияларды изертледик.

Жумыстың изертлеў барысында атап өтилгениндей, классик шайырлардың өмири ҳәм дөретиўшилигине арналған бир неше илимий мийнетлер жазылды. Шайырлардың қосықлар топламларыда бир неше мәртебе басылып шықты. Бирақ бул изертлеўлерде XIX әсир дидактикалық қосықларын лирикалық түрдиң бир көриниси сыпатында улыўма көлемде айтып өткени болмаса, усы күнге шекем әдебий жанр сыпатында арнаўлы изертленбеди.

Бәлким, бул жағдайлар белгили өзбек жазыўшысы Нусрат Рахматтың айтып өткениндей: «Тарийхымызда сондай пайытлар болып өтти, Европаға жат дәстүрлерге мурнымызды жыйырып қарадық. Буған дидактика жанрын мысал қылып көрсетиў мүмкин. «Совет адамы нәсиятқа мүтәж емес» - деген түсиникти бизге сиңдириўге ҳәрекет етилди. Лекин, биз тәбияттан даналар ҳәм уламалардың үгитлерине мейил ҳәм мүтәж халықпыз. Бул бойынша, әсиресе, парсы-тәжик әдебияты үлкен ғәзийнеге ийе екенлигин ҳәм ата-

бабаларымыз ушын олар өз мүликлерине айланып қалғанлығын атап өтсек дурыс болады. Саадий, Ҳафыз, Қайқаўыс, Жәмий… Қаншелли қәлбимизге жақын адамлар»[1] - болса да олар ҳаққында еркин жазыўға тартынып жасадық. Соннан болса керек, жақын күнлерге шекем классик шайырлардың дидактикалық мазмундағы қосықлары лириканың азаматлық, сиясий, Ўатан-туўылған жер, публицистикалық мазмундағы қосықлары менен аралас түринде сөз етилип келинеди.

Соңғы он жыллық ишинде түркмен халқының уллы классик шайыры Мақтымқулының қосықларын баспаға таярлаўшылар А.Оразов пенен Э.Мулқамановлар: «Мақтымқулының дөретиўшилиги түркменлердиң нәсиятнама китабыдур»,[2] - деп жоқары баҳа берген болса, қарақалпақ алымы К.Мәмбетов өзиниң «Әжинияз» илимий очеркинде «…Әжинияз - Мақтымқулы поэзиясынан нәр алып өскен шайыр. Соның ушын ол да тәлим-тәрбия дидактикасынан кейин қалған емес»,[3] - деген пикирлерин Әжинияз шайырдың дидактика жанрына болған дөретиўшилик қатнасына қарай дурыс белгилеп берди. Әлбетте, бул пикирлер буннан он жыл бурын айтылыўына қарамастан, қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларының пайда болыўы ҳәм қәлиплесиў жолларын, жанрлық өзгешелиги менен раўажланыў тарийхы арнаўлы изертленбеди.

Сонлықтан биз жумысымызда XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятында пайда болған дидактикалық қосықлардың жанрлық өзгешеликлери менен раўажланыў тарийхын тереңирек изертлеў ушын бүгинги әдебияттаныў илиминиң талапларынан келип шығып, сол дәўир әдебиятының өзиншелиги, раўажланыў дәрежеси, шайырлардың дүньяға көз-қарасы менен көркем әдебият ҳаққында түсиник дәрежесин қатаң есапқа алдық.

---

[1] Нусрат Раҳмат. Панд-насиҳатга тобингиз қалай? Ўзбекистон санъати ва адабиёти газетаси, 2-июль, 2004. - № 26/37.

[2] Магтымгулы. III томлиг. I том. – Ашгабат: ДНЧБ, 1992. 3-б.

[3] Мәмбетов К. Әжинияз. - Нөкис: Билим, 1994. 36-б.

XIX әсир қарақалпақ әдебиятында дөретилген дидактикалық шығармаларды әдебий талқыға тартып сондай жуўмаққа келдик, дидактикалық қосықлар лириканың мазмун жанрына киреди. Сондай-ақ дидактикалық қосықлардың тосыннан пайда болмағанлығын, бул жанрға тийкар жасаған дәреклер: әсирлер даўамында атадан-балаға өтип шыңланып киятырған халқымыздың даналық сөзлери болған нақыл-мақаллар менен терме-толғаўлардың өзине тән мазмун ҳәм жанрлық қәсийетлерин ашып бердик. Олардың мазмуны жағынан қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларына тәсир етиў күши анықланып, сап дидактикалық жанр шығармалары екенлиги илимий жақтан дәлилленди.

Жумыста XIX әсирдеги дидактикалық қосықлардың жанрлық өзгешеликлери идеялық-тематикалық бағдарлары бойынша анықланды. Өз дәўириниң алдыңғы қатардағы билимли, талантлы сөз шеберлери Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтештиң дөретиўшилигин Орта әсирдеги диний әдебиятлар («Қуран», «Ҳәдислер», «Шәрият») менен Шығыс классиклери Яссаўий, Бақырғаний, Мәширеп, Мақтымқулының дидактикалық мазмундағы қосықлары руўхый дәрек сыпатында унамлы тәсир етти. Олардың жасаған дәўири ҳәм географиялық орталығы ҳәр қыйлы болыўына қарамастан адам ҳәм жәмийет ҳаққындағы түсиниклери бирдей сәўлеленеди. Усы шайырлардың дидактикалық шығармаларында сүўретленген адамларды әдеп-икрамлылыққа, жақсылыққа ҳ.т.б. улыўма инсаныйлық пазыйлетлерге тәрбиялаўға бағдарлаўшы дидактикалық ой-пикирлерин өз ара салыстырып үйрениў барысында бул мийраслардың идеялық тематикалық, көркемлик жақтан да бири-екиншисин толықтырып, байытып барса да, лекин олардың форма ҳәм стильлик жақтан бири-екиншисинен парықланатуғын, ҳәр бириниң өз дөретиўшилик таңбасы бар екенлиги анықланды.

Жумыста қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларының ҳәр бирин де  көтерилген мәселелерди мазмун ҳәм тематикалық бағдарда жиклеп үйрениўге ҳәрекет еттик. Себеби,  жоқарыда көрип өткенимиздей, қәлеген

дидактикалық әдебият шығармалары өзиниң идеялық-тематикалық бағдарлары бойынша өз ишине бир неше мәселелерди кеңнен қамтып сәўлелендиретуғын болса, қарақалпақ шайырларының да дидактикалық қосықларында төмендегидей темалар қозғалады: а) Ўатанды, туўылған жерди сүйиўге, оны ишки ҳәм сыртқы душпанлардан қорғаўға шақырыў, ел-халық, жәмәәт пенен бирге болыў, бирлесип ис тутыўға бағдарлаўшы ой-пикирлер; б) жәмийеттеги айырым адамлардың, әсиресе, ел басқарыўшы топарлардың зулымлық ислерин ҳәм олардың парахорлық, сүтхорлық, сықмарлық ҳ.т.б. унамсыз әдетлериниң алдын алыўға бағдарлаўшы ой-пикирлер; в) жәмийеттеги социаллық жақтан әззи топарларға (жетим-жесирлер менен ғәрип мискинлерге) жәрдем қолын созыўға ҳәм керек жеринде ғамқорлық етиўге нәсиятлаўшы ой-пикирлер; г) жәмийеттиң бир бөлеги болған ҳадал неке, шаңарақ қурыў мәселесин қозғаған, және де ҳаял-қызлардың теңлиги менен ҳуқықын нәсиятлаўға үгитлеўши ой-пикирлер; д) адамлардың минез-қулқындағы жақсы ҳәм жаман иллетлерди салыстырып, жақсыларынан үлги алып, жаманларынан аўлақ болыўға шақырыўшы ой-пикирлер; е) ата-ананы ҳүрметлеўге, өз гезегинде олар да перзентлер тәрбиясына итибарлы қатнаста болыўына тәрбиялаўшы ой-пикирлер. Бундай алдыңғы идеяларға бағдарлаўшы ақыл-нәсият пикирлерине бай болған дидактикалық қосықлар, лирик түрдиң муҳаббат, Ўатан, туўған жер ҳаққындағы, хошласыў айралық қосықлары менен юмор-сатиралық, тәрийип, арнаў ҳ.т.б. жанрлық түрлеринен мазмун жағынан парықлы рәўиште өзгешеленип турады.

Қарақалпақ шайырларының талантын, дидактикалық қосықларының көркемлик өзгешелигин еле де тереңирек ашыў ушын қосық қурылысы ҳәм троплар менен стилистикалық фигуралардың хызметин анықлаў зәрүр болды. Сонлықтан жумыста дидактикалық шығармалардың қосық қурылысы мәселеси қарап шығылды. Бунда тийкарынан классик шайырлардың дидактикалық қосықларының мазмун ҳәм форма өзгешеликлерин

белгилеўши қосық қурылысын үйрениўде айырым орынларда дидактикалық жанрдың миллий дәреклери болған нақыл-мақаллар менен терме қосықлардың қурылысы да салыстырыла үйренилди. Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтештиң дидактикалық қосықларындағы өлшем, уйқас, бәнт, сөзлердиң ҳәм сеслердиң тәкирарланыўы сыяқлы бир неше бөleклерди айырым ҳәм тутас алып изертлеўлер барысында шайырлардың өз нәсиятларын халық қосықларынан өзгеше формада айтқанлығын көрип өттик. Олар өзлериниң ақыл-нәсият пикирлерин төрт қатарлы 8, 9, 11 буўынлы а, а, а, б тәризиндеги (формасындағы) тәртипли уйқасқа түскен, белгили бир бәнт өлшемине ийе (XIX әсирге шекемги халық қосықлары белгили өлшемге түскен бәнтке ийе емес еди) лирикалық қосықларында көркем сәўлелендирди.

Қарақалпақ шайырларының дидактикалық қосықларының мазмунын троп ҳәм фигураларсыз көз алдымызға келтириў қыйын. Жумыста шайырлардың дидактикалық қосықларында қолланылған троплардың - теңеў, эпитет, метафора, синекдоха сыяқлы айырым түрлерине, стилистикалық фигуралардың - риторикалық сораў, антитеза, параллелизм, қайталаў, инверсия сыяқлы бир неше түрлерине сыпатлама бериўге ҳәрекет еттик. Шайырлардың дидактикалық қосықларында сәўлеленген темалардың, лирикалық қаҳарманның руўхый дүньясындағы өзгерислерди, жәмийетлик қубылыслардың ишки мазмунын ҳәр тәреплеме терең ашыўда шайырлардың троп ҳәм фигуралардың хызметинен утымлы ҳәм шебер пайдаланыў өзгешелигин анықладық.

Солай етип, биз сөз еткен XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятының уллы тулғалары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтеш дөретиўшилигиндеги дидактикалық қосықлар мазмуны ҳәм формасы бойынша да өз дәўири ушын ғана емес, ал ҳәзирги ҳәм келешек өмиримизге де руўхый азық боларлық әдебий мийрас ҳәм тәрбия қуралы болып қалыўы сөзсиз.

# М А З М У Н Ы

**КИРИСИЎ** ........................................................................................................ 3

**I БАП. ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНДА ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ҲӘМ ҚӘЛИПЛЕСИЎ ЖОЛЛАРЫ**

1 - БӨЛИМ. ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНДА ДИДАКТИКАЛЫҚ ЖАНРДЫҢ ТАРИЙХЫЙ ДӘРЕКЛЕРИ ........................................................ 7

2-БӨЛИМ. XIX ӘСИРДЕГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫНДА ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДЫҢ МИЛЛИЙ КӨРКЕМЛИК ДӘРЕКЛЕРИ........................................................................................ 19

**II БАП. XIX ӘСИРДЕГИ ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДЫҢ ЖАНРЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ**

1 - БӨЛИМ. XIX ӘСИРДЕГИ ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДЫҢ ШЫҒЫС ӘДЕБИЯТЫНДАҒЫ ДИДАКТИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАР МЕНЕН ИДЕЯЛЫҚ ҲӘМ КӨРКЕМЛИК БАЙЛАНЫСЛАРЫ. ..................................... 34

2 - БӨЛИМ. ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДЫҢ ИДЕЯЛЫҚ-ТЕМАТИКАЛЫҚ БАҒДАРЛАРЫ ................................................................. 65

**III БАП. XIX ӘСИРДЕГИ ДИДАКТИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДЫҢ КӨРКЕМЛИК ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ**

1-БӨЛИМ. ДИДАКТИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДЫҢ ҚОСЫҚ ҚУРЫЛЫСЫ МӘСЕЛЕСИ ......................................................................... 93

2-БӨЛИМ. ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДА ТРОПЛАР ҲӘМ СТИЛИСТИКАЛЫҚ ФИГУРАЛАРДЫҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎЫ ...................... 117

**ЖУЎМАҚ**.......................................................................................................... 138